BABAD PAKUAN
ATAU
BABAD PAJAJARAN
I

BABAD PAKUAN
ATAU
BABAD PAJAJARAN

I

ꦧꦧꦢ꧀ꦥꦏꦸꦮꦤ꧀

ꦈꦠꦮꦶ

ꦧꦧꦢ꧀ꦥꦗꦗꦫꦤ꧀

Diterbitkan oleh:

PROYEK PENGEMBANGAN MEDIA KEBUDAYAAN
DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
J A K A R T A
1977

KATA PENGANTAR

Dalam rangka melaksanakan pendidikan manusia seutuhnya dan seumur hidup, Proyek Pengembangan Media Kebudayaan bermaksud meningkatkan penghayatan nilai-nilai budaya bangsa dengan jalan menyajikan berbagai bacaan dari berbagai daerah di Indonesia yang mengandung nilai-nilai pendidikan watak serta moral Pancasila.

Atas terwujudnya karya ini Pimpinan Proyek Pengembangan Media Kebudayaan mengucapkan terima kasih yang sebesar-besarnya kepada semua fihak yang telah memberikan bantuan.

PROYEK PENGEMBANGAN MEDIA KEBUDAYAAN
DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

PIMPINAN

DAFTAR ISI

KETERANGAN SINGKAT

A. NAMA NASKAH

Transkripsi ini diambil dari wawacan *Babad Pakuan* atau *Babad Pajajaran.* Pupuh yang digunakan hanya 9 macam yaitu: *8 sekar macapat* atau *sekar alit* (Kinanti, Sinom, Asmarandana, Dangdanggula, Pangkur, Durma, Pucung dan Magatru) dan *1 sekar Macatri* atau *sekar Tengahan,* yaitu Mijil.

Naskah ini merupakan saduran dari babon yang lebih tua. Menurut penjelasan penulisnya, bagian pertama sampai penobatan Siliwangi (mungkin juga dimaksudkannya Guru Gantangan, karena ia hanya menyebutkan Sang Nata), disebut *Babad Ratu Sunda* yang menjadi pegangan silsilah para Bupati Priangan. Sejak periode *burak Pajajaran* sampai pemerintahan Geusan Ulun di Sumedanglarang disebut *Babad Sumedang.*

Babon yang dijadikan sumber kutipan mulai ditulis pada hari Rabu tanggal 6 Jumadil Akhir tahun Dhal, Hijrah 1230 (Masehi 1816), dan selesai pada hari Kamis tanggal 8 Muharam 1231, Hijrah 1231 (Masehi 1816). Disempurnakan pada bulan Rajab tahun Bo, Hijrah 1232 (Masehi 1817). Jadi pada waktu Sumedang didalemi Pangeran Kornel (Aria Kusuma Dinata).

Penulis naskah sendiri memulai pekerjaan pada hari Minggu tanggal 21 Jumadil Awal, tahun Je, Hijrah 1278, dan selesai pada hari Sabtu tanggal 22 Syaban tahun itu juga; bertepatan dengan tanggal 22 Februari tahun 1862 Masehi.

B. BAHASA DAN EJAAN

Bahasa yang digunakan Jawa Sunda yang pada dasarnya masih sama dengan naskah-naskah atau dialek Cirebon. Sintaksis dan gaya bahasanya kelihatan Sunda. Seperti juga halnya dengan

ejaan bahasa Jawa di daerah pantai Cirebon, tampak adanya ejaan yang tidak konsisten, terutama pada penggunaan konsonan *d* dan *dh*. Demikian pula *t* dengan *th*. Huruf yang digunakan adalah *cacarakan Jawa* dengan unsur-unsur yang lebih tua, karena ada beberapa huruf yang dalam cacarakan Jawa Barat tidak terdapat, yaitu: *ṭa* ( ), *pha* ( ) dan *ṣa* ( ).

Penulisannya rapih meskipun di sana sini ada beberapa kekeliruan akibat kepenatan dan kepegalan tangan yang umum dan tidak dapat dihapus. Beberapa huruf kadang-kadang ditulis hampir sama bentuknya *(ha* dengan *ta*, *da* dengan *nga*, *pa* dengan *ma*, *na* dengan *sa*, *ba* dengan *ka)*. Juga tanda *taling (paneleng)* sering sama bentuknya dengan tanda *wisarga (Pangwisad)*.

C. ISI NASKAH

Bagian pertama mengisahkan keadaan pulau Jawa yang masih kosong sebagai pengantar untuk permulaan berdirinya kerajaan Galuh. Bagian ini ditutup dengan penobatan Prabu Siliwangi. Sebagian besar bagian ini berisi kisah Aria Bangah (Rahiang Banga) dengan Ciung Wanara (Manarah) dengan mengikuti pola babad yang umum yang mengarah kepada pembagian kekuasaan di pulau Jawa antara Majapahit dengan Pajajaran.

Inti kisah *Babad Pajajaran* (sebenarnya lebih tepat dinamakan *Wawacan Guru Gantangan)*, sangat mirip dengan lakon Mundinglaya Dikusumah. Sumber kisah ialah: Mimpi Prabu Siliwangi. Guru Gantangan pun naik ke langit; juga pernah mati dan hidup kembali. Dalam pengembaraannya ia diiringi oleh *Gelap Nyawang* dan *Kidang Pananjung* dan dalam perjalanan mencari *Ratna Inten* (Mimpi Prabu Siliwangi) ia menaklukan *Yaksa Jongrang Kalapitung*. Perbedaan hanyalah pada tokoh ibunya. Ibu Mundinglaya disebut *Padmawati*, sedangkan ibu Guru Gantangan bernama *Kentringmanik Mayang Sunda*. Akan tetapi nama Pad-

mawati justru unik, karena tidak terdapat atau tercantum dalam sumber-sumber lain yang menyebutkan istri-istri Siliwangi. Sebaliknya nama Kentring Manik Mayang Sunda banyak disebut dalam sumber lain, termasuk kropak 410 *(Carita Ratu Pakuan)* yang menyebutkan secara lengkap para istri Ratu Pakuan.

Pamongmong Guru Gantangan ada tiga orang dengan Purawa Kalih. Di kalangan masarakat Bogor ia lebih populer daripada Gelap Nyawang dan Kidang Pananjung, karena salah satu patung kuno di daerah Batutulis dikenal penduduk setempat sebagai *Patung Purwakalih.* Perbedaan menyolok antara lakon Guru Gantangan dengan Mundinglaya, hanyalah terletak pada *bumbu ceritera.* Kisah Guru Gantangan lebih lengkap dan lebih romantis. Satu gejala perbedaan yang umum dan logis antara tradisi (lisan) pantun dengan tradisi (tertulis) babad: dengan membandingkan posisi masing-masing terhadap tokoh Siliwangi posisi sekunder dalam hak waris dan posisi sebagai pengganti setelah perjuangan dan penderitaan yang berat), dapatlah diambil kesimpulan, bahwa tokoh Guru Gantangan (dalam babad) sama dengan tokoh Mundinglaya (dalam pantun).

Dari segi lain, ada indikasi bahwa tokoh Guru Gantangan sama dengan tokoh Surawisesa dalam kropak ceritera Parahiangan. Ia adalah keponakan Sang Murugul penguasa Sindang Barang yang terkenal sebagai Senapati (pamuk) Pajajaran, Mantri Agung Murugul ini terkenal dengan sebutan Surabima. Dua di antara empat orang putranya bernama Sura Subat dan Surakandaga. Dalam suatu negara yang rajanya beristeri banyak (menurut naskah ini, istri Prabu Siliwangi ada 151 orang), kedudukan putra raja menurut garis ibu sangat menentukan. Mungkin predikat *sura* ini berasal dari kakeknya (ayahnya Kentring Manik). Bila benar Guru Gantangan identik dengan Surawisesa, ia cukup menarik untuk disoroti dari segi sejarah; sebab kemungkinan tersebut akan menetapkan Guru Gantangan sebagai peran utama

dalam tiga peristiwa besar. Pertama Guru Gantanganlah yang membuat prasasti Batutulis di kota Bogor yang mengabadikan silsilah dan karya-karya Sri Baduga. Kedua, Guru Gantanganlah yang memimpin perutusan Sunda ke Malaka dalam tahun 1512 dan 1521 untuk menemui Alfonso d'Albuquerque. Ketiga, Guru Gantangan pulalah yang membuat perjanjian dengan Portugis (perutusannya dipimpin oleh Hendrique de Leme, ipar d'Albuquerque) di Pakuan pada tanggal 21 Agustus 1522. Jadi dialah yang disebut sebagai Ratu Samiam [Ratu (daerah) Sangiang] dalam berita Portugis. Masa pemerintahannya pun dapat ditetapkan, yaitu antara 1521/1522 – 1535. Dalam naskah ini ia dilukiskan sebagai salah seorang yang banyak melakukan pelayaran. Semua ini untuk menetapkan kebenarannya masih memerlukan penelitian lebih lanjut.

D. GAMBARAN PENULISNYA

Yang juga cukup menarik ialah pengetahuan penulis yang luas tentang *jenis kesenian dan senjata.* Hal ini minimal dapat dijadikan gambaran pada jamannya (abad ke XIX awal) tentang jenis kesenian yang hidup di masarakat dan jenis senjata yang biasa digunakan dalam perang waktu itu. Ia pun tampaknya seorang pencinta laut. Penulis naskah akan segera, tenggelam dalam keasikan bila ia melukiskan keramaian *seni, pelabuhan* dan *perang senapan.* Dikhayalkannya pelabuhan Siem itu, seperti Pamanukan. Dalam pengembaraan Guru Gantangan, tidaklah kita jumpai petapa atau pendeta seperti biasanya terdapat dalam naskah-naskah Sunda yang kemudian, melainkan selalu kita temukan *nakhoda* dan *syahbandar.* Pengawal pribadinya yang utama

pun kakak beradik penguasa laut (Dewa Sagara dan Buta Sagara). Gaya pantai ini tampak pula dalam bahasa serta ejaannya.

E. TRANSLITERASI

Karena naskah berbentuk pupuh, kekeliruan yang terjadi pada umumnya terletak pada kekurangan atau kelebihan *guru-wilang*, bahkan juga kekurangan pada *lisan*. Untuk kekurangan diadakan *addenda* dalam tanda ( ); untuk kelebihan diadakan *disenda* dengan tanda / /.

Nomor *pada* (bait) dari 1309 meloncat ke nomor 1340. Hanya kekeliruan nomor saja; naskahnya tetap berurut (tidak terlewat).

Vokal o (ejaan biasa eu) dalam terjemahan dipakai khusus bagi nama-nama diri. Karena bahasa Jawa tidak mengenal vokal tersebut, maka dalam naskah vokal tersebut diubah menjadi e (pepet):

örön	menjadi	*eren*
hölang	menjadi	*elang*
badör	menjadi	*bader*

Kemudian *löhöng* (mending) diubah menjadi lohong dan dölö (lihat) menjadi *dulu*.

Istilah babad dalam kesusasteraan di Jawa Barat merupakan gejala yang umum dalam abad ke XIX dan awal abad ke XX. Dalam abad ke XVI — XVIII, istilah yang digunakan biasanya "carita". Istilah *sejarah* digunakan di Banten dalam abad ke XVII, tetapi di Priangan Timur baru digunakan oleh para pengarang dalam awal abad ke XX.

Bahasa yang digunakan adalah "Bahasa Jawa Cirebon" abad ke XIX dengan campuran unsur Sunda, sehingga banyak kata-kata yang tidak dikenal oleh orang Jawa dan orang Cirebon dewasa ini. Juga dalam kamus-kamus bahasa Jawa.

PENYALIN

Drs. Saleh Danasasmita
Drs. Atja
Drs. Nana Darmana

I. DANGDANGGULA

1. Wonten malih dhapuring panganggit; kang kocapa nusa Ara-ara; suwung tan wonten isiné; mung masih déwa kayu; déwa watu pan isinéki; purwa wonten manusa; kawitané iku; mapan wonten ratu krama; nulya krama angsal putri raja Mesir; Sri Putih wastanira.

2. Ratu krama muwah garwanéki; pan pinarnah ing nusa Ra-ara; sarya kathah babaktané; titiang kalih éwu; kang sanembang wong saking Mesir; kang sanembang saking Sélan; lan sung wit jawawut; mulanipun angsal nama; nusa Jawa réh nandur jawawut mangkin; yén kala sapunika.

3. Nulya énggal kinarya nagari; sarya adeg ratu pulo Jawa; ing Medhang Kamulan goné; cirén nagari gunung; gunung Medhang Kamulan inggih; lami dados nagara; wewah cacahipun; pan dados cacah saleksa; nulya ngalih dhateng gunung Kidul inggil; damel malih nagara.

4. Cacahipun salaksa pan masih; tan alawas ngalih malih énggal; dhumateng ing Ngandong Ijo; kinarya malih gupuh; samya énggal damel nagari; tiang cacah salaksa; tan kurang tan wuwuh; nunten ngalih malih énggal; mring Lodaya nulya adamel nagari; cacah masih salaksa.

5. Tan adangu nulya ngalih malih; ming Lodaya ngalih dhateng Roban; karya nagara ing mangké; cacah salaksa mutung; tan antara angalih malih; saking Roban punika; dhateng Lombok gupuh; kinarya malih nagara; amung cacah salaksa kathahé masih; tan wuwuh tan akirang.

6. Saking Lombok nulya ngalih malih; dhateng Medhang Agung ngalihira; inggih Galuh sajatiné; damel nagari gupuh; wonten Bojong Galuh ing mangkin; sampuna lawas-lawas; wewah cacahipun; kala dados ing ngarika; pan salaksa wolung éwu kathahnéki; iku tabet nagara.

7. Tabet nagari Binuang dhingin; sasampuné Binuang punika; amung kantuning putrané; nanging boten cinatur; sabab bongsa siluman mangkin; muwah bongsa sileman; wonten sing ngariku; sasampuné sapunika; kawuwusa nagara kang sapuniki; iku nalikanira.

8. Nagri Medhang Agung Galuh mangkin; kathah tiang sakit sanget pisan; miwah salebet karaton; boten angsal dhudhukun; sumawona husada mangkin; gegering sampun lawas; kathah tiang lampus; tan kéthanging kathahira; sri naréndra nunten angandika asrih; héh patya mangkubumya.

9. Patih agé ngulati jajampi; atawa tatombané wong lara; dhateng puthut cantrik agé; undang bagawan luhung; saking gunung Sirata gelis; kya(n) patih énggal miang; anjajahing dukuh; mider-mider lampahira; tan antara amanggih dusun satunggil; Cibungur wastanira.

10. Boten keni sadhaya panyakit; pan kyan patya énggala tatanya; dhateng piniwedrah mangké; héh pinitua ingsun; apa sabab ing dusun iki; gegering ora kena; mara agé tutur; tuturana marang ingwang; panulupan nulya énggala mangsuli; inggih nuhun bendara.

11. Purwanipun kaula ngilari; punang paksi panulup kaula; mider-mider langkung adoh; kalunta dhateng gunung; manggih

tiang amangun téki; kula kén jagong ngrika; sor patapanipun; punika kiai ajar; nulya nabda dhateng kaula agelis; nabda héh panulupan.

12. Aja sira tulup ingsun iki; gih kiai boten pisan-pisan; kaula yén nulup mangké; wangsul kula puniku; kyai ajar ngandika malih; héh panulupan sira; aja gémén tulup; iku ingon-ingon ing yyang; boten pisan kaula jeng pindah paksi; yén ngariku singidan.

13. Nulya kyai ajar angling malih; mring kaula héh ki panulupan; aluk agé mulih baé; ming désanira iku; anggur sira dén ati-ati; raksa wewengkonira; karana ing bésuk; ana gagering rep teka; sanget pisan matur kaula wangsuli; yén sih marang kaula.

14. Kyai ajar énggal kon amulih; pan kaula mangké jeng uninga; anedha dunga kémawon; kyan ajar nulya gupuh; sigra migan kya ajar gelis; énggal dén paringena; sing kaula nuhun; karsa wuwuruking kula; yén (sa) dhateng griya agya (a) semburi; sepahmu semburenan.

15. Saibering wewengkon dén gelis; temu gelang désa wawatesan; semburena radhin kabéh; satunggal sedhah lukun; pendemening ing latar gelis; nunten kula mit medal; piwulang dén turut; sapiwejang kyai ajar; sampun tutas catur periksa kuléki; kula mung sapunika.

16. Kyai patya angandika aris; panulupan endi pernahira; ajar sinakti ta mangko; pun panulupan matur; pernah ajar wontening ukir; ukir Balmi katelah; pan saking ngariku; sarta anginggil priyongga; kyan apatih samangke sampun miarsi; hatur pun panulupan.

17. Sampun tutug ki patih miarsi; langkung bungah manahe kyan patya; sary a(nga)ndika alon; héh panulupan payu; mara pada lunga amaning; murugana ki ajar; poma dén agupuh; ja salempang atinira; pasti gedhé ganjaran saking sang aji; yén mangké iku ajar.

18. Timbalana ajar dén agelis; dhé sang nata dhateng ing nagara; sampun dawuh timbalané; pun panulupan matur; gih sumongga kaula mangkin; ki panulupan nembah; pan énggal lumaku; boten kacatur ing marga; tan na dangu praptaning ajar tumuli; ajar tan kasamaran.

II. ASMARANDANA

19. Kayi ajar aningali; maraning ki panulupan; gupuh ki ajar atakén; bagéa ki panulupan; inggih nuhun kaula; pramila kaula munjuk; kapotus déning sang nata.

20. Nimbali sampéan mangkin; énggal dhateng ming nagara; wis kawedal pihaturé; pihatur ki panulupan; kyan ajar angandika; arep apa ngundhang gupuh; mangké karsa sri narendra.

21. Mulané sun dén timbali; salawas dadi naléndra; ora ngaku maring ingong; kira jeng apa naréndra; gé tutur marang ingwang; matur panulupan gupuh; (ing)gih nuhun kyai ajar.

22. Réh sadhaya-dhayanéki; enggén kaula lumampah; tan wandé sampéan mangké; tingali karsa sang nata; ki ajar angandika; wondéning karsa (sang) ulun; ingsun pan wus weruh uga.

23. Kamaha dhahar sang aji; dadi sun rep ngalab lalap; gawé dhingin jajanganė; badé katur sri naréndra; dopi sampun samakta; enggoné ki ajar ngunduh; lalab pan sigra lumampah.

24. Boten kacatur ing margi; ki ajar sampuna dungkap; dhateng nagara sang katong; tekéng sinéba wong kathah; para mantri sadhaya; andangu ki ajar rawuh; merpeké sampun li(ng)gia.

25. Linggih jajar lan sang aji; sarta ngaturi janganan; sang nata atampi alon; tinarimakaken énggal; sasampuné mangkana; ki ajar pan énggal matur; hé sang nata jeng punapa.

26. Sang nata ngundhang kuléki; saréh puniki nagara; nagri jeng andika mangké; punika kénging sasalad; kalangkung sangetira; nagara mulya puniku; sri naréndra angandika.

27. Héh ajar sun undhang gipih; pan ingsun lagi kéwuhan; samangké gagering akéh; akéh wong mati tan kéthang; sun kon waluyakena; wong iki aja kéh lampus; waluyakena sadhaya.

28. Ki ajar pan amangsuli; awongdéning kang nagara; aja kongkon marang ingong; anambadhani punika; kudhu kang duwé nagra; kon gawé waluya iku; dopi sang (nata) miarsi.

29. Pitutur ajar puniki; bendu tan sipi sang nata; sarya ngandika marongos; héh ajar yén si(ng) mangkana; ya sira gawé ala; mengko marang nagaraku; nganti suntamba nagara.

30. Sun jaluk gethih siréki; lah kong sia mati pisan; ki ajar mangsuli alon; héh sang nata primén karsa; ing kono jeng andika; nanging jajaluka ingsun; yén kongsia ingsun pejah.

31. Bésuk arep dadi aji; sang nata pan angandika; kapriyén karepmu baé; sasampunira mangkana; mangka ajar punika; way sigra kondur mantuk; dhateng ing patapanira.

32. Ing ngriku sri narapati; sanget bendune kalintang; réh ajar mantuk enggoné; gupuh sang nata potusan; dhatenging ulu balang; kawan dasa kathahipun; sarta kinén amampira.

33. Ing dukuh Cibungur mampir; pati(ng)giné dikén bakta; badhé réncang nusul mangko; la yén pinanggih ing marga; kinén dén paténana; saréncangé kudhu katut; sasampunira mangkana.

34. Sri naréndra ngandika srih; héh ya patih lumakua; kya patih gancang lampahé; anusula dhateng ajar; tan cinatur ing marga; tan adangu nulya rawuh; prapta ing ukir Balmika.

35. Patapan ajar puniki; gupuh kyan patih anyandak; ajar binanting dén agé; nulya sinudukan pisan; nanging boten tumama; lir pendah goning sinuduk; kadhi mrerang kukus brama.

36. Kya patih anulya angling; héh ajar kenapa sira; kerisan tan miatané; pa ora dén tégakena; badhanmu marang ingyyang; kitajar ngandika alum; patih pakanira uga.

37. Ora anduwéni pamit; wicaraha maring ingyyang; patih metu susumbaré; primén karepira ajar; sanajan ingsun uga; samengko tan arep mundur; masih malepuh ing tangan.

38. Nyekel keris tan ngenani; bagén tan kena curiga sasampuné samangkonon; ki patih goné mrajaya; asru pangucapira; héh ajar temen siréku; ora gelem asrah badan.

39. Tan taluk mring ratu mami; ki ajar nulya mangsuli; yén arep kena kerisé; keris ki patih maring yyang; tan wandé kena uga; kapariméning karepmu; nuduk sing pungkur sing ngarsa.

40. Ki patih ngandika asrih; hé ajar keris manira; kudhu kenakaken baé; kerisku ming pakanira; kudhu metu rudira; mapan ki ajar sinuduk; kadya nuduk lumbuhika.

41. Boten wonten rasanékih; ora ana kulitira; pan sinuduk malih agé; kacep duhung kyan apatya; nulya gethihé mutah; mudhal kongsi anyenyembur; lir toya medal jembangan.

42. Ki ajar pan gesang masih; boten mosik boten mobah; yén sinuduk saliranė; lebur déning kaninira; kyan (a)patya anabda; héh ajar pan prianggamu; sakti tapi gawé ala.

43. Atatapa mangun téki; tapi tan tau ing akal; kaya polaha samangko; ki ajar mésem mangucap; héh patih samangkana; apa wus pegel atimu; heman wong dadi papatya.

44. Wadhak atiné ki patih; pan wau pan jalukira; uwis sun turuti baé; kongsi metu gethin ingyang; nanging masih huripa; samengko primén karepmu; patih asru wuwus ira.

45. Hé ajar sun kang jaluki; samangko ing patinira; mara tégakena baé; samangke ming gusti ingwang; ki ajar amangsula; humatur saur gumuyu; héh patih wong anom sira.

III. SINOM

46. Héh patih mengko sadhéla; kudhu sabar rena dhingin; réh ingsun manggih carita; wong nilih kudu amulih; wong ngutang dén sauri; dén bener tarimanipun; mauné karepira; dén turutaken ing mami; nanging ingwang dén suwékakening sira.

47. Sejamu arep mejaha; iya wéh sun dén sambuti; ajar anabda punika; nulya ajar anibani; pan pejah tibéng siti; gethih nijil dadi banyu; sasampun samangkana; bandusaning ajar mangkin; nulya énggal bandusan dén obongena.

48. Kyan patih nulya aminggah; dhateng ing patapanéki; wonten sainggiling arga; patapaning ajar mangkin; tan mendak wong sawiji; mung manggih kucing puniku; sigra pan pinejahan; isi patapan samangkin; pan sadhaya sami dipun alapena.

49. Sumawon pagénan tapa; ingkang rata lemah inggil; hadan dipun ruwagena; sampun tutug sapuniki; gémén mudhun kyan patih; kéring déning réncangipun; samya mantuk sedhaya; kersa maturing sang aji; tan kocapa ring marga pan sampun prepta.

50. Kyan patih saréncangira; tan adangu nulya prapti; énggal dhateng ing nagara; mendek karsané sang aji; sang nata ngandika srih; mring panulupan agupuh; lan patingginé pisan; Cibungur sun arep uning; marang sira kala dhingin nemu ajar.

51. Manggih ring gunung Balmika; mara tuturan mring mami; aki panulupan nembah; matur dhatenging sang aji; nuhun kaula gusti; kawondénten purwanipun; mider-mider kaula; nunten kaula amanggih; buron alas wasta ganggarangan péthak.

52. Warnané gumawang-gawang; dopi kaula mrepeki; nunten malajenga tebah; mandeg kang ngantos kuléki; dopi kula tutuki; sayan tebih lampahipun; mandeg nolih kéntasa; dhateng gunung Padang aglis; mulanira kaula amanggih ajar.

53. Ajar ling dhateng kaula; jaré aja anulupi; iku ingon-ingonira; wasta ganggarang(an) putih; aluk jagong ngariki; ingsun arep takon weruh; nangendi omahira; nulya kaula ma(ng)suli; désa kula Cibungur griya kaula.

54. Pan kula dikén bangsula; réh badhé dhateng panyakit; kaula lajeng uninga; kaula matura gelis; nunten ajar mucangi; sepah dén paringi gupuh; lan suruh mamacakan; mung satunggil kathahnéki; wurukira dén semburena mring griya.

55. Satunggal pinendem latar; sepah énggal dén semburi; sumawona wawatesan; sawewengkerané iki; wuruk ajar dén nuti; sadhaya kaula turut; milané datan kena; déning sasalad samangkin; sapunika gusti pralampah kaula.

56. Tamating pihaturira; panulupan nembah aris; sang nata kénteling manah; kaduhung kon anelasi; majahi ajar mangkin; punika ajar satuhu; lah iya wis mangkana; ajar iku wis pinasti; wus untungnya ora kena ing owahan.

57. Sasampuné angandika; sang nata malebéng puri; kawarta lampahing ajar; nalikané dén paténi; ing gunung Padang iki; gethihé pan dadi banyu; Cilawukung kang wasta; tumurun dhateng jaladri; ing sagar Kidul toya kang patunggal.

58. Lan anjong nusa Kalapa; kali Jaketra wastéki; ing ngariku sri naréndra; duk ing sipéng nulya guling; ayun apulang rasmi;

kalayaning garwanipun; garwa kakasih ika; anyidam kaworan singgih; sapunika sampun dados wawetengan.

59. Awatawis gangsal wulan; sang nata mios ing wingking; ninis pungkur padhaleman; kalih ingkang garwa mami; ingkang wawrat puniki; sasampun lenggah ing ngriku; éca enggén linggi(h)a; sang nata ngantuk sadhidhik; méh kajengkang néndra nunten anyupena.

60. Miraos kalih punika; kang wonten ing jasadnéki; salebeting wewetengan; garwa kang lagi garbini; nyata ajar puniki; anggugahaken sang prabu; pangucapa ki ajar; alamaté sapuniki; héh sang nata jeng dika héman mring kula.

61. Kula ayun mulang tamba; males pulih mring sang aji; dhumatenging jeng andika; dopi sang nata anglilir; nulya mulat kapati; kiwa miwah tengenipun; nulya nolih ing wuntat; tan wonten tiang satunggil; apratéla punika rarasanira.

62. Sang nata énggal mariksa; dhateng garwanipun aglis; sapa cacalathon ika; marang ingsun ing saiki; kang garwa amangsuli; gaula boten sumaur; aming wonten soara; lebet weteng kula ngriki; lah alukan wau sampéan ngandika.

63. Sampéan ngandikakena; iya sun lagi kangeni; (hu)wus dénaken kéntasa; maka sang aji mangsuli; yén ing(sun) sampuniki; samangko tarimaningsun; wus dadi hutangira; prajangjiné duk ing dhinging; sasampuné mangkana sang sri naréndra.

64. Kocap jeng putra sang nata; Rahadyan Tanurang mangkin; Tanurang Aria Banga; tinimbalan dén sang aji; tan dangu

nulya prapti; dhateng ajengan sang prabu; sri naréndra ngandika; hé putra ingsun samangkin; sun srahena iki nagara sadhaya.

65. Agé prentahéna énggal; wondéning ingsun pribadi; arep bagawan kéwala; mung pandhé sun dén juputi; cacahé dhomas mangkin; Radén Tanurang wawangsul; matur dhateng kang rama; inggih nuhun jeng ramaji; bab punika prakawis pun pandhé dhomas.

66. Awondénten kathahira; dados tigang dhomas mangkin; nanging kirang wong satunggal; pramila kirang satunggil; natkalané rumiyin; dhateng sabrang késahipun; kang winastanan Ajal; késah dhatenging nagari; purugipun marang nagari Suriah.

67. Kinén damel duhung kina; muwah kinén damel bedhil; sadéréng pun pandhe késah; punika dipun sukani; paréntaha mimiti; damel kadah bedhil kruhun; sampun damel sanjata; nunten damel duhung aglis; sigegena paguneman carang waspa.

IV. PANGKUR

68. Kocapa garwa sang nata; kang adarbé wawetengan puniki; punika garwa sang prabu; wis dongkap jangji medal; sampun dungkap sanga sasih jangjinipun; wawedé jaler kang putra; bagusé kapati-pati.

69. Dopi sampun siniraman; pan punika wau kang jabang bayi; sigra kinén selir gupuh; matur mring sri naréndra; inggih nuhun kaula Gusti jeng ngatur; nguninga mring sri naréndra; ratu mas wawedé aglis.

70. Jaler éndah warnanira; amiarsa ika sri narapati; pihatur selir puniku; sareng nulya ngandika; sri naréndra; héh bocah wadon sing gupuh; prakara babayi lanang; agé gawanen mariki.

71. Sun rep weruh rupanira; sasampuné mangkana iku selir; tan adangu nulya rawuh; angaturaken putra; nulya katur ingajengan sang aprabu; pan sampun kahaturena; punika ponang babayi.

72. Sigra sang nata tumingal; dhateng putra jaler masih babayi; nulya dinulangan racun; miwah upas baruang; nanging boten babayi tan purun lampus; msih walujeng kéntasa; sayan weweh cahyanéki.

73. Hémeng manah sri naréndra; rehing putra warnane sayan becik; sri narendra ngandika sru; heh patih iku bocah; kasrahena marang sira patih iku; sarta buangen den enggal; marang Citandu(y) den aglis.

74. Dopi sampun dinawuhan; kyan apatih sigra lumampah gipih; punang bebayi binantun; tan wonten kang uninga; sipéng

kinten jam ro welas ingkang pukul; nulya rawuhing bangawan; hadan binuncal babayi.

75. Sampun makaten kyan patya; saréncangé sampun wangsul tumuli; dhateng nagara humatur; gih nuhun sri naréndra; pan kaula kinén ambirati wau; ambirat putra sampéan; ing mangké sampun lastari.

76. Ya sukur yén wis dén buang; luwih bungah manah ingsun ing mangkin; kasigeg lampah sang prabu; kocap Ki Balangantrang; lagi masang babara kalaning banyu; angimpi katiban lintang; marang awaké pribadi.

77. Anglilir Ki Balangantrang; nulya tangi papajar marang rabi; réhing ngimpi sapuniku; katiban lintang mubya(r); cayanira murub mubyar pabang mancur; rabine umangsul gancang; prewatek nemu pakolih.

78. Kupu wong lanang ing bénjang; bénjang-énjang babara dén tiliki; tan wandé babara cukul; dopi ayun rahina; sigra-sigra Aki Balangantrang gupuh; mang katingali babara; tiningal mubyaring warni.

79. Cahyanipun gilang-gilang; nulya Aki Balangantrang mrepeki; nanging anggarap tan purun; saking wedos kalintang; déning cahya kalangkung-langkung amurub; dipun dangu murub ical; katon kandaga mas adi.

80. Sigra Aki Balangantrang; danaga mas nulya pan dipun cangking; jinunjung binuka gupuh; kanaga nur kancana; nyata isi jabang bayi langkung mancur; sarta pangang(go)né pisan; aki bungahé kapati.

81. Aki Balangantrang minggah; dhateng dharat sarya (a)-mbeluk rabi; héh nini papagen gupuh; impén ingsun kape(n)dak; sing babara kapanggih cahyané mancur; daulat dén enggo anak; Nini Balangantrang tampi.

82. Nulya sinusonan énggal; nulya medhal pambayun toya-néki; kados tiang anom iku; sampuna lawas-lawas; Balangantrang sayan kathah artanipun; dopi wus saged rerasan; éca adahar pribadi.

83. Wicanten rare punika; Bapa Balangantrang sun tatakoni; pundi rama bia(ng) ingsun; bapa biang puponé; gih bendara aja takon rama iku; rama Bapa Balangantrang; ibu Balangantrang Istri.

84. Héh bapa sun takon iya; ming ujare si Bapa biang mang-kin; Ki Balangantrang sumaur; ya soteh bapa biang; inggih pupon ing babara purwanipun; dopi saweg darbeng akal; laré micanten dén aglis.

85. Héh Bapa Ki Balangantrang; sun anterna maringing rama aji; miwah ta ing ibu ningsun; kéné wus ora betah; Balangantrang sanget ing panyegahipun; Ki Balangantrang darbéa; duwéng pikir kaping wuri.

86. Tan paraos mupu anak; dhateng radén ujaré sapuniki; Ki Balangantrang sumaur; héh nyai tan kaduga; mupu anak ingsun batiné kasanggup; yén raré kadi mangkana; ya srahena baé gelis.

87. Srahena ming dulurira; dhateng pandhé kang wonten ing nagari; pandhé Ajal wastanipun; Ki Balangantrang nabda; kapa-rimén karepé ing kono iku; ingsun manuta wong lanang; sigeg micantun mucungi.

V. PUCUNG

88. Kang kocapa potusanira sang ulun; kinon angupaya; buron alas banténg sapi; kancil kidang manjangan kang dipun arah.

89. Dhateng wona réncangé gumer gumurh; manjing medhal wana; ngilari marang enggoné; kawuwusa anak pupon Balangantrang.

90. Salin wasta Radén Jaka wastanipun; kagét manahira; Radén Jaka apitakon; dhateng Bapa Balangantrang iku apa

91. Iku uwong lagi apa pan gumuruh; sami surak-sura. Balangantrang ngucap alon; ku utusan sri ratu buru manjangan.

92. Radén Jaka anulya atakon gupuh; prakaraning nata; iku kaprién rupané; Balangantrang ratu iku gusti kita.

93. Kang adarbé nagara ing sapuniku; wondéning rupanya; luwih wedi asih kabéh; Raden Jaka, héh bapa mumaratala.

94. Ha(n)ter ingsun kapéngin weruh sang ratu; Aki Balangantrang; ma(ng)suli héh anak ingon; layén hajeng Radén Jaka mring nagara.

95. Gih sumongga bener pisan anak ingsun; kudhu ambabaktan; babara dén pasang mangko; malah mandar babara angsaling ualam.

96. Radén Jaka takén marang puponipun; layén uwis teka; mring nagari ing samangko; sapa sanak si bapa Ké Balangantrang.

97. Amangsuli Ki Balangantrang dén gupuh; yén takéning sanak; lurah pandhé dalem mangké; ingkang nyangking punika pandhé sadhaya.

98. Wastanira Ki Ajali namanipun; kakasih sang nata; ing pinggir marga griyané; ngarep maring alun-alun pernahira.

99. Enggénipun micanten kala ning dalu; dopi sampun siang; samakta ing babaktané; ming nagara Ki Jaka nganggé sandhangan.

100. Saking griya Ki Balangantrang amantuk; kalih anakira; Ki Balangantrang puponé; pikulané andaru ing lampahira.

101. Radén Jaka aningali ing pananggung; nulya amiarsa; abané paksi ta mangké; sainggilé kayu ramé mangsa wohan.

102. Radén Jaka tumingal dhatenging manuk; lagi mencok ingwang; Radén Jaka atatakon; iku aki manuk apa aranira.

103. Bagus pisan ireng warnané di hulu; ing kupinging paksya; kaya nganggo susumpingé; pantes pisan sambada lan dedegira.

104. Ingsun demen pisan aningali manuk; pan Ki Balangantrang; haturé iku wastané; manuk ciung paksi arané punik.

105. Dipun liwat punika kang manuk ciung; pan manggih wanara; Radén Jaka apitakon; héh Blangantrang iku apa aranira.

106. Kaya ewong rarangkangan aning kayu; Aki Balangantrang; wangsul wanara namané; Radén Jaka nulya andarbéning manah.

107. Manawané jenengan manira iku; nulya apapajar; dha- teng Balangantrang mangko; iya bapa aranku Ciung Wanara.

108. Éstokena Balangantrang aran ingsun; gih diéstikena; sasampuné ing samangké; tan alangu nulya prapta ing nagara.

109. Pan dén jujug lurah pandhé dhomas iku; sarya methuk sigra; angaturi ing kadangé; inggih nedha sauré Ki Balangantrang.

110. Sarta nyérénaken ing babaktanipun; sampun tinarima; déning lulurahing pandhé; pan ki lurah pandhé ningali rahadyan

111. Hesmu kagét lurah pandhé kang andulu; pan dén takokena; mring Ki Balangantrang mangko; sapa sinten kakang ingkang darbé putra.

112. Bagus pisan warnané kalangkung mancur; pan gumilang-gilang; Ki Balangantrang wangsulé; inggih anak si kakang uga kentasa.

113. Darbé anak sotéh antuk ananemu; saking ing babara; wis samakta sandhanganė; pan ki lurah jaluk raréné punika.

114. Jeng pinupu anak malih ming kuléku; remen manah kula; nulya Balangantrang séléh; anak pupon dhateng lurah pandhé dhomas.

115. Sabab laré babakta dhateng ngariku; dhumateng nagara; seja kasrah anak mangko; tan paraos Balangantrang boten layak.

116. Kanggé anak raré makaten puniku; kedah ing nagara; ki lurah pandhé tatakon; kang Balangantrang sapa sinten wastanira.

117. Pan winangsul punika ing wastanipun; Dén Ciung Wanara; sarta kasrahing samangke; Raden Ciung Wanara ta aran dria.

VI. M I J I L

118. Ki Blangantrang sampun séléh aglis; dhateng lurah pandhé; Ki Blangantrang sampun mulih agé; (wus) dhateng griya-nipun agelis; ki lurah kawarni; bungah manahipun.

119. Pan dén emong dipun arih-arih; sakula wargané; kén pepeka iku ramén-ramén; enggo salira ing pupon iki; pan ki lurah iki; boten purun-purun.

120. Boten purun mandhé sapuniki; yén ninjo kang mandhé; meng amésem sarya mangan baé; dangu-dangu Radén Ciung mangkin; micanten puniki; lurah pandé iku.

121. Bapa pandhé kenang apa mangkin; tan pagawéané; (a)mung ngukub kayu lawan paron; muwah supit saadaté iki; kya lurah miarsi; wicanten nakipun.

122. Maka dapon kémenganing pikir; anrarasan mangko; wis mangkana pan ki lurah pandhé; sareng anak pupona puniki; prasamya mbudali; muwah réncangipun.

123. Pan kumetab dhateng griyanéki; ayun dahar mangko; pan punika dentilar kémawon; gosaliné nalika puniki; Radén Ciung iki; jog gosali wangsul.

124. Dopi dhateng ing ngariku masih; kathah déréng prantos; dadamelé tumbak keris mangko; réh Dén Ciung Wanara puniki; cacalon pinilih; tinumpang dhadhengkul.

125. Sigra dipun emék-emék singgih; rinataken mangko; déning uduh kalangkung saéné; tan adangu sampun dados keris; nunten dipun lingling; babangunanipun.

126. Kawuwusa lurah pandhé mangkin; wus adahar mangko; kesah malih dhateng gosaline; dopi ndulu ing damelanéki; cacalon wus radhin; sampun dados duhung.

127. Sareng waos kala sapuniki; pan ki lurah pandhé; dados hémeng ki lurah manahé; réh dadamelan sampun dumadi; sadhaya wis dadi; lurah takon gupuh.

128. Réncang-réncang sapa ingkang uning; manawiné ewong; pragataken cacalon sakabéh; bakal tumbak muwah bakal keris; pakaryané luwih; langkung penediupun.

129. Réncang wangsul sadhaya tan uning; pan ki lurah pandhé; élinganing dhatening puponé; wau wonten wicarané iki; bapa pupon iki; siweg mandhé wau.

130. Sasampuné makaten puniki; ki lurah rabiné; sung paéling dhatenging lakiné; yén manawi anak pupon iki; ingkang amregati; cacalon puniku.

131. Nanging boten sué ing gosali; pan késah kemawon; ing ngariku pan ki lurah pandhé; takonaken dhateng rabinéki; anak kiteng pundi; ing samangkonipun.

132. Pan sumaur mangké rabinéki; manawi kémawon; milu luruku ameng-amengé; pan ki lurah kinén aniliki; pupon ge ilari; nyi lurah amantuk.

133. Angilari anak pupon néki; boten pati adoh; pan kapendak kang putra lampahé; anak pupon dén ajaka balik; dados sreng lumaris; balik puponipun.

134. Nulya manggih gajah iku nenggih; Raden Ciung takon; lurah pandhé apa ku arané; pan ki lurah é(ng)gala nauri; gajah namanéki?; kagungan sang ratu.

135. Gedhé temen ireng pragang prigig; demen ingsun nembok; pan kaya watu ireng rupané; pan andulu karep sun tunggangi; enggal amerpeki; dipun candak gupuh.

136. Nunten énggal anyepengi gadhing; tumungkul gajah lon; nulya gero-gero sowarané; saratiné buru sarya menging; sampun bagus dhingin; bok pisuh sang prabu.

137. Pan nyi lurah buru anaknéki; dén nuturi alon; Radén Ciung Wanara lampahé; dén tut wuri den nyi lurah aglis; pan lumampah malih; manggih kuda iku.

138. Radén Ciung Wanara ningali; sarta apitakon; embok lurah ku apa arané; dawa pisan buntut rambutnéki; nyi lurah mangsuli; kuda wastanipun.

139. Radén Ciung Wanara ningali; maranging wong akéh; dhadhuluran wong iku lampahé; ginarebeg déning bala alit; bok lurah mangsuli; mantri wastanipun.

140. Radén Ciung Wanara nakoni; héh mbok lurah mangko; aning endi sang prabu pernahé; sun kapéngén weruhing sang aji; nyi lurah amundhih; héh poma anakku.

141. Poma-poma lah bapa ki-aki; lan s bapa mangko; kudhu tinut angséba ing mangké; dhumatenga ing kangjeng sang aji; nyi lurah agipih; anaké dén rangkul.

142. Pan binakta mantuk griyanéki; sakedhap lampahé; awawarta nyai lurah pandhé; mring lakiné wawarta sawengi; méh rahina malih; cacariosipun.

143. Cacarios lampah anaknéki; kala lumampahé; rasa-rasa tan conggah jagané; bénjang ngemben yén kaya puniki; pan boten kaconggih; yén kaya puniku.

144. Pan sinigeg nyi lurah pandhéki; kalayan lakiné; kang kocapa lampahé sang katong; mios saking dhatu(laya) aglis; gumer wadya alit; andérék sang prabu.

145. Nunten lenggah ing sowan sang aji; miwah prabu anom; kang aséba pra wong agung kabéh; ulu balang kalayan prejurit; karsa ngaben jalmi; wonten ngarsanipun.

146. Aprang tandhing ana ing nagari; lun-alun tengahé; kawarnaha ku ki lurah pandhé; hajeng sababakta puponéki; sinandhangan sami; megatruh néng ayun.

VII. MAGATRU

147. Ṭan adangu ki lurah pandhé amantuk; anak pupone rumiyin; samargi-margi pitutùr; tatané ingkang medheki; tap sila medhek sang katong.

148. Lurah pandhé tentelasing pikiripun; masih salempa-nging ati; ming polahé anakipun; gumeter sajroning ati; dopi ki lurah jumrojog.

149. Pan arawuh jog medhek dhateng sang prabu; saweg sowan kang alinggih; kala nalika puniku; Dén Ciung Wanara mang-kin; nunten amengan kémawon.

150. Jog sitinggil palinggihaning sang ulun; gamelan kang dén tingali; Dén Ciung Wanara murug; takon dhateng tiang jagi; iku apa rané mangko.

151. Ingkang kemit mangsul gamelan wasteku; ngasta nakol gong amuni; raden geblag astanipun; mapan nulya dén takoni; lah iki gong sapa mangko.

152. Titiangé kang kemit menging héh bagus; aja ganggu tangan iki; marang gamelan sang ulun; bok mengko dipun num-bagi; Raden Ciung nyaur gawok.

153. Iki egong kang ngaduwé iya ingsun; nunten kenong dén gebuki; gamelan nulya dén pukul; dén tabuh tinitir-tirit; tiang kathah ting pulongo.

154. Tan pantara dhateng kang jagi ing ngriku; dén rangket astané kalih; Dén Ciung Wanara iku; boten kénging dipun penging; dén titir-titir kémawon.

155. Dipun titir-titiraken egongipun; anunten kebek jro nagri; asowara gong puniku; kamandangan soranéki; kagyat wong paséban mangko.

156. Pan akagyat titiang paséban ngriku; prasamya kumetab aglis; sadhaya raré dén ruru; malah nunten dén nebruki; dipun garayang samangko.

157. Tiang kathah dén iragaken pan ucul; Radén Ciung Wanara glis; dén ucul sadhayanipun; pating palesat tumuli; sami maturing sang katong.

158. Inggih nuhun gusti abdi dalem iku; pan sami hatur ngupeksi; wonten raré prakoséku; adamel rusuhing mangkin; cinepeng tan mundur mangko.

VIII. DURMA

159. Kang anyepeng sadhaya datan anyongga; angandika sang aji; héh para ponggawa; iku bocah undhanga; gémén dhatenga mariki; inggih sumongga; amit medhal dén aglis.

160. Radén Ciung Wanara mangko anundhang; déning kangjeng sang aji; Dén Ciung Wanara; mendheking sri naréndra; nunten ngandika sang aji; anaké sapa; bocah kaya puniki.

161. Pan ki lurah pandhé munjuk hatur énggal; gumeter atineki; kalangkung ngemaras; gih nuhun sri naréndra; (pan) anak mupu ing uning; sang sri naréndra; mariksa budi manis.

162. Iya pandhé palakara iku bocah; pa anakmu pribadi; apa kon kewala; pun lurah humatura; gumeter kalangkung ajrih; nuhun sang nata; pun patik tur sayakti.

163. Raré angsal anemu ing purwanira; sri narendra nulya ngling; hé lurah punika; samangko anakira; ingsun jaluk ming siréki; yén anang sira; tan kuat nginguneki.

164. Patut ingsun ingkang angaduwé bocah; pan lurah amangsuli; gih nuhun sumongga; gusti abdi sampéan; boten layak anggaduhi; sampun mangkana; sang prabu aningali.

165. Dateng raré pratéla ing warna nira; karaos jroning galih; iku warna nira; Radén Ciung Wanara; éling kalané rumiyin; sarta sandhangan; cicirécé sing dhingin.

166. Sri naréndra nunten sigra nyandak kaca; den ilo sarta nglirik; tan gingsir saréma; Radén Ciung Wanara; siriké mung maksih alit; kalayan sepah; sasampuning samangkin.

167. Sri naréndra andawuhaken timbalan; prakara raré iki; kang warna apelag; tan wor lan raré kathah; Den Ciung Wanara iki; boten kawora; lan raré kathah ngriki.

168. Duk samana sri naréndra dados jembar; manahipun sang aji; karsa ngangken putra; nunten dawuh timbalan; héh anak ingsun mariki; Aria Bangah; iki raré nak mami.

169. Ia iki raré dadi adé nira; aja ora kawruhi; kakuranganira; Raden Aria Bangah; mangsul maturing sang aji; inggih sumangga; nuhun sih jeng ramaji.

170. Pan kaula andédérék satimbalan; sasampuné samangkin; pan alawas-lawas; Radén Ciung Wanara; humatur dateng sang aji; kaula rama; anyuhun sih sang aji.

171. Ingkang badhé kaparingaken kaula; sang nata ngandika ris; héh mangko nak ingyang; Radén Ciung Wanara; ana kanggo sun awéhi; samangko ika; saisining nagari.

172. Pan wis kasrah mring kakangira sadaya; Aria Bangah tampi; sun mung abegawan; amung kang dué ana; pandhé dhomas ingkang kari; kabéh kasraha; samngko sun paringi.

173. Radén Ciung Wanara enggal mangsula; gih nuhun jeng ramaji; sampun kasrahena; pandhé dhomas sadaya; sadaya empu nuruti; sapréntahira; ing kala sapuniki.

174. Radén Ciung Wanara nyukaning préntah; mring lurah pandé aglis; lurah pandé domas; kinén damel panjara; dipun saé warnanéki; ajeng kanggoa; pagulinganing mangkin.

175. Pagulingan ingkang kénging dipun bakta; yén kala sapuniki; lurah pandhé domas; muwah sarencangira; kumétab sedhayanékih; damel panjara; tan dangu wis dumadi.

176. Sampun dados panjara wesi tur éndhah; langkung saé kang warni; anganggé ukiran; sasampuné palasta; panjara wesi wis dadi; Ciung Wanara; ing mangké karsanéki.

177. Radén Ciung Wanara hatur uninga; konjuking rama aji; gih punang panjara; mangké sampun palasta; jeng ngandika jeng ramaji; pan nun kaula; pened dipun tingali.

178. Siweg wonten ing karaton sri naréndra; pinedhek garwanéki; miwah ing padhekan; sarya hatur uninga; yén wonten putra sang aji; Ciung Wanara; malebet mring jro puri.

179. Ajeng caos Rahadén Ciung Wanara; gupuh dipun timbali; Dén Ciung Wanara; dhatenging kangjeng rama; kaula hatur ngudhani; damel kaula; pagulingan kang adi.

180. Pagulingan tosan pelag warnanira; nganggo ukiran adi; yén kinarsakena; kedhah sampéan priksa; bilih wonten kirangneki; angling sang nata; gé gawanen mariki.

181. Tan adangu punang panjara jog prapta; katur dhateng sang aji; sang nata tumedhak; kalayan ingkang garwa; samya suka aningali; angling sang nata; hé Ciung Wanareki.

182. Ingsun demen marang gagawéanira; sun arep enggo iki; enggo pagulingan; Radén Ciung Wanara; sumaur haturé aris; sukur kadahar; meng ajeng dén lebeti.

183. Langkung éwed /bang/ gih botek boten kamanah; hadan binuka aglis; lawanging panjara; gupuh sang sri naréndra; malebeng panjara wesi; énggal kang putra; lawang sampun kinunci.

184. Radén Ciung Wanara ngucapa enggal; iduh kanggé ngusapi; wus lita warata; dados tunggal kentasa; tutuping panjara wesi; sang sri naréndra; lebet panjara wesi.

185. Radén Ciung Wanara sumaur énggal; punika rama aji; wawales hukuman; saréh mejahing ajar; ing mangké amales pulih; dhateng sampéan; duk kalané rumiyin.

186. Karya sira iya pan uwis karasa; ala kalawan becik; lakumu durjana; duk lagi dhingin ika; trimakena baé dhingin; iya tarima; kang putra amangsuli.

187. Pan ing mangké sampéan tarimakena; yén boten sapuniki; winales hukuman; rama dhateng andika; dados goroh ing prajangji; lamun botena; rama kula walesi.

188. Inggih benjang walesing pengker sampéan; sampun ugi sep malih; mangké sri naréndra; saking miarsakena; raos lir pendah tinarik; ing manahira; miarsa putranéki.

189. Wis mangkana sri naréndra angandika; sumaur langkung manis; wondéning punika; ingsun tarimakena; sigegen lampah sang aji; ingkang kocapa; sing pungkur putranéki.

IX. PANGKUR

190. Wonten malih kang kocapa; ingkang putra wau narendra dhingin; Radyan Arya Banga iku; nulya dén uningaha; deng pedhekan saking lebet ingkang matur; Rahadyan Aria Banga; ing mangké lampah sang aji.

191. Sampun malebet panjara; kang manjara punika putraneki; Dén Ciung Wanara iku; mangké masih ngantosa; dopi Radyan Arya Banga pan andangu; akarsa pepak gagaman; bendune kadya sinipi.

192. Jajabang mawinga-winga; Radyan Arya Banga bendu kapati; anggetem mangucapa sru; héh bocah wadon ika; apa iya mangkono mangko sang prabu; ana endi pernahira; pendhekan amatur inggih.

193. Wonten lebeting jro pura; nulya Radyan Aria Banga gipih; malajeng dhateng kadhatun; dopi rawuh jro pura; ingkang rayi masih kapanggih ing ngriku; Rahadyan Ciung Wanara; iku lagi angantosi.

194. Sigra Dyan Aria Banga; assumbar tur sarya anudingi; Ki Ciung Wanara iku; gugunané wong édan; samangkono; teka siksa ming sang prabu; samengko dén prayatnaha; sun tigas murdané iki.

195. Sigra Dén Ciung Wanara; amangsuli sarya nabda ya becik; mangsa anginggati ingsun; wong siji lawan kadang; sarta padha anakipun sang ahulun; magnsa ingsun amirena; sapa menang dadi aji.

196. Rahadyan Aria Banga; anerajang sarya angunus keris; atimbal susudukipun; boten wonten tumapang; Radén Ciung Wanara angingkal palu; héh kakang den kaprayitna; gemen palu dén gitiki.

197. Ginitik pilinganira; punang palu malesat iku mangkin; Aria Banga puniku; anulya kapidhara; malah-malah kang rai angunggut-unggut; kadosa ta kapunyengan; ginitik kena pipilis.

198. Rahadén Ciung Wanara; mangu hémeng manah sarya anganti; kang raka ing émutipun; tan dangu anglilira; ing maruta mandra Arya Banga iku; tangia abitotama; saksana sira sang aji.

199. Angling lebeting konjara; nulya amung émut héh anak mami; sakaro pan anak ingsun; yén arep patut kadang; iku aja paperangan lan sadulur; ila-ila jaring kuna; iku pasti ora becik.

200. Kang dadi pangprangan apa; awak ingsun dén panjara puniki; ora becik sapuniku; Aria Banga nabda; yén mangkono; Ciung Wanara puniku; gagaman tan tumamaha; lebur tan kari sawiji.

201. Angdurung kalakokena; amung kantun sapa lara (a)maning; kalangkung karosanipun; tan mingkinan ming samya; utamané angadu tumbuk-tinumbuk; atawa candhak-cinandhak; atawa bithi-binithi.

202. Sakalih sigra cinandhak; saling anteb-antebakening siti; pan samya junjung-jinunjung; balang-binalang tebah; dhumatenga ing gagana sigra mumbul; sami saktiné kentasa; tan wonten kasoranéki.

203. Danguneng apaperangan; samy rosa tenagané sakalih; Aria Banga sumaur; kaprimén perang kita; tan pakarya Ciung Wanara umangsul; kantun surung-sinurungan; rai linampaha mangkin.

204. Ramé ingkang mangun yuda; pan kacatur jiwit-jiniwit sami; aramé rangkulrinangkul; Raden Aria Banga; pan sinurung kalangkunging tebahipun; jujug purugipun ngetan; ing tegal gadhung dumugi.

205. Wara din jembaring papan; paperangan wis lemes tanagéki; aningali witing kayu; samya arirén padha; sakalihé satria kakalih ngaub; pan sandaping kajeng maja; léléndéan kalihnéki.

206. Kang rai atatakona; dhateng raka kajeng apa wasteki; kang raka ningali gupuh; mangsul ring rainira; kayu maja arané wonten wohipun; kang raka nulya anabda; rai ngalapen dén aglis.

207. Anulya sigra inalap; wohing maja énggal dipun puluki; kang raka nulya anjaluk; marang awohing maja; awohipun énggal anulya pinuluk; rasané pait agetir; den lepéhaken tumuli.

208. Sumaur Ciung Wanara; kajeng iki yogi kula wastaning; majapahit wastanipun; kang raka tumut basa; sawicanten rainipun sapuniku; sampun sowaning enggonya; arérén satria kalih.

209. Sigra malih dén cinandhak; nulya ngajak abitotama malih; rainipun pan sinurung; angilén purugira; langkung tebah samiya digjayanipun; dumugi dhatenging arga; wastané gunung Sakati.

210. Arirén malih ing ngrika; sakalihé tenaga lemes malih; liren sandaping wit paku; kang rai léléndéan; nulya takon énggal dhateng rainipun; rai iki kayu apa; si kakang rep wruh naméki.

211. Kang rai énggal mangsula; wastanipun punika kajeng pakis; kang raka ngandika arum; lah adhi kayu ika; bagus pisan ajajar kaya tinandur; kang rai atumut basa; anut sabda raka muni.

212. Ing kana kula winastan; gih pakuan pajajaran naméki; sabab wonten kajeng paku; kapindhoné ngajajar; dopi sampun semana kang aprang surung; sigra malih samya mangkat; kang raka dén surung malih.

213. Sinurung malih mangetan; apaprangan lampahipun atebih; dén entong tenaganipun; sangetipun kalintang; saya(n) tebah dumugi pinggiring banyu; wondéning wastaning toya; wasta lepen Cintamanis.

214. Sing ngriku arirén samya; lesu malih tenagané sakalih; satria kakalihipun; sarya hadahar toya; sasampuné makaten kang rakanipun; Raden Arya Banga mojar; héh rai kaprimén uwis.

215. Uwis tuwuk laku kitha; bitotama si kakang lan si adhi; angadu digjaya sampun; datan wonten kang andap; salah siji mulané duk dhingin iku; kala ramané ngandika; perang lan dulur pamali.

216. Basa pamali punika; tegesipun paparoniku mangkin; dadi becik wekasipun; prakara lampah kitha; paperangan mengko kalawan sadulur; Rahadyan Ciung Wanara; wangsula kula anganti.

X. KINANTI

217. Énggal kang rai wawangsul; sumongga kaula ngiring; wondéning awak kaula; tumut kang arka ing mangkin; sawicantening kang raka; lépén kaula wastani.

218. Namaning lépén puniku; winastanan Cipamali; dopi sampun asonira; Radén Arya Banga angling; manis pangandikanira; héh rai si kakang mangkin.

219. Arep andumaken iku; amarokakening siti; enggé angadeg naréndra; tumurun sadhayanéki; dunya brana lan brahala; muwah wadyabalanéki.

220. Kudhu pinaro sadarum; punika ajadén wangsit; sapaharepan si kakang; rai emas dén lampahi; iki gawe wawatesan; kali gedhé Cipamali.

221. Si kakang pan dadi ratu; anéng tanah Majapahit; arep gawéan nagara; saking kono iku becik; sitinipun tanah rata; becik pan dadi nagari.

222. Sumawon rai mas iku; kudhu ya mangkono maning; ing kana ta(na)h Pakuan; Pajajaran ing prayogi; becik dén gawé nagara; kang rai nut rakanéki.

223. Sawicanten rakanipun; kang rai seja angiring; karsa dameling nagara; kala mangsané puniki; lépén Cipamali ika; winastanan Cipamali.

224. Witan saé dados musuh; kalayan sadhérék mangkin; sampun saé kalihira; manah kakanten sakalih; kalih sadhérék ing kalangkung saéning galih.

225. Lépén Barebes puniku; dados wates ageng malih; kang wétan iku kang raka; kang kilén iku kang rai; dopi sampun rerempagan; kang raka nauri aris.

226. Héh rayi payo lumaku; agé dhateng ing nagari; mendhek jogan ka(ng)jeng rama; pan samya hatur ngudani; dadosa boten lenggana; sumongga haturing rai.

227. Tan dangu nulya umantuk; satria sakalihnéki; kang raka kesah ing ngarsa; kang rai kesah ing wingking; samarga awicantenan; sinigeg lampahing margi.

228. Tan adangu nulya rawuh; satria sakalihnéki; énggal dhateng ing nagara; mendheking kangjeng ramaji; sang nata énggal tumingal; dhateng putra kalihnéki.

229. Lah bagéa putra ningsun; gih nuhun sakalihnéki; kangjeng rama takon énggal; rep apa dhateng mariki; putra kalih matur énggal; kaula hatur ngudani.

230. Awit aprang ing sadulur; kongsi dados saé malih; layan sadhérék kaula; saya anedha paidin; konjuka ing kangjeng rama; réh sampun rempaging mangkin.

231. Rempag kalayan sadulur; sami andarbéning jangji; pan ayun damel nagara; séwang-séwangan nagari; kang raka karya nagara; wétan wasta Majapahit.

232. Kang rai ing karsanipun; ajeng kinarya nagari; ing Pakuan Pajajaran; supama kangjeng ramaji; wonten lagawaning manah; sampéan mardika mangkin.

233. Sarta kaula anuhun; kajeng sampéan ing mangkin; miosing panjara tosan; sang prabu ngandika aris; yén samangko anakingwang; samangké priangga mami.

234. Lah samangké anakingsun; maringing sakaronéki; ana déné samangkana; primén karepa samangkin; wondening priang-ganingyang; yén samangko arep mulih.

235. Marang enggon mulya iku; kasawarga iku mangkin; nanging sapanjaluking wang; ming anak sakalihnéki; kudhu sami rempug-rempag; lawan sadhérék sakalih.

236. Aja bok angumbar napsu; mangko kaduhung ing wuri; amarah angajak sasar; raga ingkang anemahi; poma aja poncakba-kah; kudhu silih hampurani.

237. Kudhu trima sih Yang Agung; sih pami dumadi aji; dadi ratu nusa Jawa; nanging préntahipun mangkin; prakaraning pandhé dhomas; kon lunga saking mariki.

238. Sasampuning dawuh saur; dhateng kang putra sakalih; sri naréndra angandika; héh anak ingsuning mangkin; padha dén bĕcik karia; wong anom sun arĕp mulih.

XI. SINOM

239. Rĕp mulih ing ajalira; tan dangu panjara wĕsi; malĕsat dhatĕng gagana; muwah atmané sang aji; mĕsat dhatĕng wiati; sayan inggil lampahipun; kathah ingkang mĕthuka; iku para widadari; mĕrpĕkĕna ming alusé sri naréndra.

240. Ayun binakta sawarga; kayanganipun ing mangkin; tan kénging rĕgĕt sing ngrika; malahing panjara wĕsi; dinawuhakĕn malih; dhatĕng mĕrcapada gupuh; anganulya aniba; ing wana kidul pasisir; tibéng tanah Kanda(ng)wĕsi wastanira.

241. Kala miosing punika; punika putra kakalih; kantun aninjo kéntasa; dhatĕng awang-awang mangkin; nĕnggéh mangsa puniki; kala mangsa duk rumuhun; tĕdak ratu punika; mantuk ing ajalé mangkin; ngarsakĕna mantuk dhatĕng ing sawarga.

242. Sasampuné samangkana; punika putra sang aji; satria kalih punika; sadhérékipun sakalih; saréh sampun atampi; wuwuruk jĕng ramanipun; tansah adarbéng akal; akal pribadi samangkin; kĕdhah rĕmpag Radén Arya Banga nabda.

243. Kadi pundhi rai ĕmas; saking déning jĕng ramaji; wis mulih ning kasucian; layoné kang dadi pikir; pikir kitha kang kari; ing alam dunya yén sampun; kalayan rai ĕmas; ngatasing kakang samangkin; kang ngaduwé ika layon kangjĕng rama.

244. Rahadén Ciung Wanara; humatur ing kang raka glis; inggih jĕng ngandika raka; ingkang layak andarbeni; mĕrpĕkana ing mangkin; raka Arya Banga matur; yén si rai mangkana; payu kita gawé candhi; sapa-sapa sintĕn mangké kang kangĕna.

245. Kangĕn dhatĕng kangjĕng rama; kudhu tinjoa mariki; Rahadén Ciung Wanara; nulya énggal amangsuli; sumongga raka

ngiring; kula ndérék sapuniku; ing karsané kang raka; kala jamaning samangkin; pan punika satria kakakalih énggal.

246. Nulya damĕl candhi sigra; ing ardhi Galuh ing mangkin; iku wastanipun Daha; ĕnggén ngadĕgakĕn candhi; arĕrĕmpagan malih; kalayan sadhérékipun; hajĕng damĕl nagara; séwang-séwanganing mangkin; matur énggal kang rai dhatĕng kang raka.

247. Inggih nuhun raka ĕmas; prakara pandhé puniki; satimbalan kangjĕng rama; kĕdhah kang raka anyangking; sumawonnya baléki; Raden Arya Banga mangsul; héh mangko adhi ĕmas; si kakang lagi samangkin; ora rĕpa anggawa ing wadyabala.

248. Apa maning pandhé dhomas; mangko dinggo apa rai; karana mangko si kakang; ayun lalaku pribadi; mangko ta sing ngariki; mĕtu alas manjing luwung; didipéné si kakang; arep pangyĕkténi jangji; sanak wétan sadhérék bongsa siluman.

249. Muwah bangsané sileman; yén wisa tangtu hi(ng) mangkin; mang kakang gawé nagara; punika ing Majapahit; kang wadya bala alit; atawa pandhé puniku; sing dakon angalapa; gémén dhatĕng sing ngariki; mung punika saisiné ing nagara.

250. Wondéning isi nagara; Mĕdhang Agung Galuh mangkin; kalayan titiangira; manawi kang rai paring; si kakang kang sapalih; kang rai sapalihipun; badhé karya nagara; cacahé tiang samangkin; wolung nĕmbang gangsal atus kathahira.

251. Kakbakta déning si kakang; badhé dhatĕng Majapahit; sami cacah sapunika; tan saé yén botĕn sami; pan dadi sapuniki; wolung éwu gangsal atus; cacah kang badhé tinggal; anunggoni ing nagari; kang atinggal ing Galuh cacah sanĕmbang.

252. Titiang kanggo kapala; lulugu sagangsal mangkin; satunggil wasta pun Kontar; Entol Japura kĕkalih; Ki Ganda Tiku malih; punika ping tiganipun; Entol Korod kapingpat; Entol Bongkok gangsalnéki; mugya rai dhingin agawé nagara.

253. Kudhu dhingin ngadĕg nata; kang rai amangsul aris; Rahadén Ciung Wanara; matur sumongga ing mangkin; kula ndérék ing mangkin; sakarsa raka dén tinut; kaula tan lĕnggana; rahina-wĕngi angiring; sing araka satria kakalihira.

254. Pra samya sarĕng amangkat; séwang-séwangan agĕlis; kang raka lampah mangétan; Radén Arya Banga aglis; ngilén lampah kang rai; sami énggal miangipun; Radén Ciung Wanara; karsa adamĕl nagara; pan nagara Pakuan ing Pajajaran.

255. La yén kala sapunika; iku boten pati lami; Rahadén Ciung Wanara; sampun dados sri bopati; anglenggahing jro puri; pinedhek garwa yu-ayu; selir kang éndah-éndah; kalangkung gemah nagari; ing Pakuan Pajajaran pan kasmaran.

XII. ASMARANDANA

256. Sagunging wadya kang alit; samya bungah manahira; wedi asih ing gustiné; sadhaya nuting paréntah; sampun sami tumuta; muwah ta para wong agung; kalayan kang wadya bala.

257. Kalangkung sukaning galih; sri naréndra Pajajaran; tan wontěn kakiranganė; pan teteng riněngga-rěngga; sadhaya samya suka; wadya bala asusugun; kawarna rahadyan patya.

258. Pěpěk kang para bopati; sadhaya wonten pasowan; (samya měḍhěk ing sang katong; sadhaya matur prasětya); muwah para ponggawa; gumuruh samya sumaur; micantěn gěmah nagara.

259. Kawarnaha sri bopati; sang prabu Ciung Wanara; těběng juměněng sang katong; aparéntah wadya bala; Pakuan Pajajaran; tědak-tumědak puniku; jumeneng nyakra buana.

260. Purwaning kang dados aji; Rahadyan Ciung Wanara; angangréh wadya balané; ing Pakuan Pajajaran; kagantos ingkang putra; sang Prabu Lutung Kasarung; sarta juměněng naréndra.

261. Sasampun juměněng aji; atampi sing kangjeng raja; pan sami bungah manahé; balaba(h) dil palamarta; pinědhěk para garwa; garwa ingkang ayu-ayu; gumuruh kang wadya bala.

262. Suka bungah wadya alit; guměring wadya sadhaya; sasampun puput jěněngé; kagantos déning kang putra; dé Prabu Lingga Hiang; ing mangké juměněng prabu; ing Pakuan Pajajaran.

263. Tampi sing kangjěng ramaji; gěmuh sédėngi nagara; tan wontěn kakiranganė; sayan wěwah cacahira; saban kang jumě-něnga; cacahipun sayan wuwuh; sumawon kang dunya brana.

264. Barana brahalanéki; wěwěh saban sri naréndra; sumawoning jro karaton; awuwusing sri naréndra; těběng sinuba-suba; déning pra garwa sadarum; garwa ingkang éndah-éndah.

265. Kalangkung ramé nagari; suka bungah wadya bala; sasampun puput jěněngé; sang aprabu Lingga Hiang; kagěntos ingkang putra; Prabu Lingga Wěsi estu; atampi saking kang rama.

266. Sawus Prabu Lingga Wesi; juměněng ing Pajajaran; sampun lami ing jěněngé; kagěntos dening kang putra; dé Prabu Susuktunggal; sampun lami jěněngipun; kagéntos déning kang putra.

267. Dé Prabu Munding Kawati; juměněng ing Pajajaran; sampun lami juměněngé; kagěntos saking kang putra; dé Prabu Onggalarang; sampun lami jěněngipun; kagěntos déning kang putra.

XIII. DANGDANGGULA

268. Prabu Onggalarang sampun lami; jumemenenga mengku Pajajaran; kagentos dening putrané; prabu Siliwangiku; kocap garwanipun sang aji; Rajamantri padmia; kathah garwanipun; satus langkung gangsal dasa; pan satunggal Rajamantri tan kawilis; Rembang Sari Dewata.

269. Malih sakéan Anambetkasih; padmi saking Sumedhang kang kina; jaler punika putrané; wondéning putranipun; Radén Memet kawitanéki; Radén Tenge kang madya; nuntena mang prabu; Kastamaya pan wekasan; warnanira rerahi kabrit sasisih; Rembang Sari Déwata.

270. Kang kocapa garwa ing sang aji; linggih tata pan garwa sang nata; Rajamantri pangajengé; katimbang linggihipun; Mrajalarang Tapa alinggih; putri Cirebon Girang; nulya darbé sunu; ya Pangeran Rangsangjiwa; lan Tanurang Kajineman madyaneki; Mundhing Dalem wekasan.

271. Kaping tiga pan garwa sang aji; winastanan Ke(n)tringmanik ika; Mayang Sunda sapindhahé; kandegan kalihipun; Akar Mayang Riria singgih; angsal putri punika; nusa Bima kruhun; nulya enggal apuputra; jujuluké Radyan Grugantangan nenggih; medal ing Sindang Barang.

272. Cacah dhomas iku kathahnéki; kocap raka Kentringmanik énggal; sang Surabima wastané; Panji Wirajayéku; Kyan Murugul muwah sang Mantri; Agung masih ing nama; sang laki lakiku; Branimasih ingkang wasta; Suwan Mraja dibangkat putu dhi Bali; puniyut panakawan.

273. Kawarnaha putra Mrugul mangkin; kathahira punika sakawan; déning satunggil-tunggilé; wondening kang rumuhun; Surasubat iku naméki; kalih Surakandaga; kaping tiganipun; Kanduruan jenengira; ping sakawan Sedhihjaya namanéki; samua gagesangirang.

274. Kang kocapa raka Raja mantri; konjukaken tabi pun kaula; nebut prabu Cahya mangké; Mrajalarang puniku; rakanipun dados papatih; nagara Pajajaran; Ramacunté iku; Tuan Peksajati ika; kongang nganggo sakawenang-wenangnéki; samy alinggih jajar.

275. Linggih jajar kalayan kang dadi; patrarenan patih Pajajaran; Kéan Santang jujuluké; Sang Lumajang puniku; Pangran Gagak Lumayung singgih; Darmayu angsalira; kocap rainipun; Bok Agung Nrawikung nama; lan Maraja Kastunalarang wastéki; wonten malih kocapa.

276. Kocap bagawan Bramanasakti; lungguh tapa diréng yana ika; Baliklayaran rabiné; wondéning putranipun; Lembujaya jujuluknéki; pan jajar linggihira; dening kyan tumenggung; sakaom mantri punika; kawarnaha rainé Rucitawangi; kocap kang putranira.

277. Nama putrané Mundhing Malathi; saking Darmawangi angsalnira; linggih jajar lan k(an)cane; Kidhang Lumontong luhung; Mayang Cinde kang raineki; puputra Mundhing Malaya; (dados?) mantri iku; anje/k/nang sikang nagara; linggih jajar déning Aji Darsi singgih; raine Wanalarang.

278. Angsal Sumedhanglarang rumiyin; linggih jajar lawan Lembupeksa; Wirak Ajiji jenengé; wondening rainipun; Nyi Mas

Lingsir Kancanalindhri; putri Unjangmuara; kocap putranipun; Mundhing Mantri jenengira; pacalangé pan sakawan kathahnéki; Kuda Leher satunggal.

279. Kuda Badher iku kaping kalih; Kuda Taham iku kaping tiga; Kuda Lésang sakawané; kocap dahuan ratu; Anjung Kidul ingkang alinggih; jujuluk ratu Ponggang; Romahéangipun; angsal saking Prajangéang; Subanglarang rainéki ingkang nami; kawarna putra nira.

280. Winastanan Radén Jayakuning; prabu Rangga Gadhing namanira; ratu Ponggang pakaryané; papakem ulahipun; jugul mudha lan rajaniti; lan raja kapa-kapa; salokantaréku; undang-undang adil olah; hukumulah nitipraja nitisurti; kirata nitisastra.

281. Bok manawi ical pancakaki; Pajajaran wonten duracara; lor wétan kidul kiléné; bok kacundukan pa(n)dung; adat jaman mendhing sakori; kathah satria lana; tajag barat timur; stria malingaguna; duratmaka maling kasumpar-kasampir; punika dén prayitna.

282. Sumawona bandung ampuh prapti; mring Pakuan iku ratu Ponggang; kang dadi juru kethoké; kocap wau sang ratu; Lembu Wulung jujuluknéki; déning nagaranira; ing Tanjung Singuru; kaponakan Gru Wangsana; sapunika seseg jejeling nagari; gemuhing Pajajaran.

283. Kang tinandur ingkang sarwa dadi; kang tinumbas ingkang sarwa murah; suka sawadya balané; gunging dawuhan ratu; karo belah punjul satunggil; tigang lawé kang putra; gang lugu gang éwu; ing sowan sasaka dhomas; yén kang putra ing sowan kamuning gadhing; pamegat tatakona.

XIV. MAGATRU

284. Kang kocapa ratu Siliwangi luhung; tiang linggih ing sitinggil; pinedhek garwa sadarum; parekan kang para selir; sadhaya medhek sang katong.

285. Sri narendra sinuguh ing kasur wulung; kasur raga oman adi; tinehen naga sinawung; guguling manjeti keling; lalamak sunten sang katong.

286. Pinetekan wanodya kang ayu-ayu; kinubenging para putri; murub ingkang pandamipun; damar malam amerrapit; melok wadana yen tinon.

287. Kawarnaha kang garwa tebeng alungguh; Raden Ayu Rajamantri; linggih ing landhe mas murni; Mas Marajalarang linggih; wonten sada pungkur dodok.

288. Samya pepek sadhaya garwa sang prabu; ratus gangsal dasa mangkin; langkung satunggal punika; sri narendra ngandika ris; dhateng Rajamantri alon.

289. Heh mas rai Rajamantri sun rep turu; sun arip kapati-pati; nulya aguling sang prabu; Rajamantri angemuli; kapati kilem sang katong.

290. Ingkang garwa sampun ngemuli pan kondur; dhateng prenahipun linggih; tan dangu gundam sang prabu; nupena panggih lan putri; langkung endah ayu anom.

291. Ing Pakuan tan ana kang kaya iku; rat Jawa tan ana tandhing; paguneman sabdanipun; mara pedhek kang mariki; ing gedheng si kakang pondong.

292. Retu Inten mara cium padha dhemuk; akathah gundamé iki; Radén Rajamantri dangu; héh talah pamiarséki; ing gundamipun sang katong.

293. Para garwa sadhaya agé sumaur; ting garundel aningali; Dén Rajamantri Amburu; kendi carat mas cinangking; dipun tamasipun alon.

294. Mrajalarang agupuh pan nyandak banyu; dén cengkah alon sang aji; para emban para babu; leweg jejel para selir; gumuruh ing tangis mangko.

295. Dopi sampun tinamasaning sang prabu; énggal sang nata anglilir; aris ngandik sang ulun; apeteng temen punika; apa tinamasan ingong.

296. Nulya takén rara Rajamantri matur; sarwi atataken aris; pana sampéan méh lampus; sampun bubar para selir; kantenané ming sang katong.

297. Lah punapa kang sanget karaosipun; nunten ngandika sang aji; pundi putri paranipun; Retna Inten adhi mami; mara ta si kakang pondong.

298. Katingalan lumintu anéng pangambung; anéng pipi angideri; lumintanging manah ingsun; masih gegel ingkang kémpi; kapati brongta sang katon.

299. Rajamantri kagéta anjola gupuh; miarsa sabda sang aji; manawi boten kayéku; tegané rep déréng éling; wirang temen yén mangkono.

300. Mapan dados ratu agung bala ratu; kathah badhé anglakoni; arya rangga lan tumenggung; demang kalawan ngabéi; sang nata ngandika alon.

301. Nulya lungsur dhateng palinggian matur; marang garwa-garwa néki; héh Marajalarang ingsun; kon ngundhanga radén patih; lan sadhaya raka ingong.

302. Muwah dhateng sadhaya ing putra ningsun; ing sowan kamuning gadhing; lagi éwuh ati ningsun; sahangaluh sanget tuwi; Marajalarang nembah lon.

303. Inggih nuhun kaula gusti jeng mantuk; énggal medal dhateng jawi; jog para putra sadarum; ing sowan kamuning gadhing; Munding Dhalem sun dén kongkon.

304. Rama prabu nimbali putra sadarum; gih nuhun kula ing mangkin; gita réh kang ibu rawuh; wontening karya punapi; ing mangké sang rama katong.

305. Sampun putra mangké jeng ibu jeng mantuk; angundhanga radén patih; lan uwa-uwa sadarum; ing sowan dhomas pasagi; kang ibu lajeng kemawon.

306. Ginerebeg kéring selir pitung puluh; medal dhateng sowan jawi; kang rai anembah matur; dhumateng rakyan apatih; kula pinotus sang katong.

307. Mas Marajalarang tawar nembah matur; raka mas dipun timbali; sarta sadhaya wong agung; déning kangjeng sri bopati; radyan patih nembah alon.

308. Inggih nuhun sandika ing sang ahulun; wonten karyané punapi; kyan patih gita pan asru; réh wonten timbalan gusti; dhateng pra punggawa mangko.

309. Angandika kyan patih mring pra wong agung; muwah ta para ponggawi; padha tinimbalan gupuh; énggal medheking sang aji; sadhaya tur nembah alon.

310. Pan gumuruh sadhaya humatur nuhun; kocap mrajalarang amit; bubar késahé rumuhun; den iring den para selir; anggrebeg énggal dhateng jro.

311. Rakyan patih nulya bubar pan gumuruh; jog sowan kamuning gadhing; matur ing putra sadarum; payo marek ming ramaji; Mundhing Dhalem matur alon.

312. Inggih uwa sumongga sami malebu; seseg jejel agung alit; sampun malebeting pintu; prapta dhateng poncaniti; anembah dhateng sang katong.

313. Pan gumuruh sadhaya pan sami rawuh; supenah ponggawa mantri; kang enom miwah kang sepuh; jaler sumawon pawéstri; matur ing sri nata tinom.

XV. SINOM

314. Kawarnaha ing jro pura; ponggawa sadhaya mantri; gumerbeg ing dalem pura; kyan patih anembah aris; matur dhateng sang aji; kaula ratu pu kulun; sang nata amindela; masih gegel ingkang kémpi; sri naréndra tumungkul datan ngandika.

315. Rara Rajamantri mojar; dhateng mrajalarang prapti; kén asung susuguhira; marang Nyi Rucitawangi; énggal Rucitawangi; ngaturi susuguhipun; dhateng para ponggawa; sawiji tan ana kari; gih sumongga sadhaya sami mucanga.

316. Sigra ponggawa amucang; kocapa malih sang aji; ngembeng tumenga kang waspa; tumétés eluhé mijil; masih émut kang kémpi; hawad winastanan eluh; angling sang sri naréndra; dhateng raka kyan apatih; lon anabda raka kaula méh pejah.

317. Kula hasrah pejah gesang; kados pundhi kula iki; yén sing konsi anglaksana; panggih lan putri kang kémpi; mila kula tan éling; kula kilem purwanipun; kilem dina Jumungah; siang wanci bedhug titir; pan kaula winastan tekéng antaka.

318. Mila sanget brongta kula; marang putri ingkang kémpi; apana kaliwat-liwat; bobabé kang darbé warti; mémper ing widadari; Retu Inten ayunipun; tenggak anglunging jongga; wadana durén sapuring; gelung malang réma panjang andan-andan.

319. Sri naréndra angandika; dhateng raka kyan apatih; ing mang ké kaula raka; mila kula angaturi; dudu dhahar ambukti; miwah ta para wong agung; utawi para putra; denundhang sotéh mriki; sapunika kéwedan kaula raka.

320. Kang wau kula popoyan; brangti kapati kang kémpi; nulya sang nata ngandika; dhateng raka kyan apatih; sapą ta ananggupi; ngulatana impéningsun; yén sing kongsi kapendhak; kabakta haturing mami; pan ginanjar nagara awéh sasigar.

321. Pan nagara Pajajaran; sarta pan jinunjung linggih; jeneng patih Pajajaran; muwah harta busanadi; kyan patih ngandika ris; humatur nuhun sang ulum; kaula jeng mariksa; dhateng Kean Santang dhingin; gih punika ingkang dados paterenan.

322. Sumawona pra ponggawa; kaula jeng tatakéni; miwah rangga kanduruan; demang kalayan ngabei; mantri kang agung alit; malah arya lan tumenggung; héh wong agung sadhaya; dangu pandika sang aji; lah kang sapa ingkang sanggup ngularana.

323. Malengek para ponggawa; éwed tan bisa mangsuli; langkung susah jroning nala; yén matur kula kaconggih; sumawon tan kadugi; raos priksa kagurudug; wauné boten wikan; boten angsal rerempagi; prandéné ya kados pundhi patarenan.

324. Mengiki kantenanira; wawangsul para bopati; malék dhateng patarenan; réh dados batu panyangir; dadi paku nagari; dadia gunung panyuguh; endem-endem Pakuan; wartosa kang dhingin-dhingin; angandika kyan patih dhateng Kyan Santang.

325. Jeng ngandika Kian Santang; kados pundhi ning samangkin; manggih atanapi ora; ingkang sanggup amenangi; putri ingkang kaempi; la yén wonten ingkang sanggup; énggal matur wangsulan; sumawon dika pribadi; asanggup kalangkung luwih utama.

326. Matur nembah Kian Santang; inggih nuhun kula gusti; sampun kaula pariksa; dhateng tiang agung alit; boten wonten kaconggih; sadalah kaula ratu; humatur pejah gesang; sadhaya prasaca mami; ngaturena tugeling gulu sadhaya.

327. Nyabut wangkingan sadhaya; kopyah rasukan lan keris; pendhok sabuk dadotira; mantri sawiji tan kari; konjuking sri bopati; kongsi mumbul kadya gunung; tusan pra ponggawa; sang prabu ngandika aris; inggih raka yén boten wonten kang conggih.

328. Ya uwis dénapakena; sadalah panganggonéki; numawi padha anggoa; kopyah rasukan lan keris; Kéan Santang nembah ris; kowé nembah matur nuhun; sri narendra ngandika; dhateng Mundhing Dhalem kriyin; Sutra Lentang miwah lan putra sadhaya.

329. Héh Mundhing Dhalem nak ingwang; rama kon ngulari putri; kalih Sutra Lentang Nyawa; miwah putra sadhayéki; sapa ta kang nanggupi; mangkin ganjarané agung; nagara Pajajaran; mengko sun awéh sasisih; jumenenga jeneng patih Pajajaran.

330. Mundhing Dhalem matur nembah; kalih Sutra Lentang sami; miwah rainé sadhaya; sami matur saur paksi; gusti rama nimbali; angulari impénipun; Mundhing Dhalem ngandika; dhateng rai sadhayéki; lah ta sapa kang asanggup amenangi.

331. Kang rai matur sadhaya; taken-tinakenan sami; sarta gunem-ginuneman; kados pundhi wangsulnéki; yén wangsul kula conggih; sumawon wangsul tan sanggup; ageng susahing manah; kados pundhi raka kalih; gunemira sami rempag boten conggah.

332. Lah kados pundhi kang raka; kakang uga katut wingking; tan saé lamun nunggala; ala becik sami-sami; kajengéhi

yan uwis; payu asrah tugel gulu; la busana sadhaya; haturena rama aji; inggih rama kaula srah bencah dhadha.

333. Busana kasrah sadhaya; kados wau kang kariyin; nunggul-unggul kathaira; wonten ajengan sang aji; Mundhing Dhalem nembah ris; nyaosaken tugel gulu; inggih rama sumongga; kang rama ngandika aris; iya uwis tan conggih dénapakena.

334. Busana padha anggoa; sadhaya dhé putra mami; aja padha dadi manah; anggur dhahar néndra malih; tebihing lara pati; bẹneré wong ora sanggup; awét paké nakira; putra sami nembah aris; pan busana denanggo nembang kasmaran.

XVI. ASMARANDANA

335. Kang kocapa sri bopati; kémutan déning kang putra; putra masih alit mangko; jujuluk Guru Gantangan; jaler bagus warnanya; dhateng pundhi paranipun; suwé temen durung teka.

336. Nunten Radén Rajamantri; nimbali marang pawongan; kinén ngulari putrané; pawongané gupuh prapti; medhek matura nembah; sang ratu ngandika arum; pawongan undhang jagjagan.

337. Pawongan malempat aglis; ngundhang jagjagan pamotan; sareng gupuh ing preptiné; mendhek maturing ayunan; nulya pan tinimbalan; jagjagan sun kon amantuk; haturena putra ingwang.

338. Si tolé pan masih alit; masih demen mengamenga; nulya énggal panembahé; jagjagan ngelari putra; jro kithah jawi kitha; nulya kapanggih ing kaum; tebeng cadhong keton emas.

339. Pawongan énggal maturi; dhateng Radén Gru Gantangan; Ibu Rajamantri linge; énggal ráden amuliha; Dén Rajamantri ngundhang; ibu kawalon apunjul; hémané kabina-bina.

340. Malah-malah dén sesepi; réhing hémané kalintang; ibuné leser wastané; Kentring Manik Mayang Su(n)da; sami kon ngulaarana; ngantos-ngantos durung rawuh; si tolé pundhi paranya.

341. Kocap kang tebeng ririhi; pawongan sareng jagjagan; radén apyu mulih baé; boten kampeh mengamengan; Perwakilan angucap; bari dén radkod dén punggu; Rahadén Guru Gantangan.

342. Raja putra matur aris; marang Perwakalih énggal; kakang Perwakalih mangko; sun arep dénapakena; ingsun lagi dodolan; Perwakalih nulya matur; aja ilok sok rarasan.

343. Tan wruh adat Parwakalih; nyaur tan nganggé babasan; kaya wong léléa baé; si tanurang tatakon; punden atuti Jawa; tolé kaya ora weruh; saking wau rama ngundhang.

344. Nunten gulu dén tunggangi; pan binakta sasirigan; lajeng malebet maring jro; nunten kang ibu tiningal; Perwakalih kang nembah; dén ayap pamongmongipun; Pananjung lan Gelapnyawang.

345. Nulia dipun aturi; dhateng Rajamantri énggal; nulya dén kukudhang baé; den emban dén aras-aras; sang prabu angandika; dhateng Rajamantri arum; mara tolé prénékena.

346. Pan nulya dépun aturi; sang prabu nulya angaras; andodok ana ing pangkon; sang prabu nunten ngandika; maranging putranira; ya tolé wis aja nusu; kerana wis gedhé sira.

347. Putra rama bagus luwih; jujuluk Guru Gantangan; sira majeng taros tolé; sun kongkon angulatana; Ratninten den kapendhak; impén rama luwih ayu; rat Jawa tan ana padha.

348. Kéndel putra tan mangsuli; gupuh kang rama angraras; nunten kang putra dén emong; tolé wangsulana rama; rungunen saur rama; kerana tolé wong bagus; kaponakané wong rosa.

349. Anak wong bagus respati; gandang kebat cukat tatag; tangginas pangandikané; iku pangandika rama; kang putra matur nembah; wantu putra masih timur; cidhal wangsul pangandika.

350. Gih nuhun kaula ayit; kangjeng rama apotusan su-; mongga kesahing mangké; ngulati Ratninten ika; badhé ing ibu bakal; matur ing kangjeng ramprabu; kaula nuhun sumongga.

351. Sang nata hé/ng/garing ati; angrungu haturing putra; gupuh amendet panganggo; nunten anguwuh kang garwa; sarya bakta busana; nulya pinaésan gupuh; kang rama amaésana.

352. Sininjangan parmas adi; rinasukan tatur emas; sutra wungu paningseté; alancingan cindhé kembang; duhung pun jagat rusak; kandelan masepuh mancur; tinengahan alun mubyar.

353. Kopyah cabang emas adi; tinabur inten sadhaya; sutra diwongga dadoté; sabung tali datu emas; rasukané budhidhar; sapinten reregénipun; sapangadeg raja putra.

354. Sampuné anganggénéki; sang prabu nunten ngandika; dhateng sang bagawat agé; lan kang putra Lembujaya; kula kakang ngrasaka; andérék si tolé mantuk; Ratninten angulatana.

355. Héh kakang Bramanasakti; anutana si tanurang; angendi bae purugé; iku pun Guru Gantangan; lah aja dén penginga; kakang kudhu baé tinut; lawan anak Lembujaya.

356. Sang bagawat nembah aris; kalawan pun Lembujaya; sembah maturing sang katong; kaulanun satimbalan; ngiring putra sang nata; sang prabu ngandika arum; marang Dén Guru Gantangan.

357. Héh tolé den ati-ati; sareng lawan uwanira; pinongka dadi tuané; kalawan sadulurira; si kakang Lembujaya; pamongmong katiganipun; Perwakalih Nanjung Nyawang.

358. Nunten matur Perwakalih; dhumateng sri narapata; suka lunga sukan gedhé; aluhung nemon paénak; uh saur Gelap Nyawang; ah saur Kidhang Pananjung; batur aja sambewara.

359. Sauré kang Perwakalih; kalawan kang Gelap Nyawang; kang Nanjung aja caréwét; jamak bae wong ngawula; moal mangka kumaha; wantuning jelemahipun; ulah banyol banyo hawan.

360. Sigeg krihin Perwakalih; kocap sang nata ngandika; duhumawuh marang putrané; tolé sampuna sadia; sadanganinaning kesah; kang putra anembah matur; inggih rama sampun sadhya.

361. Nulya tolé nembah amit; dhumateng rama sang nata; sareng wong tiga pamongmong; kang rama andungakena; matur prabu Pakuan; sang bagawat Brama matur; lawan putra Lembujaya.

362. Gusti kaula tur amit; kalih putra Lembujaya; sang prabu /a/lon pandika(né); inggih kakang dén prayitna; angraksa si tanurang; sadawané alelaku; aja kurang awiwaha.

363. Sang prabu tutug waweling; marang tanorang bagawat; pan anembah sadhayané; nulya medal dhateng jaba; medal manjing ing lawang; metu ing lawang ping pitu; medaling lawang ping sanga.

364. Made agung wus kawingking; pamengkang sampun kalintang; atawa ing balibingé; kamuning gadhing sowan; panggénan ingkang putra; jog lantung paseban bandung; pasowan sasaka dhomas.

365. Amit dhateng kyan apatih; marang wong agung sadhaya; réh kapotus andédérék; dhateng putra sri naréndra; késah kang ngularana; kang dén amiti gumuruh; kadé ombaking samodra.

366. Medaling pasowan jawi; jebul alun-lun pisan; dhateng pasar sedheng ramé; liwat ming kareteg pisan; lintang ming paprapatan; nuli jebul mring wawarung; jog dhateng jambatan panjang.

367. Pinggiring sawah tunggilis; nerang pasawan lega; sampalan kuda lan kebo; kang putra lintang sing kana; nunten dhateng pagagan; kang sigeg lonlonan laku; lepas alas wanawasa.

XVII. M I J I L

368. Kawarnaha rahadén lumaris; lampahipun alon; awondenten pralampah kesahé; Radén Guru Gantangan rumiyin; kakang Perwakalih; kakang Perwakalih; kang apedhek dangu.

369. Kaping kalih kakang Nyawang wuri; kang Nanjung wuriné; tiang tiga mung dados kakanten; salaminé ing margi medheki; yén tiang kakalih; adoh késahipun.

370. Lampahipun wa Bramanasakti; kang Lembu kalihé; kados pundhi lampahé mangkonon; kaya lampah titiang bantoni; ros masar-misir; manah boten purun.

371. Lampah ua pan sawan beluki; kang Lembu réncangé; dopi lami alon dipun antos; kula lami angantosi margi; ua lirén alit; kesel lamun mantuk.

372. Lamon sampun kula mantuk malih; ua tinut adoh; kinten sapambedhil(an) adohe˝; lamun kula ngantos wis ngatoni; ua meneng malih; sanggen gunem catur.

373. Pagunemé lan Lembujayakéi; mangkono sauré; lamun Guru Gantangan amangko; olih gawe Ratu Inten keni; haguring sang aji; Guru Gantangan luhung.

374. Dadi sira tolé Lembu iki; lah mangko bakalé; nyata kasia-sia mangkené; inggih ua mangké tan ngilapi; sakarsa den iring; ua kang dén tinut.

375. Ya semono tolé akal mami; ya kajengé mangko; Guru Gantangan priyé akalé; saking endhi ing enggoné mati; sun anggaregeti; durung puas ingsun.

376. Lamun déréng mulih aranéki; Guru Gantangan mangko; mulih sarta ing Pakuan mangko; kasigeg lampah Bramanasekti; kocap Perwakalih; Guru Gantangan Nanjung.

377. Sakatiga sareng Nyawang ngiring; Guru Gantangan mangko; pan sumaur samargi-marginé; pandika ((u)ru Gantangan mangkin; kakang Perwakalih; primén ua iku.

378. Ua bagawat Bramanasekti; nganter kaya mangko; boten purun padhek salaminé; mapan kula mulah boa ngarti; ua gawe dengki; ala atinipun.

379. Coba kula dhateng ua dalih; duwé ati linyok; mongsa gelem ua ngaku waléh; tapi lélèwané ua gething; pan kaula lirik; iku ua medut.

380. Kadi pundhi kakang Perwakalih; lampah ua mangko; gusti rama apan wawelingé; dhateng ing ua Bramanasekti; weling wanti-wanti; nitipana ingsun.

381. Sarta sakarep kula tut wuri; tapi yén samangko; aja tinuta ing salaminé; datan pendhek anggur sayan tebih; arep mulih mulih; arep tinut tinut.

382. Nulya matur kakang Perwakalih; yén wau tinakon; palakara bagawat nganteré; pan wong tua atine mangkéki; anggur tan nganteri; wasisaning laku.

383. Lélèwané wa Bramanasakti; mring bandara inyong; kon dipangan dening macan énténg; atawa dhikon panganing belis; kakang Perwakalih; aja panjang catur.

384. Anggur payu kakang padha nuli; buru laku mangko; kakang Nanjung Nyawang katigané; pada gancang bok aburu akir; jog ning alas jati; jebul dungus bungur.

385. Wis kalintang alas ingkang sengit; gancanging carios; jog ming tegal si Wat-awat mangké; nulya nuju sing kepuh sauwit; wong sakawan iki; nunten padha ngaub.

386. Kang kasigeg wau ingkang ninis; caturing wong roro; méh adungkap Bramana lakuné; malah angliren wis katingali; pan anulya gasik; jog mangdhateng kepuh.

387. Dhateng mrengut wa Bramanasakti; lan kang Lembu mangko; rupa lesu lebet lampah séwot; sarta nuli atakona aglis; Guru Gantangan iki; kadi pundhi laku.

388. Olih wulan olih taun mangkin; lan olih winduné; angulati Ratninten rupané; malah ingsun pan amasih cilik; durung oléh warti; duk ta mangké sepuh.

389. Guru Gantangan anggur payu mulih; medhek rama katong; inggih nuhun karsa ua mangko; la yen ua ajeng karsa mulih; sumongga amulih; karsa tinut payu.

390. Yén kaula déréng ajeng mulih; wedos rama katong; pan ajeng nut amantuka mangko; (nyaur) gebos wa Bramanasakti; Guru Gantangan uwis; ingsun wuwuh napsu.

391. Lan maningé ingsun olih warti; wong ing dalan gedhé; sarya ingsun takoning enggoné; si Retnénten pernahé ing pundhi; gerip amangsuli; yén takon puniku.

392. Dédé wonten ing buana iki; Retu Inten mangko; ing pernahé dasar bumi mangko; ing puseran ageng dhalanéki; pan baga ngabelis; tan wandé alampus.

393. Guru Gantangan anggur payu mulih; matur rama katong; kerana sun heman sira mangko; Guru Gantangan amangsuli aris; ua ajeng mulih; sumongga amantuk.

394. Pan agebos wa Bramanasekti; temen sira mangko; ora nunut sira maring inyong; inggih ua kula seja ngiring; ua karsa mulih; sumongga amantuk.

395. Yén kaula ajeng mulih; nedha dunga mangko; iya uwis sira arep mantok; sira aja calathu ing mami; sun ta arep mulih; marang umah ingsun.

396. Sigeg lampahe Bramanasekti; lan Lembujayané; kawarnaha Gru Gantangan anom; lan pamongmong kakang Perwakalih; Nyawang Nanjung sami; payu padha mantuk.

397. Gru Gantangan matur nembah amit; dhateng ua alon; sareng kakang Perwakalih mangko; muwah Nyawang Nanjung pan asami; kang sakawanéki; lepas lampahipun.

398. Sigeg malih wa Bramanasekti; soring kepuh goné; kang kocapa Gru Gantangan mangko; sampun lepas la(m)pahe lumaris; uwis laras ati; kakanten wus rawuh.

XVIII. KINANTI

399. Rahadén pan sampun rawuh; prapta pinggiring jaladhri; rahadén nulya ngandika; dhateng kakang Perwakalih; kakang kaparimen ika; nyabrang tanah lambakneki.

400. Kakang ngulati parahu; utawi ngulati rakit; sumawon lamun bahita; humatur kang Perwakalih; Nanjung Nyawang ngulatana; wong tihiga angulati.

401. Kang Perwakalih anuju; prahu satugel kapanggih; nulya matur dhateng radyan; Guru Gantangan nulyangling; kakang mara dangdanana; tumbeng ababenting mami.

402. Kang Nyawang ambakta lempung; kang Nanjung ingkang nampeni; nulya sami padha lepa; sakedhap palasta aglis; kakang payo padha nu(ng)gang; aja lawas anang margi.

403. Nulya radén nunggang prahu; pamongmong katiga sami; kang Nyawang Nanjung wawelah; Perwakalih ngamudhéni; payu kakang gancangena; welah padha dén seroni.

404. Sumarawat lampahipun; wis aja cinatur margi; yén gunung tan patutugan; yén sagara tan patepi; gancangena ing carita; puseran ageng dén ungsi.

405. Wus prapta puseran agung; pareng suruding jaladhri; bahita datan kerasa; kaserod malebu warih; saking wantering sagara; rahadyan les datan éling.

406. Joging sapatala rawuh; rahadyan nulya anglilir; sampun alinggih ing jamban; heram radyan manahnéki; linggih ing jamban rarangan; sang bathara kang darbéni.

407. Rahadyan ngandika arum; dhateng kakang Perwakalih; heh kakang nangendhi baya; wau prahu dén tunggangi; mangkė sampun linggih jamban; tan wekaning wau neki.

408. Perwakilh haturipun; embuh ingsun ora uning; dadiné ora karuan; lali-lali les tan éling; ika ta nagara apa; ujare kang Perwakalih.

409. Rahadyan ngandika arum; marang kakang Perwakalih; ujaré kakang sok murka; wong tatakon dén takoni; asigeg ing paguneman; kocap kang darbé nagari.

410. Sang bathara jenengipun; Nagaraja namanéki; kang anyongga alam dunya; wonten sadhasaring bumi; alinggih ing padhaleman; adarbé putra satunggil.

411. Wondéning ing putranipun; warnanipun ayu luwih; namané Payung Kancana; tetapi durung akrami; sang bathara angandika; marang ingkang putranéki.

412. Kaya prié manahipun; kumepyur raosing ati; Payung Kancana tinjoa; ingon-ingon anang jawi; babu nyai énggal medhal; atinjo ngon-ingoneki.

413. Bok ana maésa tarung; kuda gajah dén titéni; kang putra sampun mariksa; gajah kuda tan agingsir; kang putra matur ing rama; tan wonten sawiji gingsir.

414. Sang bathara sampun weruh; terus raosing kang ati; weruh sadurung winarah; yén badhé dhateng tatami; ngandika dhateng kang putra; sun arep kon andhandhani.

415. Babu nyai suṅ kon mantuk; balé kancana tingali; satra énggal dhandhanana; dén saé dandosanéki; kang rama inggih sumongga; sakedhapan sampun prapti.

416. Payung Kancana humatur; yén amajang sampun prapti; sokur yén sampun palasta; mugi énggal dén haturi; tinjo ing jamban larangan; tatami bagus respati.

417. Punika putraning ratu; putra Prabu Siliwangi; kang amengku Pajajaran; mila kudhu dén saéni; kang putra matura nembah; déniring pawonganéki.

418. Sakedhapan sampun rawuh; ing jamban larangan aglis; nembah dhateng raja putra; inggih nuhun kula gusti; dipun utus kangjeng rama; ngaturi jeng dika gusti.

419. Radén cingak manahipun; ningali dhateng sang putri; krana tebeng pagineman; lan pamongmong tiganeki; rahadyan nulya ngandika; dhateng ingkang lagi prapti.

420. Kang Perwakalih humatur bari ningali sang putri; manawa wongrep angrampas; mila teka amariki; Nyawang Nanjung padha ngucap; wong sok sambéwara iki.

421. Sang putri anembah sampun; dhateng raja putra aglis; kaula ajeng uninga; sapa sinten kang wawangi; lan apa dén ularana; muwah pundhi ing nagari.

422. Raja pinutra ya mangsul; mojar dhatengiṅg sang putri; pun kakang Guru Gantangan; dipun potus rama aji; ngilari sang /pundi/ (putri) éndah; Retna Inten wastanéki.

423. Dén takon nagara iku; Pakuan nagari mami ; mangké pun kakang jeng tanya; maring putri badhé rai; rai sinten ingkang wasta; age wangsulana aglis.

424. Raka wasta kauléku; wulangun kang ngamastani; winastan Payung Kancana; mésem mésem amangsuli; kula resep ngangken basa; dhatenging jeng raka iki.

425. Mas Payung Kancana matur; dhateng sang raja putra glis; rahadyan dén aturena; dhateng rama kula mangkin; énggal dén kering kaula; radén ngandika suwawi.

426. Rahadén ngandika arum; dhateng kakang Perwakalih; kakang payu marek rama; sang bathara kang nimbali; kang Perwakalih angucap; gumuyu kawa(n)ti-wa(n)ti.

427. Perwakalih sauripun; mila gumuyu kawa(n)ti; pan déréng-déréng karuan; wus dén undhang rama aji; pan mésem sang raja putra; kakang aja amastani.

428. Tan dangu bubaré sampun; sing jamban larangan aglis; Nyawang Nanjung réréongan; ningali putra lan putri; resep tinjo kang lalampah; bari nembang dhadhang gendis.

XIX. DANGDANGGULA

429. Alalampah putra lawan putri; lan pawongan tiga ngiring samya; pamongmong ing katigané; sakedhap nulya rawuh; pan alinggih ngaturi taklim; hormat lawan tilawat; dhateng tiang sepuh; inggih nuhun palamarta; matur nembah dhateng sang bathara aglis; sang bathara tumingal.

430. Sang bathara uluk salam sami; sarya takon dhateng raja putra; ajeng dhateng pundhi radén; lan seja apa iku; lan punapa kang dén ulari; nuhun pariksa rama; nuhun nembah matur; wondéning awak kaula; purwanipun dipun potus jeng ramaji; sang prabu Pajajaran.

431. Angilari bakal ibu mami; raja putri Ratna Inten nama; warta naléndra kang impen; pan ayunipun punjul; ing Pakuan tan ana tandhing; ngrat Jawa tan apada; puniku kasuhur; nanging kalangkung bangganya; saisiné Pajajaran datan conggih; samya pépé sadhaya.

432. Para putra punggawa lan mantri; ing Pakuan samya srah bongkokan; hatur mring kangjeng sang katong; sang nata ngandika rum; nulya gundhang mring kaula lit; nimbali dhateng kula; kula kang ingutus; sarta badhé dérékena; kang utama pun ua Bramanasakti; lan kakang Lembujaya.

433. Wonten dening awak kula alit; pinarengan jagjagan pamotan; pamongmong sakatigané; kang Perwakalih Nanjung; kakang Nyawang kang amedheki; siang dalu tán tilar; kang béla tumutur; awndening sunan ua; wa bagawat kakang Lembujaya mangkin; tan karsa pedhek pisan.

434. Mila kula dumugi mariki; gih pun ua bagawat Bramana; awéh warti kang mulane; yén Ratninten punku; wontenipun dhasaring bumi; puseran ageng margan; Gru Gantangan ngriku; samengko wus aja lunga; nyata sira bocah sih mengkoné cilik; sun tua tan adugi.

435. Tan wandéa mangko sira mati; ingsun héman lamun sira pejah; anggur patut balik baé; sira wét mangan sekul; maturana dhateng sang aji; yén weleh ngulatana; mangko sira matur; wondéning atur kaula; dhateng ua bagawat Bramanasekti; pan inggih nuhun ua.

436. La yén ua ajeng mulih mulih; ajeng tinut kados pundhi karsa; utawi jeng meneng saé; yén kaula jeng mantuk; jeng malebet dhasaring bumi; mung dungané dén tedha; pan anyentak asru; temen sira tan nuruta; marang ingwang kaula seja angiring; punika lampah kula.

437. Malah mangké wa Bramanasekti; masih tilar soring kepuh nunggal; tegal si Wat-awat rérén; wis tole aja tutur; dadi dawa wiwirang isin; dede ua sing bapa; dudu saking ibu; dudu ua temen ika; sarta ala ora bener atinéki; tole bogané rama.

438. Sadurungé tolé atuturi; pan si rama iku wis kawruhan; bagawat iku alané; kadhi paran tolé ku; ora rawuh si rama krihin; si rama dadi ndugal; lampah tole iku; mung tolé ja salah tampa; yén wong ala tanpanen beneré iki; kola walakuwatta.

439. Hila hila hil aliyul alim; sapunika panuhun kaula; tarima dén wuruk baé; rasdu kalawan takrul; ping tigané punika takyin; wulangan sang bathara; Nagaraja suhun; iya bener sapunika; tapi tolé ana déné ing sakiki; sun jaluk suka nira.

440. Mila tolé tedha suka iki; ing si rama pan ajeng dipun cap; tandha putra ratu gedhé; malah uga puniku; dados ratu agung sinékti; lan nyakrawati pisan; prakosa tur luhung; Guru Gantangan tur nembah; lah sumongga rama kaula sunati; kaula suka lilah.

441. Sang Bathara Nagaraja mangkin; animbali putrané sang retna; Payung Kancana sira ge; dhangdhana kakangipun; Radén Guru Gantangan mangkin; pan ajeng tinibanan; tandha sunatipun; inum akir dha ludira; sampun énjing durung medal sangyang rawi; dén pangkon bakal garwa.

442. Payung Kancana amangkon aglis; ing ra(ha)dén raja putra rama; nedha suka lilah raden; sang raja putra matur; suka pisan kaula iki; rama manah kaula; tan ruwed saglepung; nunten énggal ninbakena; sampun panti dhamel pratandané mangkin; nulya nimbali putra.

443. Payung Emas tunggonana mangkin; kakangira bok amedhalerah; gethin ora patut mangke; kudhu sira glis matur; gih sumongga kaula mangkin; matur dhateng kang rama; pan anulya tunggu; tan tebah ing pernahira; katingalan raja putra tatunéki; pan mancer medhalirah.

444. Kongsi kaya kuwung-kuwung dadi; mapan énggal dhateng ingkang rama; matur pan wonten medhalé; pan kadya kuwung-kuwung; ingkang rama timbalanéki; mangké marang kang putra; lah yén sapuniku; Payung Kancana ta sira; kudhu darbé kaul dunya brananéki; énggal kasrah sadhaya.

445. Radén kula ajeng angaturi; kaula yén kongsi amampeta; wedalerah ing tatuné; kasrah dunya sadarum; kang nakseni pamongmongnéki; gethih nulya mampeta; ingkang kados kuwung;

nulya matur dhateng rama; inggih rama sampun mampet erahnéki; pan alit kantunira.

446. Sabuntuting iku skantunéki; timbalana mengko ramanira; kaulana malih agé; badhan kasrah sadarum; dhateng raja putra dén aglis; inggih rama sumongga; pamongmong katilu; dados panaksiné sabda; sakedhapan erah sampun mampet malih; nunten matur ing rama.

447. Pan kang rama animbali malih; maring putrani Payung Kancana; yén wis waras ing tatuné; sira sung malih kaul; asrah badhan lawan jasmani; matur mring kakangira; inggih rama ulun; tan dangu énggal kang putra; matur nembah dhateng akang Guru aglis; raka kula saksénan.

448. Rai daweg si kakang nakséni; ing samangké kadi pundhi karsa; mongmong kakang katigané; kang badhé saksénipun; pan angucap kang Perwakalih; iya uwis kamanah; karsa ing sang ayu; aja ana ing ijaba; muwah kabul kaping tiga kabalnéki; sakarsa wis kamanah.

449. Angandika raja putra malih; dhateng rai Nyi Payung Kancana; kakang mangké sampun saé; raka pan inggih matur; gih kaula jeng matur malih; dhumatenga ing rama; pan enggal amatur; kang rama kula nguninga; yén ing mangké waras tan sawijiwiji; pan kaula srah badhan.

450. Sampun asrah badhan lan jasmani; badhan kula wis kasrah sadhaya; kados pundhi ing karsané; duhur watesing rambut; wates andap dampaling sikil; déning kang wonten tengah; aja dipun catur; dados endem-endemira; dalu siang pasrah pati huripnéki; raka pucung tinembang.

XX. PUCUNG

451. Inggih rama hatur kaula puniku; satimbalan rama; rempeg manah kula ndhérék; sampun kasrah tarima pan tinarima.

452. Ingkang rama nulya angandika arum; dhateng ingkang putra; Payung Kancana sira gé; yén wis waras tatu sang raja putranya.

453. Sarta sira kasrah jiwa raga sampun; pamongmong katiga; iku kang dadi saksiné; réh kaula ulam munggeng ing lampadan.

454. Ingkang rama angandika iya sukur; walujeng sadhaya; tatapi mangké sun kongkon; kudhu kesah Payung Kancana dén enggal.

455. Matur nembah Payung Kancana glis mantuk; dhumateng kang raka; inggih radyan kaulanon; dikén rama ing ngaturi raja putra.

456. Radén raja putra angandika arum; gih nuhun sumongga; sareng katiga pamongmong; jog tumedhak matur nembah dhateng rama.

457. Sang Bathara Nagaraja ngandika rum; dhumateng kang putra; raja putra ing samangké; raja putra aja ageng alit manah.

458. Ing saiki palakara anak ingsun; Si Payung Kancana; pasti dadi rabi tolé; jodonira pinasti saking akérat.

459. Tapi tolé aja kaénakan kacung; aning enggonira; pulang resmi inag samangké; pan si Payung Kancana Guru Gantangan.

460. Tapi duduk punika ta saking ingsun; ingsun ora suka; ora rena yén mangkono; jodhonira inasti saking akérat.

461. Elingena sira tolé wong den putus; déning ramanira; prabu Siliwangi mangko; ngulatana Retnenten durung kape(n)-dhak.

462. Ana déné Retna Inten pernahipun; dhudhu dhasar lemah; ing jabaning langit dédé; pernahira ing buana panca tengah.

463. Tolé kurang gemet pangulatanipun; tolé ing si rama; mangké tan duwé pangwewah; mung punika cupu manik astagina.

464. Isinira emas olehing lelebu; dén enggonen jimat; sira arep apa baé; aneng dunya arep apa bae sira.

465. Krana jimat dadi duwe tolé iku; luwih saking jimat; dunya brana sakabehé; pan si rama tarima tolé angreksa.

466. Tapi tolé ngulatana dén atutug; aja dadi manah; dadi pangajeng-ngajenge; rama tolé ngajeng-ngajeng dadi lawas.

467. Rabinira ja geris dén gawa mantuk; inggih nuhun rama; manah kula gih samangké; sadurungé wontening timbalan rama.

468. Sapunika manah kaula rumuhun; iya sokur pisan; duwé manah sira tolé; angandika sang Bathara Nagaraja.

469. Marang putra Payung Kancana sireku; gemen anterena; lakinira jrung lakuné; puseran gungmugi énggal jujugena.

470. Nyi Mas Payung Kancana kaula nuhun; lan maningé sira; aja cilik aja gedhé; atinira réh laki pinotus kisah.

471. Késahipun pinotus déning sang prabu; lawan iku jimat; tole cupu den asaé; élingena iku saban saben dina.

472. Krana iku pasti agung sawabipun; samu barang ika; tinurutan sakarepé; siji mawat ora pasah déning branja.

473. Tapi tolé badhé manggih cacal agung; denpitenahena; déning si Bramanasakti; tapi aja cilik ati tolé sira.

474. Aja lamon dén lalara sira iku; najan pinejahan; tolé asrahena baé; payu miang tolé bubar dina ika.

475. Ingsing mangké si rama anjurung laku; inggih nuhun rama; kaula bubar samangké; sampun sedya matur nembah nulya bubar.

476. Nyi Mas Payung Kancana késah rumuhun; deniring pawongan; tan tebah lawan kaungen; lan pamongmong gumberbeg lawan pawongan.

477. Tan adangu sakedhap anulya rawuh; ing jamban larangan; raja putra lan rainé; Nyi Mas Payung Kancana sami karuna.

478. Raja putra sami ngembeng waspanipun; kang nrai tur sembah; mapan sami karunané; gih kang raka kaula sumongga pejah.

479. Sumadia dipun tinggal lawan mantuk; pan mangsa enaka; meneng pangan lan asaré; sampun késah mugi rawuh mréné kakang.

480. Pan kang raka dangu sambat rainipun; samya melas arsa; uwis aja nangis baé; pan si kakang aluk é(ng)gal tedakena.

481. Kakang késah dara pon gelis katimu; bakal ibunira; putri Retnenten enggoné; inggih kakang kaula ta tedhakena.

482. Angandika kang raka ing rainipun; pundhi rupanira; ikang bakal andhédhérék; matur nembah wonten pungkur kula undhang.

XXI. PANGKUR

483. Nuli kang rai angundhang; ingon-ingon ingsun tanggiling kuning; sia tangia rumuhun; dhateng ngarepan ingwang; kapyarsa sang tanggiling anulya rawuh; kagét prapta matur nembah; inggih nuhun kula gusti.

484. Payung Kancana pan mojar; héh tanggiling mila sun ngundhang aglis; ingsun arep kon amantuk; gawanan gustinira; laki ningsun Guru Gantangan puniku; raja putra angandika; dhatenging sang putri aglis.

485. Kaprimén tanggiling ika; badhé kawrat wong pat ingkang nunggangi; Payung Kancana amatur; aja ta wong sekawan; masih dungkap punika titiang satus; pan angijir tan kabakta; raja putra ngandika ris.

486. Dhateng kang Nanjung kang Nyawang; sumawona dhateng kang Perwakalih; bareng kakang nunggang payu; énggal samya anunggang; sang tanggiling matur sumongga alungguh; inggih ing gigir kaula; raja putra ngandika ris.

487. Rai si kakang pan késah; dén kang rai karia dén abecik; kang rai anembah matur; sarwi rai karuna; inggih raka dén tedha salametipun; déning salampah kang raka; kaula dén anti-anti.

488. Tanggiling sampun uninga; yén wis tutas gunem putra lan putri; sang tanggiling pan anggayuh; angideg mahetala; pan andedel pratiwi sarwi anggayuh; angkasa nulya amesat; marang gagana wiati.

489. Kaya samperating kilat; panglarapé iya tanggiling kuning; tan adangu nulya rawuh; lampah Guru Gantangan; pan ap-

rapta ing pinggiring samodra gung; Guru Gantangan tangginas; lungsur sing tanggiling kuning.

490. Sang raja putra ngandika; dhawuh dhateng sira tanggiling kuning; tanggiling yén sampun rawuh; lah iya uwis aja; wates kene hingganira nganter ingsun; sang tanggiling nulya késah; puseran agung dén ungsi.

491. Sang tanggiling sampun musna; sampun prapta marang pernahé maning; sigeg tanggiling rawuh; kocap sang raja putra; pan malajeng kepuh nunggal kang den jujug; sarta kang Nanjung kang Nyawang; katiga kang Perwakalih.

492. Kasigeg kang ajeng prapta; kawarnaha bagawat Bramasakti; masih wonten soring kepuh; kalih lan Lembujaya; masih nganti katalibeng lakunipun; kesele kabina-bina; wantuning kang drengki jail.

493. Pinten lami kang ngantosan; sang bagawat wuwuh kang giregeti; masih lagya gunem catur; lan putra Lembujaya; nulya mingé sang bagawat pan andulu; réh Guru Gantangan prapta; katingal pan masih tebih.

494. Pandikané sang bagawat; marang Lembujaya iku pnunapi; si Guru Gantangan rawuh; kaya rep marenea; masih gesang panyana ingsun wis lampus; kaparimén akalira; sing endhi margané mati.

495. Tan adangu nulya prapta; soring kepuh nunggal anulya linggih; bagawat angandika sruh; agebos lan anyentak; iya bagé satekanira kapripun; endhi Ratninten rupanya; olihira angulati.

496. Guru Gantangan anembah; inggih ua Ratninten tan kapanggih; apa gawénira iku; lawas nang sapatala; meng-amengan; jajah kalangan iku; wau ujaring punapa; ping do ping tiga sun penging.

497. Sira bocah laré ika; ingsun uga tua datan kaconggih; mapan bener ujar ingsun; dudu ta kaya sira; ora duwé duduga prayoga iku; ujar ingsun silih apa; gaplah lakunira iki.

498. Inggih nuhun sunan ua; boten pisan seja meng-ameng iki; mila késah purwanipun; malebu ing sagara; dédé niat pribadi kula rumuhun; nyentak bagawat Bramana; apa ujarira iki.

499. Sapa kang akoning sira; pisan pindo ping telu sun ambengi; uwis sira lawan ratu; inggih makaten ua; mila lawas kaula tan manggih prahu; manggih parahu satunggal; potong tinumbeng abeting.

500. Wus palasta dinempulan; tinunggangan wawelah dén seroni; nunten jog puseran agung; nulya malebet pisan; tan kémutan les jog sapatala rawuh; linggih ing jamban larangan; sang bathara kang darbéni.

501. Nulya kapanggih wanodya; ayu anom punika warninéki; putra sang bathara iku; nunten atatakona; sampun tuntas kaula dénundhang gupuh; déning ramaning wanodya; sang bathara mariksani.

502. Gement sang bathara priksa; dhateng kula kula sampun wakcani; sadhaya lampah kahatur; réh boten bisa bobad; malah malah priksan sing wiwitanipun; kula dén utus jeng rama; samargimargi wakcani.

503. Purwa kaula dinuta; déning kangjeng rama kula sang aji; ngelari sang putri ayu; Retna Inten namanya; nanging boten nganggo wates taun windu; yén Retna Inten kapendak; kahatur dhateng sang aji.

504. Sarta kang andhérék kula; sunan ua bagawat Bramasakti; Lembujaya kalihipun; nging kandeg kepuh nunggal; la yén mongmong katiga dumuginipun; tan tebih sareng kaula; pedheking samargi-margi.

505. Sampun hatur sapunika; sang bathara nulya ngandika aris; yén takon Ratninten iku; tan wonten dhasar lemah; boten wonten jabaning langit puniku; wonten bwana ponca tengah; sira tolé dén bodoni.

506. Sampun gemeting pariksa; tapi tolé rama jeng cap ciréni; yén kula jeng boten purun; ajrih wedos kaula; sapunika lampah kula waunipun; kawarnaha sang bagawat; gebos nyentak gagilani.

507. Ya talah Guru Gantangan; tan boronga ijabing lawasnéki; dadi lalampah tan urus; tegané dén cap tandha; ciren sunat mengko ingsun ora weruh; gelem datan agelema; aja ora gelis balik.

508. Mengko apa harep sira; ngulatana sing endhi paranéki; tan kena den emaniku; (pan) sira wong ngabangkal; nuhun ua kaula dede puniku; pan eman ua tarima; asrah sri nata karihin.

XXII. SINOM

509. Kula jrih ing kangjeng rama; mila boten ajeng mulih; dhateng nagara Pakuan; Pajajaran kula isin; yén putri tan kacangking; ibu Ratninten kahatur; konjuk ing sri naréndra; krana kala kula tampi; tinimbalan boten winatesan wulan.

510. Malih taun tan takeran; windu boten mawi wangkid; yén kaula masih gesang; sumawona masih hurip; tembuh kula yen mati; kerana badhan sakojur; wonten ingkang kagungan; lahir kaulaning gusti; pan kaula batin kaulaning Alah.

511. Tan paraos masih mobah; milané kula samangkin; amung sapunika ua; dhateng wa Bramanasakti; yén ua tan ngandeli; kados apundhi rumuhun; nulya ua anyentak; mring Guru Gantangan aglis; lah ta sira arep marang endhi paran.

512. Enggonira ngulatana; mongsa ta iku kapanggih; inggih nuhun sunan ua; pakajengan kula mangkin; ngilén saking ngariki; kasigeg tolé rumuhun; lawan ua bagawat; Lembujaya Purwakalih; Nunjung Nyawang Déwi Ratninten kocapa.

513. Nagara Tanjung Malaya; Retna Inten ramaneki; wasta Sunan Umbul Maya; déning wasta ibunéki; Nyi Déwi Titiswari; Pambelahan wekasipun; Pangéran Lokatmala; jujuluk kang rakanéki; sapunika Ratninten kulawarganya.

514. Nanging kang tutunggon kocap; Retninten kang den tunggoni; pan wong agung saking sabrang; wondéning jujuluknéki; wastané kang karihin; kang anulis iku nunut; Pangran Gajah Cantayan; enggoné tutunggonéki; sampun lawas boten angsal pedhek pisan.

515. Aja papak sapocapan; pan déréng salaminéki; sigeg ta wau sang ratna; wonten kang kocapa malih; Gajah Kalana mangkin; sungsun pitu tengahipun; pitu gadhing maléla; Liman Cantaka naméki; nanging padha padha gajah bisa ngucap.

516. Angucap kaya manusa; malah angen-angenéki; pan éstu kaya manusa; wus anang padésan aglis; désa Tanjung samangkin; malah geger liman ngamuk; dukuh dén amuk gajah; malah pakarepanéki; angarepi dhateng Ratna Intenika.

517. Malah-malah wis kawarta; Tanjung Malaya nagari; yén padésau(é) wis resak; Pangeran Lokatmaléki; nulya ngandika aris; dhateng bakal ipenipun; rai daweg dadana; anjung sapinggiring argi; nuhun nembah Pangéran Gajah Cantayan.

518. Matur sang Gajah Cantayan; dhateng ingkang raka aglis; anjung dipunengko apa; kang raka ngandika aris; rai déréng miarsi; ana warta gajah ngamuk; désa lan padukuhan; Gajah Kalana maténi; ngulatana Ratninten den karsakena.

519. Mila anjung dipun énggal; Gajah Cantayan tur aglis; inggih kang raka sumongga; angiring kang raka aglis; énggal dangdan tumuli; sakedhap tarapti sampun; boking kasisih lampah; Gajah Kalana bok aglis; pan kaparat sato dhemening manusa.

520. Anjung sampuna palasta; kang raka ajeng metuki; sareng lan Gajah Cantayan; késah énggal dhateng rai; Ratninten raka prapti; kang rai nulya amatur; kang raka jeng punapa; raka ajeng ngundhang rai; umpetana linggih anjung pinggir arga.

521. Kang rai alon haturnya; raka apa mulanéki; mula umpeta nang arga; apa rai tan tingali; gajah meta nelasi; padedesan

sampun lebur; Ratninten dén upaya; lagi demen dhateng rai; matur nembah raka sumongga akésah.

522. Nulya késah samya bubar; yén ana warta samangkin; kang rayi wados kalintang; anjrit hamba lawan ceti; pawongan padha nangis; aduh bapa aduh indung; sumawona bandara; Déwi Retna Inten angling; iya emban mengko baé gawe akal.

523. Gémén gaéwa tarékah; gajah angken bakal mangkin; ambrih énak atinira; wong wedi awad tan wedi; gawé panganan iki; undhang karihin ming ingsun; sun wéh mangan amucang; tebu pucang lawan sirih; pan amucang cangcian sedhah candikan.

524. Kasigeg kang dhangdhan pucang; ing duhur panggunganéki; kawarnaha ingkang raka; Pangéran Lokatmaléki; lan bakal ipénéki; ana déné wastanipun; Pangran Gajah Cantayan; sareng rakané sakalih; ingkang raka ngandika mring rainira.

525. Ratninten raka jeng késah; ajeng mulih mring nagari; semang dening ibu rama; wongening awak kang rai; wayahé baé ngriki; tak tinggalana rumuhun; kang rai matur nembah; sasambat bari anangis; inggih kakang rebab jangkung analangsa.

526. Mending pundhi angantosa; atawasi anglawani; alawan Gajah Kalana; kang raka maturi aris; rai kaprimén mangkin; ujar rai sapuniku; mung kakang tedhakena; dherapona ingsun olih; angandika ku Pangéran Lokatmala.

527. Pangéran Gajah Cantayan; adhi sumawi wangsuli; wangsul dhatenging nagara; prakawis Ratninten mangkin; satapa-tapanéki; Gajah Cantayan amatur; inggih raka sumongga; andhérék kaula mangkin; awangsula kakang kondur sing panggungan.

XXIII. D U R M A

528. Tan arlangu wong agung kakalih énggal; wangsul dhateng nagari; kocapa sang gajah; kalana lagi meta; sampun prapta ing nagari; Tanjung Malaya; kasrandu ingkang prapti.

529. Kang satunggal ku pangranduk Lokatmala; kalawan ingkang rai; bakal ipé nira; Pangran Gajah Cantayan; sampun padha katingali; déninging gajah; Kalana amerodi.

530. Anarajang wong agung kakalih énggal; Gajah Kalana nggohi; wong agung narajang; dén unus duhungira; sami bareng anuduki; tinimbal-timbal; mapan ginilir-gilir.

531. Saking arep saking buri kéri kanan; siji tan anendasi; sang gajah angucap; pan ingsun tadhahena; énténgé tanaganéki; taluk ta sira; adhimu kon mariki.

532. Adhinira Retna Inten pawéhana; aja sira umpeti; dén arani ingwang; durung weruha ika; ingsun ora angunduri; ya tadhahana; sun arep males pulih.

533. Angandika ku Pangéran Lokatmala; aja ta rainéki; dén sraha mring sira; iku ta adhi ningwang; becik cocotira iki; kaya mangkana; sato héwaning belis.

534. Sanajana rupanira ya manusa; mangsa ta sun serahi; rainira belang; embuh wis ora ana; aran Lokatmala iki; yén masih gesang; sira kalawan mami.

535. La yén masih sun tapak wayang-wayangan; Gajah Kalana angling; héh ta Lokatmala; kaprién ujar sira; rasa ningsun sira iki; dén éman ingwang; ora rep dén larani.

536. Yén saiki Lokat lan Gajah Cantayan; kudhu prayitna sami; Pangran Lokatmala; lawan Gajah Cantayan; ingsun arep angempani; ing gadhingira; mayu mangsanging gati.

537. Lah ing kono Gajah Kala(na) maring yyang; sabda wong agung kalih; nuli kapiarsa; déning Gajah Kalana; panangtang wong agung kalih; Gajah Kalana; nerajang nubruk aglis.

538. Pan tinubruk wong agung kakalih ika; ginoco déning gadhing; pinuletan pisan dening tulalénira; pan binalangaken tebih; wanter kalintang; kocap kadia mimis.

539. Mumbul muluk malesat tiba ing sabrang; maring nagaranéki; nagara Cantayan; sami sakalihira; kasigeg wong agung kalih; kocapa gajah; Kalana daregeti.

540. Bulang-baling gajah nusud wuwuh rosa; ngidul paparaneki; kaambung rupanya; Ratninten néng panggungan; wus metu saking nagari; Tanjung Malaya; nuju pinggiring ukir.

541. Tan adangu gajah nulya katingalan; sang putri aningali; wantuning wanodya; kang kemit datan ana; mung ana emban sawiji; nunten ngandika; maranging embanéki.

542. Iya emban pantes si kakang wis pejah; lan rama ibu mami; emban delengena; iku rupa si gajah; rep ngungak emban lan putri; pan katingalan; emban nangis anjerit.

543. Pan gumeter emban kapoyua sira; sanget wedos kapati; mati tan wurunga; malayu ngungsi sapa; sang Ratninten ngandika ris; sarya karuna; emban wis aja nangis.

544. Ing samangko ya sira uga wedia; aja yén rupa wedi; salagia ingyyang; wedi luwih lan sira; pan wau wus sun warahi; gawe tarékah; ngalap rahayunéki.

545. Darapona iku gajah nganiaya; si gajah marang mami; lagi guguneman; sang putri lawan emban; tan antara nulya prapti; Gajah Kalana; jog soring anjung aglis.

546. Nulya ngucap sang gajah dhateng sang retna; Ratninten adhi mami; kakang jaluk nginang; sang putri angandika; kakang jaluk nginang mangkin; uwis siaga; kang gajah ya sawawi.

547. Kakang gajah kula nedha palamarta; datan babasan maning; kang gajah angucap; adhi iya uwisa; kakang ora rep basani; iya sokura; yén pucang seja cawis.

548. La yén apan si adhi wis acacadang; ing wengi wus cumawis; prayatna sapanjang; bok kakang gajah teka; karana uwis kawarti; yén arep teka; mengko kalaksaneki.

549. Mas Ratninten angandika mring Kalana; lah kakang kinang iki; suruha candikan; lawana putunguman; pucangé cangcianéki; bako jamangan; sareng gandune gambir.

550. Gancang tampi si kakang Gajah Kalana; sarta bungah tinéki; sambari; rarasan; adhi si kakang dhawak; sokur ora babasani; marang si kakang; tutug pracayanéki.

551. Pan amojar sang déwi marang Kalana; sadalah gawé iki; gawé pucang masak; atawa gawé gantal; Gajah Kalana mangsuli; adhi si kakang; ja gawé rusuh maning.

552. Palakara ora gawé suruh mangsak; tetek gantalan lempit; lempit basa Sundha; alok-alok si kakang; mangan sirih masak lempit; cara Jakarta; reh lali nebut sirih.

553. Pan kasigeg Kalana lagi amucang; néng kolo(ng) panggung mangko; kocap ibunira; Déwi Retninten ika; wasta Dewi Titiswari; lan Pabelahan; wasta kang rama néki.

554. Jujuluké wasta Sunan Umbulmaya; Matur Nyi Titiswari; mando dhateng raka; mondé (was)pa karuna; rama tolé kados pundhi; si Lokatmala; samangké pernahnéki.

555. Reh binalangaken déning gajah meta; lan bakal mantu sami; rama tolé mojar; yén tole Lokatmala; wus adat wong lanang mati; ing paperangan; kakanten adhinéki.

XXIV. KINANTI

556. Ora kaya anak ingsun; Ratna Inten namanéki; kaprimén laléwanira; siji kakangné nilari; loro bakalané kadhang; embuh awak ingsun mangkin.

557. Titis(w)ari ngandika rum; dhateng raka bari nangis; payu késah sing nagara; nagara lian dén ungsi; sugan manggih kang sanggupa; mateni si gajah iki.

558. Déning Retna Inten iku; mung sa (ba?)tang tapanéki; kaparimen begjanira; lamun ora dén paténi; awaké dén amuk gajah; Umbul Maya ngandika ris.

559. Sanajan ingsun puniku; saking wingi dhuwé pikir; manawiné o/ng/lih warta; si tole Lokatmaléki; karuan enggéné ika; dhateng mayu Titiswari.

560. Agé dhangdan brangkas-brungkus; gotong mikul wong angiring; gegendong pawonganira; selur budhal sing nagari; jujug purugipun ngétan; Titiswari késah krihin.

561. Sunan umbul wonten pungkur; ngiringaken garwanéki; tan kawarna kang lalampah; kocap kang lelampah malih; Rahadyan Guru Gantangan; kalawaning Perwakalih.

562. Gelap Nyawang Kidhang Nanjung; mongmong katiga medheki; wondéning uwa bagawat; Lembujaya saminéki; agunem samarga-marga; si bengiwen tekeng mangkin.

563. Guru Gantangan rumuhun; deniring pamongmongnéki; nulya kapethuking lampah; layan kang lalampah malih; Nyai Dewi Titiswara; Bul Maya kang angiringi.

564. Guru Gantangan an andulu; takon dhateng Titiswari; kula ragi katambetan; bibi éstri dhateng pundhi; layan bibi sinten wasta; sareng ajeng dhateng pundhi.

565. Lan ngulari apa ibu; Titiswari matur aglis; pun bibi yén pinariksa; enggon pun bibi karihin; nagari Tanjung Malaya; wasta Déwi Titiswari.

566. Ajeng ngunsi dhateng dukuh; sumawon dhateng nagari; lan ajeng ngulari putra; Pangeran Lokatmaléki; dén balangakening gajah; boten wikan tibanéki.

567. Atawa ing purugipun; bibi ajeng takon malih; sang putra sinten jenengan; saking pundhi kang nagari; ajeng dhateng pundhi paran; punapa kang dén ulari.

568. Déning priksa sapuniku; paparab kaula bibi; winastan Guru Gantangan; ing Pakuan kang nagari; wondéning seja kaula; durung tutug tatakoni.

569. Midhanget saur puniku; ingkang dadi cop sing ati; kang binalangaken gajah; sing pundhi margané mangkin; purwane saking punapa; pun bibi mangsuli aris.

570. Bari karuna ta matur; dhateng raja putra aris; sumongga bibi carita; andarbé dosa pun bibi; amung dhosa duwé anak; kathahpun mung kakalih.

571. Kang jaler iku kang sepuh; kang enom iku pawéstri; Retna Inten wastanira; kang jaler jujuluknéki; ku Pangéran Lokatmala; dén birat deninging ésti.

572. Yén wis ambalangi iku; wong agung iku kakalih; tan asuwé gajah ika; nusud kadi asu manting; jujug dhateng papanggungan; pernahé anak pun bibi.

573. Pun Ratninten pernahipun; pun gajah wikaning mangkin; milanipun bibi késah; seja minangsraya mangkin; tawa manggih kang sanggupa; maténi gajah puniki.

574. Guru Gantangan tan dangu; miarsa bi Titiswari; tétéla caritanira; raja putra angabakti; kula nedha palamarta; dhateng éyang Titiswari.

575. Miwah dhateng éyang kakung; embah Umbul Maya malih; mila kula salin basa; lan palamarta kapati; kaula pan kapethukan; suka suka duka gih kapanggih.

576. Titiswari kagyat matur; Bul Maya kakagét sami; ningali manah sang putra; talimé kapati-pati; raja putra matur énggal; dhateng embah jaler éstri.

577. Prakawis pariksa wau; embah dhateng kula iki; kala rumiyin kaula; purwa dén utus ramaji; sri naréndra ing Pakuan; kangjeng Prabu Siliwangi.

578. Kinén ngulari puniku; Déwi Ratna Inten nami; tapi ing manah kaula; datan wandéa puniki; sadha énak manah kula; réhing déréng manggih warti.

579. Krana kala dipun putus; yén mangsih déréng kapanggih; ibu Ratna Inten ika; kena katur sang ramaji; boten pinaring takeran; windu taun miwah sasih.

580. Wondéning kang éyang iku; ajeng enggal lampah mangkin; tebenging panuhun kula; réh kula ajeng ngundani; ing pernahira kang putra; panggungané masih tebih.

581. Sampun pedhek pernahipun; kula ajeng andhatengi; turta kula neja lawan; mring gajah Kalana mangkin; sigeg ingkang paguneman; kocapana kang méh prapti.

582. Sang bagawat pan andulu; jog prapta tur tatakoni; héh Guru Gantangan ika; iki pawéstri ing endhi; sembari agégéndéngan; Guru Gantangan tur aris.

583. Inggih sunan ua iku; gih punika ibunéki; kalayan kang ramanira; bah Bul Maya wastanéki; Titiswari ibunira; Ratnintené pinggir argi.

584. Sang bagawat ngandika sruh; dhatenga Nyi Titiswari; ayun dhateng pundhi ika; gawa gégéndongan iki; kaula pan ajeng késah; ungsi lianing nagari.

585. Krana nagri kula lebur; dén amuking gajah mangkin; kang balangaken nak kula; Lokatmala namanéki; kalih bakal mantu kula; Gajah Cantayan wastéki.

586. Gajah Kalana puniku; dremen dhateng anak mami; mangké wis ana panggungan; bagawat ngandika malih; Retninten anang kemita; atawa ora nang kemit.

587. Mula dén tinggal kang iku; kalawaning ramanéki; boten wonten kang tunggua; sabab tan wonten kang wani; pedhek dhateng papanggungan; wedhé kasmaraning mangkin.

XXV. ASMARANDANA

588. Ngandika bagawat malih; dhateng Radén Guru Gantangan; payu Guru mulih bae; maranga ing Pajajaran; maturing ramanira; kudhu den lurug wong agung; gajah dudu musuhira.

589. Krana gajah iku luwih; rosané kabina-bina; kudhu dén lurug akéh; mula sun sring menging sira; sun éman marang sira; émaningsun liwat langkung; teka sira ora kena.

590. Nyentak payu héris mulih; inggih nuhun sunan ua; ua kén mulihing mangké; sapisan pingdo ping tiga; marang awak kaula; kula boten neja mantuk; duduk boten éman ua.

591. La yén ua ajeng mulih; inggih sumongga ing karsa; wa bagawat pan anggebos; kadi badhak karo anak; kaya macan mamangsa; kahuk kadi lembu ngamuk; soca malotot méh luncat.

592. Talinga kaya sinebit; apa ta ing ujar sira; becik temen wangsulané; sun arep paliasena; sira ta ora kena; arep apa sira iku; tan kena dén rahéyua.

593. Nuhun ua kula iki; dhédhé kula tan tarima; gih tarima sapanjangé; sang bagawat wis menenga; tan arsa sumaura; tingalipun sapanjangé; sang bagawat wis menenga; tan arsa sumaura; tingalipun marengut; Guru Gantangan ngandika.

594. Dhateng éyang Titiswari; muwah éyang Umbul Maya; réh wau éyang tatakon; saking sema dhateng kula; ajeng anglawan gajah; embah apopoyan wau; réh alit awak kaula.

595. Tiang alit dén katanding; najan aliting nagara; Tanjung Malaya leburé; saking si gajah punika; mangkana saurira; inggih tarima kalangkung; pangemaning tiang sepah.

596. Kaula dipun palangi; palamatan sapunika; masih kaula dén ranté; melot manahing kaula; éling timbalan rama; sang bagawat sauripun; dhateng Titiswari énggal.

597. Lah iki Nyi Titiswari; iku si Guru Gantangan; késah salami-laminé; enggon kula anganteri; mula sing Pajajaran; kesel ati kula iku; Titiswari énggal mojar.

598. Dhumateng bagawat aglis; punika Guru Gantangan; panyana kula samangko; wantu tiang anem ika; dérénng wikaning temah; raja putra nunten matur; inggih nuhun sunan embah.

599. Dédé kula boten kénging; dipun éman tiang sepah; mapan sing mula-mulané; pangemané wa bagawat; menggah émaning embah; Embah Titiswari nuhun; dhumateng awak kaula.

600. Mapan kula sing rumiyin; pandikaning wa bagawat; kaula anuta baé; mung ua aken wangsula; dhatenging Pajajaran; mung iku kang boten tinut; sahaturan wau kula.

601. Ngandika Nyi Titiswari; dhateng ingkang raja putra; dén tan kena penging mangké; kaprimén karepé ika; amung dên prayitnaha; ibu nta nang pinggir gunung; sing kené wis katon ika.

602. Elung tolé olih ardi; humatur sang raja putra; nuhun embah sakarsané; ya tole pinanggih gampang; mangké yén wis karuan; Titiswari ngandika rum; dhateng bagawat dén énggal.

603. Nedha palamartaneki; Titiswari saurira; lan dhateng bagawat mangke; ajeng lunta lampah kula; Titiswari anembah; sunan Umbul Maya matur; anulya ajeng lumampah.

604. Padha antos sing antosi; Umbul Maya lan bagawat; sapa kang olih damele; Titiswari pan lumampah; Gru Gantangan tumingal; sarya nulya ajeng mantuk; tan nganggé malih pamitan.

605. Mantuk sabature aglis; kandeg lampah sang bagawat; kalawan ingkang putrane; Lembujaya wastanira; sarwi apaguneman; Guru Gantangan puniku; ing puseran gung tan pejah.

606. Manawa ing kene mati; den amuk dening si gajah; kerana luwih rosane; tan wandea sira modar; den remah dening gajah; kasigeg gajah puniku; kocapa Guru Gantangan.

607. Sampun sihik panggungneki; ing duhur anulya unggah; sang gajah dherum andape; lagi aturu sang gajah; sang putri mingengetan; sang raja putra andulu; ajeng dhateng ning panggungan.

608. Lah emban enggal haturi; pupung gajah lagi nendra; pun emban sanget wedose; kapoyuh-poyuh kang emban; yen wedi ya uwisa; nanging sun welas kalangkung; dhatenging sang sinatria.

609. Sun arep den awe mangkin; anuju sareng tumingal; tan adangu ing praptane; jog ing andap papanggungan; sang putri amariksa; raja sinatria ndulu; sami taken tinakenan.

610. Heh sang raja putra mangkin; kaula ajeng mariksa; sapa sinten jenengane; saking pundhi kang nagara; punapa kang den seja; jeng dhateng ming pundhi iku; sang raja putra mangsula.

611. Wasta kaula ing mangkin; wulangan kang winastanan; Guru Gantangan wartosé; putrané sri nara nata; kang amengku nagara; Pajajaran kang rumuhun; nunten pinotus kaula.

612. Angularana sang putri; Ratna Inten wastanira; boten wonten takerané; windu taun muwah wulan; lamon dereng kapendhak; kaula datan abangsul; sareng saréncang kaula.

613. Pamongmong katiga sami; kang Perwakalih kang Nyawang; kang Nanjung kaping tigané; wondéning ing sepuhira; sunan uwa bagawat; kang Lembujaya puniku; gunging andhérék sagangsal.

614. Nanging wa Bramanasakti; nganter tan arsa medheka; adoh salaminé baé; malah mangké masih tilar; ngantos aneng bang wétan; hatur kula sapunika; ngungkurena marang gajah.

XXVI. PANGKUR

615. Déwi Ratninten kocapa; wonten lungsur papanggungan alinggih; angres midhanget ing tutur; tuturing raja putra; saking purwa dhateng madya wekasipun; sang putri nulya amojar; dhateng Gru Gantangan aglis.

616. Mangké tolé primén akal; sarta tolé ja gémén gawa mami; lagi ana gajah tunggu; matur Guru Gantangan; awondénten rapkawis gajah puniku; pan aseja kula lawan; sang putri ngandika aris.

617. Tolé ajana dén lawan; krana gajah rosa angliliwati; sing akaterajang lebur; ajaha wong sakawan; tura bocah najan puluh atus éwu; parandéné tan anyongga; yuda brata boja kulit.

618. Pun gajah gagah prakosa; iya tolé yén tan kena dén penging; apa karepira iku; inggih ibu kaula; tedhakena sok baé ibu rahayu; iya tolé yén mangkana; sok denundhanga karihin.

619. Ibu leresing sandika; iya tolé tolé dén ati-ati; raja putra nembah kondur; sing jenga ibonira; sampun benggang Guru Gantangan sing anjung; nulya raja putra nantang; pethak pethak sing wiati.

620. Héh gajah sira tangia; uwis aja gajah énak kang ati; atutunggon iboningsun; wis dhateng putranira; yén tan wruha Gru Gantangan nira ingsun; kang ora wéh marang sira; gajah Kalana atangi.

621. Midhanget ingkang anantang; nulya kagét aglis metu ing jawi; Guru Gantangan kadulu; déning gajah Kalana; tan antara gajah anerajang gupuh; dén pulet tulalénira; tur bari rerasan gipih.

622. Héh bocah mara budhia; déning sira bocah sakepel cilik; karo bebed sira iku; tan wandé ingsun remah; kapidhanget dening raja putra muwus; gajah aja cacotira; payo umtapena mami.

623. Mangsuli gajah Kalana; iya bocah tan wurung sun balangi; tan dangu si gajah iku; ambalangaken tebah; nulya niba sirah Cipabelah sampun; sang putri awas tumingal; ajrit dhateng Perwakalih.

624. Héh Perwaka Nanjung Nyawang; iku tolé dén éndahaken maning; dén balangi gajah ngamuk; é(ng)gal buru dén gancang; katingalan sumpiratira angidul; kagét pamongmong katiga; binuru sakedhap prapti.

625. Kapanggih sang raja putra; pan rinangkul déning kang Perwakalih; sareng kang Nyawang kang Nanjung; tolé déréng lilira; primén akal batur ngulatana banyu; kuthuk gendheng Nanjung Nyawang; ngulati banyu sing endhi.

626. Uwis isun ora bisa; kaparimén lamun wis kaya iki; dudu togan awak ingsun; togané si tanorang; krudan gajah rosa dipun lawan purun; Nanjung Nyawang sok rarasan; ora na sababé mangkin.

627. Kang Perwakalih angucap; Nanjung Nyawang aja urusan maning; angulatananing banyu; padha kitha banjura; déning banyu sing endhi oleh anemu; nulya énggal Nanjung Nyawang; angulati ponang warih.

628. Banyu wis anang arepan; tan talangké tolé dipun tamasi; raja putra lilir gupuh; sarya atatakona; ana ngendhi teka anéng kene ingsun; pamongmong sareng ngaturnya; tolé tan karaos mangkin.

629. Ya kakang ora karasa; amatura mang kakang Perwakalih; dhateng raja putra gupuh; tolé wus ja den lawan; si Kalana sapa kang anyongga musuh; anggur tolé mayu budhal; dhateng Pakuan agelis.

630. Guru Gantangan ngandika; iki maning wus kruan enggonéki; sang putri Ratninten iku; embuh yén uwis sempal; bahu kiwa kalawan kang tengen iku; ora arep amuliha; yén masih lengkep pasagi.

631. Kang Perwakalih angucap; pan mangkana si tanorang samangkin; kanang pokané punku; wong barang song andika; raja putra nulya angandika asruh; uwis kakang payu bubar; padha majuana maning.

632. Tan adangu nulya bubar; iya iku si kakang Parwakalih; tan antara nulya rawuh; lebet wau paprangan; tan talangké raja putra nantang gupuh; kapethak (petha)ka ciya; héh gajah majua maning.

633. Bok ta sira durung puas; ingkang ngaran tanorang masih hurip; lamun sira ora weruh; ingsun putra naréndra; ing Pakuan Pajajaran duk rumuhun; dén becik sira tadhaha; ingsun arep males pulih.

634. Gajah miarsa susumbar; peteng ribut kupinge lir pinetik; anggero narajang gupuh; dhateng guru Gantangan; pan aberok gajah Kalana rumuhun; sang raja putra ngandika; héwan sira bosen hurip.

635. Ya bocah sira sasambat; apa sira pupungé masih hurup; beciké sira malayu; sun éman rupanira; bagus anom respati sembada langkung; yén sira tan angandela; tan wandé ya sira mati.

636. Ya gajah sok cacotira; tan talangké gajah nerajang aglis; nyudukena gadhingipun; tulalé puletana; dopi nyabet cinandhak sarwi akukuh; Guru Gantangan ngandika; kakang padha anyuduki.

637. Guru Gantangan anyandhak; pan akukuh gajah pan jengking-jengking; anjungkel jumpalik wau; pan anggero Kalana; iya sira kukuh ing panekelipun; upama tobat-tobatan; Parwakalih ngunus keris.

638. Pan énggal panyudukira; amaliger anyuduk saking buri; Gelap Nyawang nyuduk lambung; Kidhang Pananjung ika; pan anyuduk; wanter susudiki asruh; kacatur kaceping gonja; sinuduk tinitir-titir.

639. Perwakal panyudukira; langkung banget tanaga dén entongi; keris jalak dén kacebur; getihe anyembura; ming rarahi Kidhang Pananjung apenuh; édané ki raka tua; batur den semburi getih.

640. Kidhang Pananjung angucap; édan temen iku kang Perwakalih; nyemburi tarahi batur; catur gajah Kalana; pan gumeter (awa)knika nulya lampus; kasigeg Kalana pejah; Nyawang nembang dangdanggendis.

XXVII. DANGDANGGULA

641. Nulya ngucap kakang Perwakalih; dhateng Gelap Nyawang Nanjung ika; mangsa bodoa sitolé; tanurang ngandika rum; kakang aja saledher uwis; payoa padha bubar; miang dhateng anjung; ibu Ratninten tinjoa; payu gawa dhateng ua Bramasakti; pamongmong sumaura.

642. Pan aming sampun marepeki; sabaturé tumandang sadhaya; sang raja putra sauré; jeng ibu kula nuhun; ajeng minggah ming duhur aglis; ajeng ngaturi hormat; dhumateng jeng ibu; kalawan tilawatira; réhing sepah sepah dening basanéki; umuré nom wanodya.

643. Tan adangu Gru Gantangan prapti; linggih tata luhur anjung ika; sang retna awas tingalé; tan kampeh manahipun; pan sang putri nul(y)a ngabruki; dhateng sang raja putra; Gru Gantangan matur; kang ibu sampun mangkana; ajrih wedos datheng jeng rama sang aji; ngestoken donya kerat.

644. Pan sang putri katuwoning ati; héh sang putra tolé dening apa; tan kena dén pikangené; dén pikangéning ingsun; apa matak dadi mangkéki; Guru Gantangan nembah; nuhun sunan ibu; kawula tan pisan pisan; andarbéa (pangraos) manah mangkéki; sanget ajrih kaula.

645. Ajrih wedi dening ibu mangkin; awondéning kang ibu mangkana; kangen ming kaula mangké; inggih langkung kasuhun; ing mastaka kaula mingkin; pan léhér tekang pundhak; Parwakalih muwus; dhateng sang putri punika; wantu bocah arep balégé mimiti; bok ana kang anarka.

646. Pan sumaur mangke raja putri; sapa kakang ingkang duwé tarka; Parwakalih mangsul alon; lah ing pikir wong iku; ora kena iku dén pasti; sang putri sumaura; ja mangkana iku; krana si gajah wis pejah; nulya ngucap mangké kang Parewakalih; si gajah wis karuan.

647. Lah si gajah apa iya mati; lah yén mati endhi ba(ng)kénira; ilang tanpa keranané; sang raja putra matur; inggih ibu leser wis mati; wondéning ku sampéan; daweg sami mantuk; sareng lan lampah kaula; sumaura sang putri ming gajah mati; wau uga wis pejah.

648. Sunan ibu sumongga dén iring; lah yén karsa sumongga lumampah; boten karsa supaminé; kudhua baé mantuk; sumaura ming emban aris; emban sira muliha padhaleman ingsun; sun arep ming Pajajaran; besuk emban rawuh ibu rama mami; emban sira matura.

649. Nulya emban matur nembah aglis; lan sang putri anulya akésah; mayu tolé bubar agé; mianga dina iku; tan adangu sang raja putri; raja putra punika; dén candak ming ibu; dén lélémék sapu tangan; samya bubar sing luhur anjung kawingking; Parwakal Nanjung Nyawang.

650. Dopi emban ajeng ming nagari; nagariné ing Tanjung Malaya; sang raja putra lampahé; pepeki baturipun; anjog dhateng Bramanasakti; kagyat ua bagawat; Guru Gantangan rawuh; iya sira uwis teka; endhi gajah apa mengko uwis mati; gih ua sampun pejah.

651. Wa Bagawat andangu saiki; yén wis kruan Guru Gantangan prapti; kaya sebit talinganė; nétra bang tur, marengut; jajanira bel metu geni; gregetan manahira; sang bagawat muwus; iya

wis mati si gajah; Gru Gantangan sira gelem tempuhnéki; ingsun ora sanggupa.

652. Nulya matur Guru Gantangan aris; inggih ua prakawis pun gajah; inggih pejah sayektosé; lamun iya mangkéku; payu miang sadana iking; dhumateng Pajajaran; sumongga rumuhun; tan adangu nulya bubar; sakancané Guru Gantangan rumiyin; samya mongmong katiga.

653. Wa Bagawat Lembujaya tebih; lampahira saking Guru Gantangan; sing buri masih anjengek; Déwi Ratninten matur; dhateng tolé tatakon aris; héh tolé ki bagawat; lumampah kadyéku; sing wuri lampah lonlonan; apa késak andhora kaya samangkin; matur Guru Gantangan.

654. Inggih ibu wa Bramanasakti; hatur kula ing rumiyin ika; nganter salami-laminé; punika lakunipun; mila kula boten angarti; pan kajeng-ajeng ua; Ratna Inten muwus; héh tolé dén aprayitna; sun taksiri bagawat ala ning ati; gih ibu rempagira.

655. Kudhu tolé dén angati-ati; lan pamongmong sakatiga nira; padha ati-ati baé; Dewi Ratninten matur; dhateng kakang Parewakalih; lah kakang é(ng)galena; kang bagawat iku; karana wis sore lalampah; ujaripa kang Parwakalih samangkin; bagén enténen uga.

656. Tan adangu sang bagawat prapti; angandika mring Guru Gantangan; apa mula mandeg kéné; Guru Gantangan matur; inggih ua pratélanéki; ibu Ratninten ika; lampah sampun lesu; boten kuat alalampah; kang bagawat sarta udan ricik-ricik; boten kelar lumampah.

657. Angandika wa Bramanasekti; saurira ming Guru Gantangan; payu kon dangdhana pondok; Guru Gantangan matur; Nanjung Nyawang kang Perwakalih; payua ketabena; gawéa tatarub; mung kang ibu pernahéna; dipun énggal sakedhap palasta sami; samya kilem sadhaya.

658. Kilemira mangké raja putri; wontening jro paponggok punika; pinageri sakubengé; dhangdhananira kukuh; pan kinepung ing kilemnéki; tiang nenem ing jaga; madhab papat tepung; samya kemit sahadaya; pan keripan sadhaya kilem kapati; nembang panggetak misa.

XXVIII. D U R M A

659. Pan kasigeg satria kang lagya néndra; kocaping yaksa bujil; enggoné jro gua; itang reban bahita; sang ditya nulya atangi; ngambet manusa; tan dangu nulya mijil.

660. Pan angucap sang ditya ngambu manusa; iya mengko balai; gasik nusudira; sakedhap yaksa prapta; nulya sang putri kapanggih; lagya anéndra; ujaré lah tak mami.

661. Ora wandé pinangan sira dén ingwang; ingsun pan durung ngelih; mangana manusa; ditya datan antara; tan tinolih baturnéki; lagya anéndra; putri dén juput aglis.

662. Pan binakta sang putri pinuluk pisan; lebu ing wetengnéki; nanging tan lilira; masih éca anéndra; sang ditya malebeng bumi; jog pernahira; butha turu kapati.

663. Pan kasigeg yaksa turu jroning gua; kocap tanurang tangi; ngalok aken siang; batur padha tangia; wa bagawat Bramasakti; kang Lembujaya; kang Parwa Wang Jung tangi.

664. Nulya tangi sadhaya padha rep dhandhan; hé kakang Parwakalih; ibu gugahéna; Parwakalih anggugah; nulya tininjo wis bersih; jro pasaréan; datan sawiji-wiji.

665. Nulya kagyat Parwakalih Nanjung Nyawang; batur tiwas kapati; sang putri tan ana; lawang uwis tumenga; saking endhi paranéki; sadhaya gita; bok gogémbol ming kali.

666. Pan kinetab sadhaya angularana; amung tiang kakalih; padha amenenga; bagawat Lembujaya; Parwakalih putat pathi; lan Nanjung Nyawang; weléh boten kapanggih.

667. Bohan kakang ngularana gancang lempat; ora tinilik lari; mayu sareng kula; labeting kang babahan; Guru Gantangan ningali; tepakaing yaksa; nyata ki yaksa bujil.

668. Krana tapak panjang langkung patang dhepa; rong dhepa ambanéki; kaula matura; dhateng ua bagawat; Lembujaya kalihnéki; sarehing tiwas; sampun ical sang putri.

669. Tapi ical tan kantenan paranira; mung tapak yaksa bujil; bagawat ngandika; iya Guru Gantangan; becik temen jar siréki; teka maring wang; apa sira nempuhi.

670. Inggih ua kula boten pisan-pisan; darbé niat nempuhi; awon tan uninga; reh sunan ua sepah; pandika wa Bramasakti; kaprién sira; olih ta datan olih.

671. Wa bramana kathah sauri ra ngandhal; géséh panyananéki; kula padhang manah; ari wa peteng manah; iku géséh tegesnéki; raos kaula; sigek néng pondok iki.

672. Pan alajeng Guru Gantangan nusula; dhatenging gua iki; lan pamongmong tiga; Perwakalih matura; dhateng wa Bramanasakti; énggal turéna; yén putri lebet bumi.

673. Nulya énggal Parwakalih tuturéna; dhateng Bramanasakti; anulya matura; kula pinotus radyan; kapurihana nakoni; ing lawang gua; sampuna miang sami.

674. Jog tumedhak wa bagawat Lembujaya; kumpul sabaturnéki; sampun parempagan; raja putra matura; dhateng wa Bramanasakti; kaprimén ua; lamun wis kaya iki.

675. Krana putri sampun wonten jroning gua; kaprimén akalnéki; mojar wa bramana; marang Guru Gantangan; prién akal sira mangkin; ingsun sanggupa; nyatur bari gregeti.

676. Inggih ua awon yén datan uninga; kula ajeng ngakali; sreng mongmong katiga; padha énggal dhangdhana; kang alapana panjalin; sakedhap lasta; mayu kang Perwakalih.

677. Yén tinuta nenggih (pan) dawaning marga; segara tan patepi; gunung tan tutugan; payua gancangéna; Parwakalih matur aris; tolé sun tinggal ing lawang gua nganti.

678. Kakang Perwakalih aja sambéwara; yén kula masih hurip; embuh yén matia; sapa kang nguningaha; Parwakalih ngucap asrih; resep kentasa; sotéh manwa keni.

679. Angling é(ng)gal bagawat lan Lembujaya; samya padha nauri; Bramana ngandika; dhateng Guru Gantangan; anggebos kinonnon amanjing; dhateng jro gua; mongmong katiga sami.

680. Nulya lebet Guru Gantangan pan énggal; mongmong katiga ngiring; pirang pirang tundag; uluran dén cepengi; hrikukun ugeranéki; panjalin kuat tan dangu nulya prapti.

681. Pan aniba dhungkap sadhasaring gua; petengnipun ngabelis; batur primén akal; gua peteng kaliwat; payo dhangdhan obor aglis; tole ngandika; batur aja baribin.

682. Bok manawa sang ditya gemen tangia; payu rarampa aglis; padha sasarana; tan antara kacandak; lah dhalah sikilé iki; sareng angrampa; weteng wandaka iki.

683. Yén dén ukur saparangkul wetisira; kakang Parewakalih; coba kakang garap; iki wentising butha; gumeter kang Parwakalih; kalangkung gila; Nyawang Pananjung sami.

684. Parwakalih Nanjung Gelap Nyawang ngucap; manawa raja putri; dén panganing ditya; Guru Gantangan mojar; luwih gedhéné kang iki; kang ḍhalamakan; panjang pad dhepa iki.

685. Ing ambané dhalamakané rong dhepa; sarangkul wetisneki; iku gedhénira; tandesing dhalamakan; dhadengkul tep wentisnéki; jog pundakira; sapnagan laminéki.

686. Tan adangu sang ditya nulya angoba/h/; radén angragoh aglih; lak-élakénira; sang putri wis kacandak; dening raja putra aglis; datan karasa; déning ing yaksa bujil.

687. Wis kacandak nulya medal dhateng jaba; saurira sang putri; tolé uwis awan; ibu ora karasa; wis dénuntal yaksa bujil; lah tolé iya; ora kerasa iki.

688. Iya tolé masih bengi sun pangrasa; tan antara jog prapti; ing jengan begawat; Guru Gantangan nembah; inggih ua iki putri; iku kalula; kula jeng wangsul malih.

689. Guru Gantangan sira titip kokaria; ya ua mangkenéki; yén lamun kaula; ajeng wangsul jro gua; ditya dereng angemasi; bok anusula; kula ajeng teluki.

690. Guru Gantangan yén wani sira sukura; apa karep siréki; Gru Gantangan nembah; nunten malebet gua; anjujug pundhakanéki; angob sang ditya; nunten dipun lebeti.

691. Pan dén garuk atinira ing sang ditya; nulya ajerit-jerit; saya gudubugan; anggero aduh biang; méh kaideg Parwakalih; duh Gelap Nyawang; Kidhang Pananjung nyingkir.

692. Sasambaté sanget temen laraning wang; tobat ingsun méh mati; dén garuk sang putra; raja putra amedal; saking gagembung ireki; swaraning ditya; mung kantun ngéréng cilik.

693. Pinariksa ditya déning Guru Gantangan; kapriméan sira mangkin; apa rep anglawan; atawa rep teluka; yén sirep anglawan maning; mara majua; nun inggih kula gusti.

694. Lah yén mangké gusti kaula anuta; inggih kaula ngabdi; lah iya tarima; pamongmong saksénana; lan sapa aranmu iki; ditya mangsula; inggih kaula gusti.

695. Aki Jonggrang Kalapitung wasta kula; sarta kula jeng ngabdi; meng seja ngantosa; andherek satimbalan; yén gusti ajeng lumaris; ming Pajajaran; kaula ajeng ngiring.

696. Nanging déréng waspaos gusti yang wasta; iya Jonggrang ran mami; Radén Guru Gantangan; ing nagara Pakuan; putra Prabu Siliwangi; pinotus ingwang; angulari sang putri.

697. Iya iku putri kang dipangan sira; mulané dén larani; inggih wis tarima; seja ngantos timbalan; ya Jonggrang sira rep ngiring; samengko aja; kapariméning mangkin.

698. Krana ingsun arep jajah kalangenan; arep ngumbara mangkin; marang tatar wétan; Aki Jonggrang dén gawa; mangko sun amulih dhingin; ming Pajajaran; mangko sedheng nomnéki.

XXIX. SINOM

699. Sigeg Radén Gru Gantangan; kalawan sang Parwakalih; muwah ta kang Gelap Nyawang; kang Kidhang Pananjung sami; Aki Jonggrang pedheki; lagi pinariksa iku; masih wonten jro gua; kocap sang Bramana sakti; anang jaba lagi pinggir lawang gua.

700. Kalih Radén Lembujaya; sami katiga sang putri; sasampun putri tinampa; nulya énggal Bramasakti; anugeling panjalin; uluran sampuna putung; ngucap sajroning nala; iya kéné goné mati; durung puas iku si Guru Gantangan.

701. Déwi Retninten tumingal; dhateng sang Bramanasakti; nugel panjalin uluran; apasang Bramanasakti; uluran dén putungi; apa goné tolé iku; mangko yén metu jaba; sumaur Bramanasakti; ja rarasan Retna Inten payu budhal.

702. Mangko si Guru Gantangan; nututana saking buri; mangko tan wandéa bisa; sang putri sumaur aris; manawa mangko krihin; ngantos pun tolé rumuhun; sang bagawan anyentak; iya bagen mati hurip; Gru Gantangan tan wurunga laku bisa.

703. Sira yén ora gelema; gemen dén gawa amulih; anganti sun dén lalara; mangsa wurung dén gebugi; mangko dén jamalani; sang putri nulya sumaur; kakang mananten angsal; sang bagawat nyentak aglis; aja ngucap payu baé padha miang.

704. Sang putri tan angsal mojar; énggal lumampah lumaris; mapan énggal nulya mangkat; bagawat nyangking cumeti; dén ukuli sang putri; lumampah iku karuhun; kering déning bagawat; Lembujaya wurinéki; datan angsal sang putri lampah lonlonan.

705. Sinelék déning bagawat; dén ukuli ing cameti; aglis gancanga lumampah; bok kawengéna ing marig; malah sok dén panjangi; supaya gancang lumaku; aja lami marga; anggeran sampun kaeksi; katinggalan puncaking bukit Cisalak.

706. Ratninten mangko liréna; sadhela sun rep dhangdhani; krana wis parek nagara; Pakuan uwis kaéksi; sang putri tan nauri; saking lesu sriranipun; déréng lampah mangkana; saumur ing griyanéki; tan antara sang bagawat ngambil getah.

707. Getah kolé jantungira; nulya gé dipun usapi; warata sariranira; awoh pungpurutan ambil; woh kapuyang gé sami; den puseka-kéning gelung; den guceking panangan; kembang alang-alang sami; tinémpélan werata sarirania.

708. Sang putri nulya karuna; dén apaken awak mami; sira aja sok rarasan; bara-bara sira iki; sun éman mring siréki; mongsa bodho akal ingsun; sun welas maring sira; mula sira gawé iki; sri naréndra Pajajaran kathah garwa.

709. Yén sira teka waluya; sarupanira pribadi; rupa adat wau nira; satat sira ayu luwis; tan wande dén paténi; déning pra garwa sadarum; sang putri akaruna; bintit balut tingalnéki; ling sang putri perih gatel awak kula.

710. Boten kangkat kula rasa; gebos nyentak sang Brahmeki; pan aja akéh lélewa; mengko sira dhak gebugi; ayu rupané maning; apa sira ora weruh; yén ingsun iki déwa; sang putri sekeling ati; manahira boten kangkat sumaura.

711. Payu baé agé budhal; sang putri ngandika malih; sang bagawat Lembujaya; samya alalampah aglis; kasigeg kang lumaris;

kocaping kang masih pungkur; Radén Guru Gantangan; pamongmong katiga sami; ing jro gua Guru Gantangan ngandika.

712. Aki Jonggrang sun antera; ingsun arep metu jawi; kang ibu sun wis dé(n) gawa; Lembujaya Bramasakti; pun Jonggrang matur aris; nulya nembah matur nuhun; daweg gusti linggia; ing épék kaula inggih; tan antara wus linggih sang raja putra.

713. Dén iring mongmong katiga; sami jageng dampalnéki; nunten Aki Jonggrang medal; anjungjung jog prapteng jawi; lumungsur aneng siti; kagét raja putra muwus; lah pundhi ibu ningwang; Lembujaya Bramasekti; wis tan ana kang ibu ing pinggir lawang.

714. Hén Jonggrang sira muliha; maring panggonan siréksi; pan ingsun lagi kémengan; rep amburu ibu mami; lan ua Brama/na/sakti; Lembujaya sampun mantuk; Parwakalih angucap; kaprimén tanurang mangkin; héh tanurang mayu baé padha minggat.

715. Bener matura tanurang; iku saujaré dhadhi; sang Bathara Nagaraja; wruh alané Bramasakti; kakang Parewakalih; aja tatal den picatur; dén gedhong dén kucia; ing pasti tan wurung pa(ng)gih; wangsulane Parwakal dhateng tanurang.

716. Ingsun dhadhi panasaran; ujaré kang Parwakalih; ngandika sang raja putra; panasaran apa iki; ka(ng) mantak dadhi ati; kang Parwakalih puniku; maning primén rep kakang; tanurang upamanéki; lamun ana wong maténi tanpa dhosa.

717. Iya wis kapakénika; mayu baé padha mulih; gemen dhateng Pajajaran; padha padha gelis mulih; aja dhateng jro puri; anjujug ming alun-alun; jog dhateng pangetokan; amung sasoring waringin; amung kula ingkang ambrih pinatenan.

718. Pamongmong katiganira; kudhu milua tut buri; kerana awak kaula; ora ambrih dén ganjari; dhateng kangjeng ramaji; kang Parwakalih humatur; wicara si tanorang; ari ingsun sungkan mati; tan antara mongmongan kakantén budhal.

XXX. KINANTI

719. Sigeg kang ngembeng luhipun; tanurang lan Parwakalih; Kidhang Pananjung lan Nyawang; guneman samargi-margi; kaparimén akalira; bagawat Bramanasakti.

720. Kocap malih kang lalaku; bagawat Bramanasakti; Ratninten déniringena; Bramana nyangking cameti; Lembujaya wurinira; tan adangu nulya prapti.

721. Jog ing Pajajaran rawuh; malebet dhateng jro puri; jog dhateng sasaka dhomas; lampah sang Bramanasakti; bari ambakta wanodya; lèléwané gandang gending.

722. Tangané anggawa pecut; lèléwa antuk pribadi; kang dén iring ora ana; mung ana katiga éstri; tanorang pan ora ana; Guru Gantangan ing pundhi.

723. Kalawan pamongmongipun; sauré pàra ponggawi; padha nyauri haturan; pangandika kyan apatih; patih Ramacunte Tuan; Paksajati jenengnéki.

724. Kyan patih ambagé gupuh; daweg bagé Bramasakti; gumuruh para ponggawa; ambagéken Bramasakti; kaya adat Pajajaran; ragem sami saur paksi.

725. Ki bagawat tan sumaur; mung ingiya wangsulnéki; tapi ora mingé pisan, laju malih lampahnéki; Kiyan Santang angaturan; mung énggah datan panolih.

726. Gancanging bagawat laju. Bramana kalangkung dhegig; jog dhatenging para putra; ing sowan kamuning gadhing; gumuruh ambagékena; Mundig Dhalem kang rumiyin.

727. Sadhaya saur gumuruh; Sutra Lentang wurinéki; sami ambagéakena; ing bagawat Bramasakti; kaula ambagékena; wangsula mung iya inggih.

728. Para putra taros sampun; kapriméu wa Bramasakti; pijer manengo kéwala; boya rungu wong nakoni; ua ora gelem ngucap; sarta ora gelem lirik.

729. Sutra Léntang ngandika rum; dhateng kang Rangsangjiweki; hawantu ua bagawat; edir sumakean iki; anggawa Ratninten ika; aja dhegigé kapati.

730. Iya oléh gawé iku; sun ora tumona malih; lan rai Guru Gantangan; lan mongmong katiganéki; iku ora katingalan; apa mati apa hurip.

731. Tan nolih takon puniku; marang wa Bramanasakti; krana rumiyin wa Brama; pinotus andhérék rai; si adhi Guru Gantagan; megko dhateng ngétan sami.

732. Iya kapariméu iku; sigeg kang putra nakoni; tan antara ki bagawat; sakedhap dhateng ing puri; Retna Inten mangko uga; antenana baé dhingin.

733. Nulya kandeg soring tanjung; tan arsa sumaur mangkin; langkung sekel manahira; sang bagawat nulya angling; dén wuruk sang putri ika; tur sarya amarepeki

734. Sang bagawat sampun rawuh; lah iya kula wis prapti; kapariméu mula kakang; Guru Gantangan nang endhi; bagawat énggal matura; dhateng Radén Rajamantri.

735. Guru Gantangan puniku; masih énggal anéng buri; lagi adhus wangsulannya; dhumateng Nyi Rajamantri; nunten bagawat matura; dhumateng sri nara pati.

736. Sareng ningali sang prabu; maringing Bramanasakti; kakang bagawat haturan; rawuhing ajenganéki; sang bagawat matur nembah; gih nuhun kaula gusti.

737. Inggih kalangkung kasuhun; lehér tekéng pundhak mami; yan akrama sri naléndra; dhawuh pun kakang samangkin; sang prabu nulya ngandika; dhateng kang putra sira glis.

738. Lembujaya anakingsun; bagéa tekamu iki; rawuhing arepan ingwang; inggih nun pasian gusti; nulya sang nata ngandika; dhatenging Bramanasakti.

739. Ratna Inten sapuniku; oleh atawa tan olih; kalawaning putranira; Guru Gantangan nang pundhi; prakawis Guru Gantangan; inggih masih wonten wingking.

740. Ajeng adhus sanggupipun; nanging ugi kula gusti; boten arsa amedheka; matur dhatenging sang aji; kakang sababé punapa; bagawat anembah aglis.

741. Pun Guru Gantangan iku; inggih ing salaminéki; sadhawa tebeng lalampah; boten kénging dén tingali; boten kandeg papasian; boten taha ing kuléki.

742. Kaula angaru haru; boten kandeg kalihnéki; tutas ing atur kaula; dé pun Retnenten puniki; inggih sampun kula bakta; wontening sor tanjung iki.

743. Sang nata nulya sumaur; bagawat iya sayekti; lakuné si Gru Gantangan; inggih nun kaula gustī; boten ping kalihi(ng) karya; dhamel goroh dhateng gusti.

744. Lah ing kono sapuniku; sang aprabu Siliwangi; ilanging purwa daksina; wadana bel metu geni; saking sanget sira duka; salebeting manahnéki.

745. Prakara Ratninten iku; gawa ing panjara wesi; aja na kang awéh mangan; dadi milu dhosanéki; sumaur kakang bagawat; pan sarya ambekta putri.

746. Retna Inten payu laju; dhateng ing panjara wesi; Retna Inten sumaura; boten kangkat anauri; sang putri alon tumindak; tan antara nulya prapti.

747. Lah Retninten sira iku; aja gedhé cilik ati; sira ta agé manjinga; maring jro panjara wesi; sang putri alon ngandika; kaula matura dhingin.

748. Apa dhosa kula iku; tan ngangge pariksa malih; kaula tan duwé dhosa; bagawat anyentak malih; apa ta ing ujarira; becik temen sira iki.

749. Sang putri nulya sumaur; mangsa bodo tolé iki; lagi ana ing jro gua; uluranė dén tilasi; nyentak bagawat Bramana; gemenana sira manjing.

750. Dudu ta ing karep ingsun; ingsun darma dén kongkoni; Retninten sira manjinga; nganti sun dén jamalani; sapira tanaga-nira; putri lebu bari nangis.

751. Konjara kinunci sampun; bagawat wangsul ing puri; matur dhatenging sang nata; inggih nununing sang aji; prakawis Ratninten ika; wus lebet panjara wesi.

752. Lah bagawat iya sukur;dhalah Guru Gantangan mangkin; ingsun ya wis ora suka; kadhatenganiku mangkin; ki bagawat pan anembah; gih nuhun sayektos gusti.

753. Rajamantri ngandika sruh; dhateng ki Bramanasakti; ngandika sarya karuna; héh bagawat aja pati; pitenah kabina-bina; tolé iku masih alit.

754. Durung balég temen iku; durung pati demen estri; ki bagawat ngawangsula; sumilih kaula iki; moal kula agawéa; wong ora duwé dhoséki.

755. Sang prabu ngandika asruh; dhateng garwanipun aglis; Mrajalarang juputana; kanaga ndur kancanadi; isi bedhog pangethokan; Mrajalarang mungkur amit.

XXXI. P A N G K U R

756. Énggal Mas Marajalarang; pan anyandak kanaga ndur mas adi; kanagan pan sampun katur; ing ajengan sang nata; kinon anterana wonten Tanjung Kidul; dhawuhéna Ratu Ponggang; ingsun kinon angéthoki.

757. Ratu Ponggang kon amapag; gemen buru dhateng soring waringin; si Guru Gantangan iku; bok kaburua teka; tan adangu Mrajalarang nunten matur; sampun tutas satimbalan; amit medal dhateng jawi.

758. Lampah Mas Marajalarang; tan antara sakedhap nulya prapti; dhateng ratu Ponggang matur; inggih kakang kaula; pan pinotus dening kangjeng sang ahulun; ngaturna iki kanagé; pangéthokan isinéki.

759. Kon angethok putranira; ingkang wasta Guru Gantangan mangkin; ratu Ponggang kagét muwus; réhing dhateng kongkonan; sarta mbakta kanaga ndur emas murub; isi bedhog pangethokan; malah kagéting jro ati.

760. Ratu Ponggang angandika; dhumatenga Mas Mrajalarang aglis; punapa mulané iku; Marajalarang mojar; inggih ratu Ponggang namung sapuniku; kang wau dipun carita; purwa kon ngilari putri.

761. Pitenahi ki bagawat; ing ngaranan Guru Gantangan mangkin; in marga pasujan lulut; nanging nyana sadhaya; tan dén andel bagawat sacaturipun; amung sang nata kéwala; kang kagahan caturnéki.

762. Ratu Ponggang angandika; dhateng Mrajalarang Tapa nagelis; prakawis kula pinotus; angethok putranira; haturena énggal dhateng sang ahulun; kaula darma ngaula; énggal medal dahteng jawi.

763. Wondéning Guru Gantangan; sampun kantos dhosa tan dhosanéki; mangsa bodoa Yang Agung; Mrajarang Tapa nembah; énggal maturing sang aji nembah asruh; gih gusti kaula prapti; kon ratu Ponggang ngethoki.

764. Guru Gantangan yén prapta; katingalan Mrajalarang yén prapti; apa ratu Ponggang iku; apa wis tinimbalan; iya iku satimbalan ingsun mau; sampun gusti katampia; sadhaya timbalan gusti.

765. Prakawis pratélanira; iku ngethok Guru Gantangan mangkin; tangané sakalihipun; sikil tengen lan kiwa; sarta aja dén gugu sacaturipun; Rajamantri amiarsa; gupuh maturing sang aji.

766. Dén Rajamantri karuna; sarya matur dhumatenging sang aji; kaula gadhah panuhun; inggih gusti sampéan; dipun éling bok wonten manah kaduhung; sri naréndra angandika; marang Radén Rajamantri.

767. Héh Rajamantri nak ingwang; bilas pendah anak hilang sawiji; moal dadi mrarat ingsun; héh Mrajalarang Tapa; payu baé aja kandeg sapuniku; énggal Mrajalarang nembah; nulya medaldhateng jawi.

768. Gancang lampah Mrajalarang; anjog dhateng ratu Ponggang nulyangling; kula dikon énggal laku; gemen dhateng ing jaba;

ratu Ponggang gemen dhateng alun-alun; bakta kanaga ndur emas; jog dhateng soring waringin.

769. Ratu Ponggang angandika; inggih nuhun Mrajalarang samangkin; tan wandéa énggal mantuk; nanging datan ngandika; kendelana saking manaha gegetun; réh datan ngangge pariksa; kang dadi gegeling ati.

770. Mrajalarang saurira; inggih ratu Ponggang malah saiki; Ratna Inten sampun lebu; ing sjroning panjara; sami boten nganggé pariksa ing wau; Rajamantri malah tugas tuturan dhateng sang aji.

771. Nanging datan piniarsa; malah-malah wuwuh duka sang aji; wau dhateng garwanipun; ratu Ponggang ngandika; dhateng Mrajalarang lamuna puniku; mangkana Guru Gantangan; kalakon dipun tugeli.

772. Amung dén kawayangena; napsunira Surabima ing mangkin; Panji Wirajaya Mrugul; wondéning ing si kakang; lah hujabon ing purwanipun pinotus; angethok dhatenging putra; najan si kakang pribadi.

773. Tan wandé dén kethokéna; darma darma tiang ngaula iki; Mrajalarang sauripun; héh kakang ratu Ponggang; awondenten prakawis pangamukipun; punika sang Surabima; nyata dén tempuken mangkin.

774. Murugul pangamukira; dipun tempuhaken Bramanasakti; ratu Ponggang sauripun; dhateng Marajalarang; haturena mangké dhateng sang aprabu; réh énggal ngethok sumongga; tan wandé dhateng waringin.

775. Andangu Marajalarang; sampun tutug amit dhateng jro puri; humatur dhateng sang ulun; inggih gusti kaula; réh pinotus dhateng ratu Ponggang mantuk; ing mangko sampuna késah; sang nata mingé ningali.

776. Marang Mrajalarang Tapa; kaparimén ratu Ponggang samangkin; inggih énggal mantukipun; lah iya sukurana; angandika dhateng bagawat puniku; mamanukan ratu Ponggang; heron ngethok iku mangkin.

777. Lamun si Guru Gantangan; wus kinethok iku kang Parwakalih; lan Gelap Nyawang Pananjung; kudhu tetalénana; ana déné puniku hukumanipun; mangsa boronga bagawat; purwa megat ala becik.

XXXII. M A G A T R U

778. Kang kocapa Guru Gantangan wus rawuh; ngaub sasoring waringin; wonten pangethokan sampun; dhadhok ing ayod waringin; sareng katiga pamongmong.

779. Pan kasigeg Guru Gantangan ing ngaub; kocap ratu Ponggang prapti; anyandak kanaga andur; isi bedhog maleladi; jog dhateng pasowan mangko.

780. Ing pasowan kamuning gadhing prugipun; pra putra tatakon sami; Pangran Rangsang takon kruhun; putra kathah saur paksi; dipun wangsul ajeng ngethok.

781. Nunten lintang jog sasaka dhomas agung; kyan patih takon kariyin; sami takon sadhayéku; gumuruh kang para mantri; winangsul pinotus ngethok.

782. Winangsulan warta bari ngadeg iku; aja cinarita wargi; gunung tan tutuganipun; yen sagara tanpa tepi; dadi kesel cacarios.

783. Sampun lentang Ponggang ing paséban agung; jog dhateng ing pancak saji; jebul dhateng alun-alun; Guru Gantangan kapanggih; sunan ua turan mangko.

784. Inggih tolé pun ua ambage rawuh; lan mongmong katiganéki; bagi binagé sadarum; Purwakalih matur aris; dhateng Guru Gantangan alon.

785. Héh tanorang silih apa ujar i(ng)sun; sabab ilok kadreng ma(ng)kin; primén tanorang yen iku; yén wis kaya kene iki; dhateng palamatan mangko.

786. Rasa ingsun iya uwis tanpa bayu; tan dué tanaga iki; sikil kadia wong lumpuh; rasa sing barang katoni; rajaputra ngandika lon.

787. Ia kakang uwis ora kena iku; dhihiné sampun pinasti; anyar pinanggia iku; sumilih minggat dén tebih; yén arep matia mangko.

788. Pana kocap Ratu Ponggang ngandika rum; marang tolé tresna lewih; sun arep takon rumuhun; kawitan pisah atebih; lan bagawat mula adhoh.

789. Inggih nuhun ua yén taken puniku; sangking mulané rumihin; kala boten sarengipun; lawan wa Bramanasakti; bareng kénging ibu mangko.

790. Kala rebet ibu sangking gajah iku; tan tumut Bramanasakti; Lembujaya saminipun; yén gajah sampuna mati; ibu dén sanggaken mangko.

791. Dhateng ua Bramanasekti rumuhun; nulya énggal sareng mulih; ing marga kaburu dalu; sarta jawoh ageng prapti; ngineb adhamel poponggok.

792. Pan karipan sadhaya samia turu; wis énjing padha atangi; punika yén ajeng mantuk; ibu suwung ing généki; nyata wonten ditya nyolong.

793. Wa bramana nempuhaken nungsulipun; nusunten kula susuli; dhateng jro gua gonipun; yaksa kang mandungi putri; ibu wis pinangan mangko.

794. Nunten kula juput sangking wetengipun; sang ditya turu kapati; ibu den anter rumuhun; dhateng wa Bramanasakti; kula titipaken mangko.

795. Mila titip réh kaula ajeng wangsul; krana yaksa maksih hurip; kula jeng teluking kruhun; sampun teluk ditya mangkin; kula medhal jaba mangko.

796. Dupi dhateng jaba wa Bagawat suwung; kalayan kang ibu sami; éwed kula sing puniku; nulya kaula nut buri; malah dhateng mréné dhodhok.

797. Yén cinatur lampah wa Bramana iku; banentong ing si (ang) wengi; pinurwa sing kéné iku; samargi-margi tan panggih; kesel kula ngantos-antos.

798. Ratu Ponggang nulya angandika arum; Wa Ponggang tan pegat nangis; midhanget sang putra tutur; inggih tolé aku ngarti; sacatur tolé wis katon.

799. Ki Bagawat akal wong Koja malulu; akal Cina lawan Bugis; angrinah saumur-umur; dadiné tolé samangkin; den bener tarima mangko.

800. Krana tolé dudu ua bener iku; iku dadi angiseni; tapi tole ua iku; trima wong ngawula mangkin; réhing dénutus sang katong.

801. Tapi ua ing mangké tebang pinotus; rama tolé sri bopati; kinon ngethok tolé iku; ken putung tangan lan sikil; mila munduring sang katong.

XXXIII. D U R M A

802. Haturira ing mangké Guru Gantangan; mring ua Ponggang aglis; timbalan jeng rama; ngukum awak kaula; inggih kasrah lahir-batin; dhalu lan siang; ua sumongga pacing.

803. Tanganipun sampun dén tunggangi jangkar; nangong yodi waringin; sampurna srah lilah; nedha sukaning ua; yén ua langkunging wening; dhateng tanurang; sumongga ua mangkin.

804. Tan adangu ngunus wedhung Ratu Pongang; maléla wasinéki; tinatab wedhung/ira/(nya); énggal tinibakena; dhateng tanganipun kalih; dhek sapat pisan; sampuna putung kalih.

805. Angandika malih mangké Ratu Ponggang; tolé sikil sakalih; énggal tumpangena; caringin oyodira; tan dangu dén tigas malih; tugel sapisan; ja dhadhos sakit malih.

806. Ratu Ponggang énggal nyandaking panangan; miwah sampéanéki; sinimpén kanaga; sarya nulya ngandika; héh tolé si ua iki; ajeng wangula; tolé dén kuat Gusti.

807. Angres manah Ratu Ponggang akaruna; miarsa tuturnéki; iku Ki Bagawat; kang gawé kaniaya; tan dangu Ponggang lumaris; sing pangethokan; jog dhateng sowan jawi.

809. Katingalan Ratu Pongggang dén Kyan Patya; lan Kéan Santang sami; wong agung sadhaya; sami ambagekena; jinumlah wangsulanéki; nuhun sadhaya; joging kamuning gadhing.

810. Katingalan Ponggang déning para putra; Mundhing Dalem karihin; ambagéakena; takoning rainira; Gura Gantangan ming pundi; putra sadhaya; nut buri nanakeni.

811. Pan gumuruh para putra bagékena; lir ombaking jaladri; den jawab sapisan; boten dén séwang-séwang; yén dén wangsul siji-siji; ing kalih dina; pasti boten nelasi.

812. Pawangsuli inggih nun putra sadhaya; prakawis ingkang rai; Radén Guru Gantangan; inggih pan sampun tiwas; tan panjang wangsulanéki; mung sapunika; tan dangu lunta aglis.

813. Jog tumedhak énggal prapti ning jro pura; pan sami aningali; sadhaya pra garwa; tur padha tatakona; sumawon Dén Rajamantri; asru ngandika; sing pundi anak mami.

814. Kaniaya ingsun ora kapanggia; pundi bapa kiai; tolé anak ingwang; gumuruh ingkang garwa; sumawona Rajamantri; anangis sira; anjrit kapati-pati.

815. Pan gumuruh swaraning kang para garwa; para selir anangis; Sepet Madu ika; kalih Jamang Kararas; tan parurungon kang nangis; ing Ratu Ponggang; kapilu(a) anangis.

816. Pandhihnipun kanaga dén tujahenna; ing ngarsa Rajamantri; Ratu Ponggang kasih; dhateng ing griyanira; Tanjung Kidul kang dén ungsi; jog dhateng griya; agé anulya mulih.

817. Pan amujung Ratu Ponggang héméng manah; réhing kaya mangkéki; sigeg Ratu Ponggang; réh tebeng éwed manah; kocap Radén Rajamantri; lan Mrajalarang; gupuh samya ngebruki.

818. Kang dén bruki kanaga andur kancana; énggal binuka aglis; sikil lawan tangan; sigra pan katingalan; rinaup dén Rajamantri; anaku tiwas; ia bapa kiai.

819. Kapidhanget dening jengan sri naréndra; nulya ngandika asrih; marang para garwa; endhi rupaning tangan; Rajamantri masih nangis; Marajalarang; nangis pating jalerit.

820. Sri naréndra énggal mendeting panangan; dhumateng Rajamantri; pisan ro ping tiga; ora dén piniarsa; sumakéan Rajamantri; aduwé anak; kadah baé anangis.

821. Panangisa tolé masih alit mila; pinotus jeng ramaji; boten anglenggana; pitenah sapunika; dén dahar dening sang aji; iya punika; kang dadi gring ing ati.

822. Angandika sang nata mendet panangan; masih boten tinolih; tanduné sang nata; maranging garwanira; tan wruh soba sita mangkin; wadon candhala; sang nata nyandak aglis.

823. Pan kacandak panangan nulya tiningal; nulya dén mendheng aglis; rupaning panangan; wus metu wulunira; cicirén kang lagi akil; tanggay maléla; tan bodho Bramasakti.

824. Lan maningé si tolé ing Lembujaya; wong sagelem gorohi; sabab dulurira; puniku kang bagawat; dén aran pitenah luwih; gawé supama; dening Nyi Rajamantri.

825. Pan kasigek garwa rinebat panangan; sang nata animbali; dhateng raka emas; kang wasta mas Bagawat; bagawat Bramanasakti; diweg sang nata; lir gula lewih manis.

XXXIV. DANGDANGGULA

826. Raka emas kang Bramanasakti; tampanana bandusan panangan; pendem ing lawang sakéthéng; tangan lan sikilipun; pinggir (lawang) sarya angapit; Bramana matur nembah; anampani gupuh; sampun tutasing timbalan; gih pun kakang amit ajeng amendemi; nulya kinubur énggal.

827. Sikil tangan kang pinisah kalih; ngapit lawang sampunna palasta; wus konjuk dhateng sang katong; gusti kula pinotus; angubura panangan sikil; inggih sampun palasta; wonten dhalem kubur; sigeg sakedhap panangan; kawarnaha jawata ingkang nedhaki; gupuh anjuput tangan.

828. Sigra binakta mabur wiati; anggagana ing kayanganira; ing surgaloka enggoné; yén wis dhateng ngariku; kang panangan kalawan sikil; nunten amalih warna; dados kembangipun; wasta kembang Lokatmala; kawuwusa panangan kang wonten swargi; kalayaning bagawat.

829. Kang kocapa; sun kon maréntah gupuh; Ratu ponggang undhanga aglis; jajagan amit nembah; sakedhap pan rawuh; Ratu Ponggang sigra mulat; pun jajagan enggal matur nembah aglis; dhumateng Ratu Ponggang.

830. Gih kaula pinotus sang aji; kang ngundhanga dhateng jeng andika; mugi énggal dhateng mangké; tan dangu nulya mantuk; nembah matur dhateng sang aji; inggih nun sri naréndra; gih kaula rawuh; sang nata nulya ngandika; Ratu Ponggang kaula badhé ngutusi; papajar dhateng patya.

831. Miwah dhateng ing sang agung mangkin; Kéan Santang lan para ponggawa; kang karo belah kathahé; satunggal punjuli-

pun; amung badhé kang anunggoni; iku sasaka dhomas; titiga wong agung; Radén Patih Kéan Santang; awondéning sang Murugul mangsa uning; wantuné kéné simpar.

832. Erenbarang iku pernahnéki; taha wong agung laku /sa/punika; kudhu budhal sakebéhé; krana Kidhang Pananjung; Gelap Nyawang Parewakalih; tapak wayang-wayangan; sakati-ganipun; gemen padha den prayitna; dén sadia sadhangdhana-ning prajurit; lan sadhangdhananing prang.

833. Sampun tutas timbalan sang aji; tan talangké Ratu Ponggang nembah; amit medal jawi mangké; lintanging mandé agung; jog pasowan kamuning gadhing; para putra tumingal; sarta taken gupuh; gumuruh kang para putra; padha taken uwa dhateng ajeng pundhi; takon kaya wong Jampang.

834. Wong Cidamar iku samineki; lamun ana tatamung sa-dhasa; padha tatakon sakabeh; Ratu Ponggang wawangsul; dhateng putra kamuning gadhing; /pun/ua ngemban timbbalan; jengi rama prabu; ambudhalaken ponggawa; dhateng sowan sasaka dhomas pasagi; dhumateng Raden Patya.

835. Miwah dhateng Keaan Santang sami; patarenan nagara Pakuan; kon mepek gagaman kabéh; tumbak bedhil dén kumpul; kon anyekel ki Parwakalih; tamat kang cacarita; nunten lampahi-pun; jog dhateng sasaka dhomas; katingalan Ratu Ponggang dén kyan patih; kalayan Kéan Santang.

836. Nulya radén patih takon aris; dhateng rai Kéan San-tang énggal; kaula ajeng tatakon; aja paur ginantung; wakcakena dhipun patitis; aja sinigeg sabda; geblasan atutur; ukir pundhi tindakira; inggih raka Ratu Ponggang ngandika ris; kula mikul utusan.

837. Pan angemban printah sri bupati; dhateng raka radyan patya énggal; kon mepek gagaman kabeh; sadhaya kon akumpul; kinen nyekel Ki Parwakalih; sarta sabaturira; Gelap Nyawang Nanjung; kyan patya nulya ngandika; nguwarana timbalané sri bopati; dhateng para ponggawa.

838. Héh ponggawa padha miarséki; timbalané wau sapunika; inggih nuhun andhédhérék; sumaur kathah gupuh; wangsulané sumongga ngiring; Ratu Ponggang takon; dhateng sadhayeku; yén sampun dhangdhan sadhaya; nenggih Ratu Ponggang nembah (nulya) amit; dhateng rahadén patya.

839. Miwah dhateng Kéan Santang sami; amit nembah raka gih mantuka; tan dangu bubar sakabéh; gumuruh pra pangagung; Ratu Ponggang kang dipun iring; kadya wong ngurug prangrang; tinabuan umyang; tenggeraning wong ayuda; kendang tambur tarompét kalawan suling; bendé ngungkung wor surak.

840. Ratu Ponggang nyaur jroning ati; mila kudhu rempugi sadhaya; para wong agung sakabéh; bok sabda kaping tutung; déning Nyawang lan Parwakalih; Nanjung katiganira; manawiné besuk; wontening karsa Yang Mulya; laku jaya wong nyilih kudhu amulih; wong ngutang kudhu bayar.

841. Ala becik tan wurung pinanggih; warta tiang kang luwih utama; pujongga kalangkung saé; pandita luwih luhung; kang waspadeng tingal kang suci; lahir batin tan béda; awon penedipun; nanging nyatané ing dunya; pan kasigeg sumaur sajroning ati; kocap ing pungkur surak.

XXXV. PANGKUR

842. Gumuruh suraking bala; padha ngalokaken batur cegati; kulon lor wétan lan kidul; padha dén parayitna; bok manawa metua sing alun-alun; sigegen kang lagi nyegat; kocapa sang Parwakalih.

843. Kidhang Pananjung Glap Nyawang; lagya tugur radén tanurang mangkin; Parwakalih ngucapa sruh; tojo ujar wong Sunda; Nanjung Nyawang Ratu Ponggang wis kadulu; maréné karepa ika; tan wandé anyekel mami.

844. Ati-ati Nanjung Nyawang; payu baé padha kitha lawani; Parwakalih sayan maju; merpeki gustinira; yén tanurang manahé sampun githiku; radén tanurang ngandika; dhumateng ki Parwakalih.

845. Perwakalih priyén kakang; pan patangtang paténgténg lan pati(ng)ting; apa kakang arep ngamuk; ora becik mangkané; krana kakang anglawan kokonan ratu; hila hila jar wong kuna; ora ilok jar wong mangkin.

846. Parwakalih saurira; wicaraha si tanurang puniki; wus ora bisa lumayung; krana tangan pangwasa; gumlantang sikil tangan sampun putung; yen ingsun ta masih rosa; mangka dén cekel nutui.

847. Dadiné wong iku bogan; masih tapak wayang-wayangan bangkit; krana mengko mati ingsun; tan pantara jog prapta; Ratu Ponggang ngadeg sor waringin kurung; waringin sing pangethokan; deniring déning punggawi.

848. Nulya sami sumbar-sumbar; héh wong batur payu cekelen sami; sing endhi palayunipun; Parwakalih cegata; saking kulon saking wétan miwah kidul; Parwakal metu budhinya; wus padha dén cancut gilig.

849. Angunus curiganira; golok bengkok pan buka pucuk-neki; mangko kaceb ganjanipun; Kidhang Pananjung ngucap; alu-kutan raka tua temeniku; àrep anglawan kongkonan; ora lok pisan ping kalih.

850. Gudhabik hong saurira; Parwakalih mongsa kaya siréki; yén angucap pitung eluk; najan aku ta iya; dudu édan dudu ma-buk dudu bingung; baturé si Ponggang ika; kabéh anggawa pung-gawi.

851. Punggawané pirang-pirang; dia(a) sun punika kawedé-ning; mungkeredhing kontol ingsun; malongo silit ingwang; tan adangu wong surak lagi gumuruh; suraking wadhiya bala; kadi guludug wiati.

852. Payo cekelana uga; dén sarimpen bragod dén abandha-ning; ja dén tata padunipun; datan antaranira; dén brukana déning wong kathah sadarum; wong titiga (ang)rangkepan; taleni dadi sawiji.

853. Kidhang Pananjung Glap Nyawang; Parwakalih iku ta angminggati; dén bonyak-banyik lokipun; sarya asumbar-sum-bar; Parwakalih tur muruput entutipun; ora wurung aku modar; ponggawi kathah ageris.

854. Éwed manahe punggawa; sabab kudhu oléh huripanéki; luhung-luhung dikon lampus; dadi ora karuan; dadi ewuh enggoné

ngarimpedipun; punggawa manggunging lampah; Ratu Ponggang anigasi.

855. Rukem kang akéh herinya; nulya rukem kang dén gebugi; den ebruki wong sadarum; Parwakalih kabonda; pan ginulung rinungkeping wong tatalu; wau prentahe sang nata; dén gantung pethit waringin.

856. Nulya Parwakalih ngucap; héh ki ratu ki Ponggang lamun olih; kula kapingin dinulu; dening bojo kaula; kangen pisan lawas ora atetemu; tilik baé asadhela; bok kula kaburu mati.

857. Yén kula ora panggia; yén ki ratu ki Ponggang ingkang penging; rabi kula biang renung; sok asalah sijia; apa iku rabi kula si trék jahul; (Ratu Ponggang amangsula); ilok sok ngéwuh-iwuhi.

858. Parwakalih boloampar; pan kapengin temua lawan rabi; rasa ana awak iku; pirang bara kuata; payu batur aja katungkuling laku; payu padha mawakena; ugering pethit waringin.

859. Parwakalih sru tangisnya; swara nilir cantuka minta riris; wadi tiba awakingsun; wadi pedhot talinya; awak ingsun mangko tiba nuli lebur; ponggawa kumpul sadhaya; tolé padha dén tingali.

860. Para ponggawa ngrés manah; pan sinaur misakakening mangkin; nyandang siksa sangèt langkung; Guru Gantangan mojar; dhateng ua warni dhuhung kula tedhuh; wa(u) kula nggé gagaman; sabab wedi kathah belis.

861. Wantu pedhek pangethokan; iku dhuhung dén enggo jimat krihin; manawi ya weningipun; manahé sunan uwa; wening

pisan yen uwa prihatinipun; nanging wa jeng tatakona; marang ponggawa lan mantri.

862. Heh mantri para ponggawa; raja putra jeng nyilih dhuhungneki; yen sing ngamuk apa iku; wis tugel sikil tangan; para mantri punggawa sadhaya matur; sumongga ngiring sadhaya; wong anom den turi keris.

XXXVI. S I N O M

863. Dhuhung sampun dén go jimat; dening dén tanurang mangkin; Parwakal dén caturena; dhateng Gru Gantangan aglis; Ratu Ponggang ling aris; dhumateng para wong agung; sumongga awangsula; dhatenging pasowan jawi; sami matur para ponggawa sumongga.

864. Ratu Ponggang amit nembah; dhateng Gru Gantangan aglis; miwah ponggawa sadhaya; tanurang ngaturi amit; pun ua ajeng mulih; Ratu ponggang lampah banjur; gancang lalampahira; jog saka dhomas posagi; raka emas kyan patya lan Kéan Santang.

865. Kaula boten angsowan; bok kayungyunen sang aji; kaula ajeng tumulya; dhateng dhatulaya aglis; kyan patya ngandika ris; sumongga rai alaju; amit tampi timbalan; sawawi rai pribadhi; sampun lampah jog dhatenging para putra.

866. Mapan uwis katingalan; déning putra sadhayéki; nulya takon tinakonan; dhateng Ratu Ponggang aglis; kang putra takon aris; kados pundhi ua iku; lampah pun Gelap Nyawang; Kidhang Nanjung Parwakalih; sampun angsal utawi si(ng) boten angsal.

867. Énggal mangsul Ratu Ponggang; inggih radén wis kacangking; binonda katiganira; ginantung pethit waringin; mung tamat sapuniki; Ratu Ponggang nulya laju; jog dhateng sri naréndra; sang nata nulya ningali; angandika dhateng raka Ratu Ponggang.

868. Kapriyén si Nanjung Nyawang; kalawan si Parwakalih; Ratu Ponggang amit nembah; inggih nun kaula gusti; lampah pun Parwakalih; sampun binunda ginantung; ing sakatiganira; ginantung pethit caringin; iya sukur lamun wus kaya mangkana.

869. Raka mas yén wis palasta; sumongga raka amulih; tan antara Ratu Ponggang; mantuk dhateng riyanéki; sigeg ingkang amulih; kocap sang nata amuwus; dhumateng sang bagawat; lan Lembujaya sakalih; kang bagawat énggal sampéan dhandhana.

870. Wontening sasaka dhomas; mangko pan jinunjung linggih; kursi gadhing lingghihena; Lembujaya linggihnéki; inggih ing ranjang katil; jajaran saduluripun; Pangéran Rangsangjiwa; déning raka Bramasakti; linggih jajar kalawan raka kyan patya.

871. Kalayaning Kéan Santang; kang raka Bramanasakti; yen sampun tutas timbalan; sang bagawat matur amit; jóging kamuning gadhing; wa bagawat pan amatur; dhateng Pangéran Rangsang; popoyan jinunjung linggih; Lembujaya jajar lawan Rangsangjiwa.

872. Déning linggih ua jajar; kalawaning ua patih; muwah ua Kéan Santang; wa bagawat kula ngiring; sampun tutas nulya glis; jog dhateng paseban bandung; kyan patih linggh jajar; kalawan Bramanasakti; héh kyan patih kaula ngemban timbalan.

873. Timbalane sri naréndra dhateng kaula kyan patih; pan jinunjung lenggah jajar; kalawana kyan apatih; lan Kéan Santang sami; Lembujaya linggihipun; jajar sadulurira; Pangéran Rangsang-jiweki; linggihira ranjang katil Lembujaya.

874. Wondéning linggih kaula; linggih wonten korsi gadhing; jajar lawan kyan apatya; lawan Kéan Santang sami; kyan patih ngandika ris; héh sadhaya pra wong agung; padha miarsakena; timbalané sri bopati; nun sandika angiring mantri sadhaya.

875. Wau wangsulan pra putra; kang wonten kamuning gadhing; prakara ua Bramana; nyandak timbalan ramaji; kaprimen uamangkin; kula boten menging iku; botenaken kaula; Lembujaya sapuniki; dén linggia dening ing Pangéran Rangsang.

876. Dopi ing sasaka dhomas; kangjeng ua kyan apatih; linggihaya makaten uga; kaula amung nakséni; lan Kéan Santang sami; lan mantri para wong agung; samya anaksénana; pacaturané pribadhi; kyan apatya aken ora penging ora.

877. Nulya gupuh ki bagawat; anyandak kursi pribadhi; anulya dén linggihena; semu camangmang camingming; lamun mungguhing sasi; kaya tanggal pisan iku; sadhidhik kang padangnya; ageng petengé sawengi; tiang kathah sami wruh ing pruwanira.

878. Para punggawa sadhaya; sami héran manahnéki; padha ningali bagawat; kadi pundhi rasanéki; goroh pan dén lakoni; linyok lahir-batinipun; para punggawa kathah; jajawilan sadhayéki; sigegena jawil kakantén sadhaya.

XXXVII. K I N A N T I

879. Kocap kang ginanti iku; tebeng nangis ting jalerit; sampun angsal pitung dina; tan parurungon kang nangis; salebeting dhatulaya; sumawoning dhalem puri.

880. Nulya ngandika sang prabu; marang Raden Rajamantri; uwis padha dén waspadha; ingsun kalangkung baribin; mengko ta ingsun rep lunga; Rajamantri anauri.

881. Mantuka iya amantuk; sabab bongane pribadhi; ana ratu kangagahan; oleh dén jeruming mantri; bok ing apa den gugua; haturané Bramasakti.

882. Mangsa dadi sapuniku; sang nata kesah kasrenging; ajeng dhateng Erenbarang; nanging tan ngangge babenting; medal lawang bubutulan; si lamajang kang dén ungsi.

883. Satunggal ambakta dhuhung; tan antara nulya prapti; kapanggih ing rantenira; wasta Ni Mas Kentringmanik; ibuna Guru Gantangan; ingkang lagi brongta ki(ng)kin.

884. Kasmaraning putranipun; ing pangud asmaranéki; lah anakku Gru Gantangan; kawayang ing polahneki; hawan bengi angatona; wis lawas ora papanggih.

885. Wus gedhé bayanakingsun; sauré sang Kentringmanik; kaya apa baturira; pamongmong katiganéki; pagene tan asung warta; anak ingsun dén larani.

886. Dén paténi anak ingsun; katungkul sira mongmongi; ngungundhang saking kadhohan; kawilang temen siréki; sira dadi wong candhala; kaya tan wong lanang iki.

887. Kentringmanik unjuk hatur; punapa dipun pejahi; tole dening ramanira; ngandika sengit sang aji; Kentringmanik sira bobat; téga marang anak mami.

888. Nulya dén untali dhuhung; dhuhungé sri narapati; nulya dén tibaken énggal; dhuhung marang tenunéki; Kentringmanik tenunira; rampung katibanan keris.

889. Sang nata susumbar asru; Kentringmanik gé ngamuki; jer sira wadon candhala; iku keris ge ngamuki; Nyi Kentringmanik tumingal; tenun rampung dén gergeti.

890. Pan sigra cinandak dhuhung; déning Nyi Mas Kentringmanik; ajeng angamuk sang nata; ajeng amedal ing jawi; Kentringmanik asusumbar; dhumateng sira sang aji.

891. Tetapi boten kaliru kasmaraning tenunéki; parotol gedoganira; dén wedalaken sorneki; kongsi tugel alitira; malempat Nyi Kentringmanik.

892. Lajeng sang nata ambanjur; malajeng bangsul nagari; rawuh lulurung sang nata; nulya maliger sang aji; jog dhateng sasaka dhomas; para ponggawi ningali.

893. Kyan patya kagét amatur; marang ponggawa lan mantri; agé ya waspadhaken; kolébaté kang katoni; kaya kolébat sang nata; kapalayu dén udagi.

894. Kentringmanik lagya ngamuk; geris manah pra ponggawi; aja meleng kanca-kanca; bok manawa rakanéki; sang Murugul anusula; sosoroh amuka aglis.

895. Pribatur nyiker malayu; gelis sang Murugul prapti; sang nata ajeng malempat; jog dhateng kamuning gadhing; Kentringmanik sampun prapta; putra padha aningali.

896. Rangsangjiwa lon sumaur; iku ibu Kentringmanik; lah dhalah iku anyata; tan goroh jar ingsuniki; yén aker-aker panggia; sakedhap uga pan aglis.

897. Tingalana rama iku; malajeng kapati-pati; hantem ibu ambedhaga; rai gemena sumingkir; bok manawa sunan uwa; wa Murugul mangké prapti.

898. Rawuh asosoroh amuk; sang nata palajengnéki; lonjong botor malebua; dhatulaya kang dén ungsi; kapethuk kalih kang garwa; Rajamantri lagi ninis.

899. Lagi ninis anéng pintu; kang rai Dén Rajamantri; nulya sang nata sesambat; si kakang agé umpeti; sri naréndra tan antara; niba pagulingan aglis.

900. Sang nata nulya malebu; miak gubah pitung lapis; seja winger-ingerira; nulya Kentringmanik prapti; kenyapuri bendunira; sumbar hén sri narapati.

901. Sang nata aja malayu; mara béla kenang mati; sang nata saenggenira; mongsa wedi milu mati; putrengong Guru Gantangan; mongsa oléh dén lironi.

902. Kentringmanik langkung bendu; kapanggih sang Rajamantri; angucap asru sang retna; Rajamantri takon aglis; para garwa cekelana; bicarané Kentringmanik.

903. Jami tenggéngéna iku; agé cekelena aglis; para garwa gupuh nyandak; sarya sami angebruki; nanging botena kacandak; tan wonten kang miatani.

904. Sing anyandak padha lebur; sinepakan tinampiling; sing aparek jiniwitan; ingkang tebih ginutuki; sang malempat dipun udag; yén kasusul dén ideki.

905. Rajamantri nulya mburu; gupuh remané den cangking; dén jambak gogombakira; mastakané dén tetepi; kongsab wadhana ing lemah; lah budhia Kentringmanik.

906. Ilah-ilah temeniku; rungokena Kentringmanik; dhuré wong wadon candhala; ambacokak sira iki; candhala marang sang nata; bok teka andorakani.

907. Kandheg Kentringmanik ngamuk; bramatya méh dén rerepi; raos luput tindakira; ing pangudh asmaraneki; raka ratu praméswara; sampun jambak rema iki.

908. Raka Mas sampun ajenggut; pedhes rema kula iki; wadhana kongsebing lemah; sumaur Dén Rajamantri; mongsa sun dhak uculena; markukung bagéna mati.

909. Kentringmanik nulya matur; dhateng raka Rajamantri; raka kula sung pratobat; batin moal déhi-déhi; sampun kaula kelingan; Rajamantri anguculi.

910. Kentringmanik sampun ucul; ragi malengeking ati; kalangkung ing lalinira; dadi raos wirang isin; sampuna boten anduka; lajeng saking kenyapuri.

911. Enggal medal jawi sampun; Cilamajang den jujugi; sampun prapta Sindangbarang; jog ayunan rakanéki; raka agé angamuka; dén lebura sanagari.

912. Nulya angling sang Murugul; lah ling apa Kentringmanik; sundurung teges miarsi; apa abanira iki; rarasan kaya wong gundam; rarasang tikang gumanti.

RINGKASAN CERITERA

Pupuh I

Diceriterakan sebuah pulau yang masih belum ada penghuninya bernama Nusa Ara-ara. Kemudian seorang raja yang beristerikan puteri Mesir membawa rakyat Mesir 1000 orang, dan Selan 1000 orang ke Nusa Ara-ara. Mereka membawa tanaman jawawut, sehingga Nusa Ara-ara berubah nama menjadi Pulau Jawa.

Mereka mendirikan kerajaan di Medang Kamulan. Rakyatnya bertambah menjadi 10.000 orang. Kerajaan itu berpindah-pindah. Dari Medang Kamulan pindah ke Gunung Kidul, lalu ke Ngandong Ijo, kemudian ke Lodaya, pindah lagi ke Roban, lalu ke Lombok dan terakhir ke Medang Agung yang dikenal dengan nama kerajaan Galuh di Bojong Galuh.

Raja yang pertama telah lama wafat. Penduduknya bertambah lagi menjadi 18.000 orang. Di Galuh timbul wabah. Banyak penduduk mati. Raja menyuruh patihnya mencari obat atau pendeta sakti. Patih tiba di dusun Cibungur yang ternyata tidak terkena wabah. Dari seorang penyumpit patih mendapat keterangan, bahwa dusun itu selamat berkat pertolongan seorang petapa. Patih menyuruh penyumpit mengundang petapa itu datang di ibukota.

Pupuh II

Petapa datang di keraton. Karena ia merasa sakit hati terhadap raja yang baru mau memanggilnya ketika kesaktiannya di-

perlukan, petapa itu menolak permintaan raja untuk menghilangkan wabah. Ia pergi tanpa pamit dan kembali ke pertapaannya.

Patih diperintahkan raja menyusul petapa dan membunuhnya. Patih tidak berhasil membunuh petapa itu.

Pupuh III

Atas kemauan petapa itu sendiri, akhirnya patih berhasil mematikannya. Pertapaan itu dirobohkan dan kucing kesayangan petapa juga dibunuh. Darah petapa itu berubah menjadi air dan mengalir menjadi Cilawukung.

Dari penyumpit kemudian raja mengetahui,bahwa sesungguhnya petapa itu sangat baik hati dan telah memberi tahu kepada penyumpit akan kedatangan wabah yang hebat. Penyumpit diberi sepah oleh petapa yang harus disemburkan di sekitar dusun Cibungur. Ternyata dusun itu selamat tidak tertimpa wabah. Mendengar penuturan penyumpit, raja menyesal. Kemudian ia masuk ke pedaleman dan tidur bersama isterinya.

Sembilan bulan kemudian, raja berada di peranginan belakang bersama isterinya yang sedang mengandung. Raja mengantuk dan bermimpi. Dalam mimpinya itu ia melihat bahwa di dalam kandungan isterinya ada wajah petapa yang telah dibunuh atas perintahnya. Petapa itu berkata, bahwa ia akan membalas perbuatan raja.

Raja kemudian memanggil puteranya yang bernama Tanurang Aria Banga. Ia diserahi negara dan pemerintahan. Raja akan men-

jadi bagawan dan hanya akan menguasai pandai besi yang berjumlah 800 orang (pandai domas).

Pupuh IV

Ketika isteri raja melahirkan, raja segera meminta kepada selir agar bayinya dibawa ke hadapannya. Bayi yang gemilang dan cantik itu disuapi racun dan bisa. Akan tetapi ternyata tidak apa-apa. Kemudian patih diperintahkan membuang bayi itu ke Citanduy. Bayi dimasukkan ke dalam kandaga (kotak) emas.

Diceriterakan Aki dan Nini Balangantrang. Balangantrang bermimpi kejatuhan bintang. Keesokan harinya ketika ia mengangkat perangkap ikannya (bubu) ia menemukan kandaga berisi bayi terperangkap di dalamnya.

Bayi dibawa pula dan diserahkan kepada isterinya Ketika dicoba disusui ternyata air susu keluar dari tetek nenek Balangantrang. Setelah besar, anak pungutnya itu menanyakan ibu-bapaknya dan memaksa agar ia diantarkan kepada mereka. Kakek dan Nenek Balangantrang sepakat akan menyerahkan anak pungutnya kepada Ki Ajali, saudaranya yang menjadi lurah pandai domas.

Pupuh V

Anak pungut Balangantrang yang diberi nama Raden Jaka diantarkan ke ibu kota. Di perjalanan ia melihat burung ciung dan kera. Ketika ia menanyakan nama kedua jenis binatang itu, ia merasa senang dengan nama keduanya. Lalu diambilnyalah kedua nama binatang itu untuk dijadikan namanya, yaitu Ciung Wanara.

Setiba di kota ia diserahkan kepada Ki Ajali yang sangat tertarik dan senang terhadap Ciung Wanara.

Pupuh VI

Di tempat kerja ayah pungutnya yang baru, Ciung Wanara secara diam-diam menyelesaikan pembuatan senjata yang dilakukan hanya dengan jari dan ludah saja. Hasilnya sangat menakjubkan dan mengherankan ayah pungutnya.

Ia makin dimanjakan. Ternyata pula ia dapat menangkap gajah kepunyaan raja. Kepada ibu angkatnya ia bertanya tentang raja. Oleh ibu angkatnya dianjurkan agar ikut dengan ayahnya bila ia pergi menghadap raja.

Pupuh VII

Pada suatu hari Ki Ajali pergi menghadap raja. Ciung Wanara dibawa, tetapi tidak diajaknya ke peseban, melainkan disuruh main-main dekat sitinggil. Ketika melihat gamelan, Ciung Wanara tidak dapat menahan hatinya. Gamelan ditabuhnya dan gongnya dipukul bertalu-talu.

Gulang-gulang mencegahnya. Tetapi ia terus memukul gamelan. Ketika akan ditangkap, ternyata anak itu cukup tangguh, sehingga gulang-gulang pergi memberitahukannya kepada raja.

Pupuh VIII

Raja menyuruh agar anak itu diundang ke peseban. Ketika raja melihat anak tersebut, raja merasa tertarik dan bertanya anak siapa dia. Lurah pandai menjawab sambil ketakutan, bahwa dia adalah anak angkatnya. Raja mengambil cermin dan waktu berkaca sadarlah baginda, bahwa anak yang di hadapannya adalah puteranya yang dahulu dibuang.

Ciung Wanara lalu diminta kepada Lurah pandai dan kepada Aria Bangsa diberitahukan, bahwa anak itu adalah adiknya. Ciung Wanara meminta bagian kepada ayahandanya. Akan tetapi karena sudah semua diserahkan kepada Aria Banga, Ciung Wanara hanya diberi warisan pandai domas. Ia menerimanya lalu menyuruh para pandai membuat sebuah penjara besi yang menyerupai tempat tidur indah.

Setelah selesai diberitahukannya kepada raja dan meminta agar hasilnya ditinjau. Ketika raja melihatnya, baginda merasa senang. Lalu baginda masuk. Pintu penjara segera ditutup oleh Ciung Wanara dan dengan ludahnya pintu itu dijadikan rata dengan permukaan dinding penjara.

Ciung Wanara berkata kepada raja, bahwa itulah janji petapa dahulu ketika dalam mimpinya mengancam raja hendak membalas perbuatannya. Raja pun dengan sadar dan sabar menerimanya, karena baginda memang menyesal dan merasa bersalah menyuruh membunuh seorang petapa yang sebenarnya baik hati.

Pupuh IX

Tersebutlah Aria Banga yang diberi tahu tentang kelakuan Ciung Wanara. Ia sangat marah dan langsung menuju ke tempat penjara besi. Terjadilah pertengkaran, dan Ciung Wanara menerima tantangan Aria Banga dengan perjanjian, bahwa siapa yang menang akan menjadi raja.

Raja tua berusaha melerai kakak-adik yang akan berkelahi itu. Akan tetapi pertarungan tetap berlangsung. Keduanya sama sakti. Aria Banga didorong ke arah timur, sampai di tegal Gadung. Mereka kecapaian dan keduanya beristirahat sambil bercakap-cakap.

Aria Banga melihat buah maja. Lalu meminta Ciung Wanara agar mengambilnya untuk dimakan. Ketika dirasainya ternyata pahit. Aria Bangsa menamakan tempat itu Majapahit.

Setelah beristirahat, perkelahian dilanjutkan. Ciung Wanara didorong ke barat sampai di Gunung Sakati. Mereka kecapaian lalu beristirahat. Aria Banga melihat sejenis pohon yang tumbuh berjajar. Ketika ditanyakan kepada Ciung Wanara dijawabnya, bahwa pohon itu pohon pakis (paku). Aria Banga tertarik, sehingga Ciung Wanara menamakan tempat itu Pakuan Pajajaran.

Perkelahian dilanjutkan lagi. Banga didorong ke timur. Tibalah mereka di sebuah sungai yang bernama Kali Cintamanis. Mereka berhenti berkelahi karena kehabisan tenaga. Lalu minum. Keduanya mereka menjadi sadar akan kekeliruan yang mereka kerjakan dan teringat akan nasihat ayah mereka, bahwa berperang dengan saudara sendiri itu *pamali*. Aria Banga meminta persetujuan dari adiknya, agar sungai tersebut diganti namanya menjadi Cipamali.

Pupuh X

Aria Banga dan Ciung Wanara berunding. Mereka membagi daerah menjadi dua kerajaan baru. Aria Banga bertahta di Majapahit. Ciung Wanara akan mendirikan negara Pakuan Pajajaran. Batas kedua negara itu ialah Kali Pamali, yang disebut juga Kali Brebes.

Selesai berunding keduanya sepakat akan menyampaikan hasratnya kepada ayahnya. Raja menyetujui maksud kedua puteranya. Ketika diminta keluar penjara oleh Ciung Wanara, raja menolak, karena tibalah saat baginda kembali kepada tempat asalnya.

Pupuh XI – XII

Penjara melayang ke langit dan sukma sang raja dijemput oleh para bidadari masuk kahiangan. Penjara besi turun kembali ke bumi dan jatuh di hutan yang kemudian dinamakan Kandang Wesi.

Setelah mereka mengurus mayat ayahanda mereka, kemudian mereka mendirikan candi. Isi negara Galuh dibagi dua. Kemudian mereka berpisah. Aria Banga ke timur, Ciung Wanara ke barat. Masing-masing mendirikan negara baru di Majapahit dan Pakuan Pajajaran.

Ciung Wanara lama bertahta di Pakuan Pajajaran. Lalu digantikan oleh puteranya, Prabu Lutung Kasarung. Kemudian diganti lagi oleh Prabu Lingga Hiang. Prabu Lingga Hiang digantikan Prabu Linggawesi. Kemudian Prabu Linggawesi diganti oleh Prabu Munding Kawati. Dan Prabu Munding Kawati diganti oleh puteranya Prabu Anggalarang.

Pupuh XIII

Prabu Anggalarang diganti oleh puteranya, yaitu Prabu Siliwangi. Raja Agung ini mempunyai isteri sebanyak 151 orang, putera 75 orang dan kakak ipar sebanyak 13 orang.

Pupuh XIV

Prabu Siliwangi dalam tidurnya mimpi berjumpa dengan puteri Tanjung Malaya yang bernama Ratna Inten. Karena kecantikannya yang tidak ada taranya, baginda jadi tergila-gila setelah baginda bangun. Lalu baginda memerintahkan mengadakan seba.

Pupuh XV

Para pembesar Pajajaran ditanya oleh baginda tentang kebenaran mimpinya, tetapi tidak seorang pun, termasuk Kian Santang yang menjadi patih penasihat, mengetahui akan tempat dan rupa Ratna Inten.

Juga para putera raja tidak ada yang sanggup mencarinya, walaupun dijanjikan akan diangkat menjadi patih dan diberi sebagian wilayah negara.

Pupuh XVI

Prabu Siliwangi teringat akan puteranya yang masih kecil yang bernama Guru Gantangan. Ia adalah putera Kentringmanik Mayang 'Sunda dan suan (keponakan) seorang yang gagah per-

kasa bernama sang Surabima Murugul Mantri Agung Panji Wirajaya, penguasa Sindang Barang.

Guru Gantangan, walaupun masih kecil menyanggupi perintah ayahnya. Ia pergi mencari Ratna Inten diiringkan ketiga pengasuhnya yang bernama Perwakalih, Gelap Nyawang dan Kidang Pananjung. Sebagai teman, Prabu Siliwangi menugaskan Bagawat Bramanasakti, orang sebrang, bersama suannya Lembujaya pergi bersama-sama.

Pupuh XVII – XVIII

Bramanasakti sebenarnya segan-segan. Ia tidak senang akan perintah itu. Ia berjalan semaunya, bahkan mencoba mencelakakan Guru Gantangan dengan memberikan keterangan palsu. Dikatakannya bahwa Ratna Inten ada di dasar bumi. Jalan ke sana harus melalui pusaran besar di tengah laut.

Guru Gantangan percaya. Ia bersama ketiga pengasuhnya pergi ke pusaran besar di tengah laut. Kapalnya terisap pusaran dan masuk ke dasar bumi. Dia tiba di keraton Batara Negaraja. Sang Nurgaha ini mempunyai seorang puteri bernama Batari Payung Kancana.

Pupuh XIX – XX

Guru Gantangan menghadap Nagaraja dan diberi tahu akan kejahatan Bramanasakti. Kemudian ia diberi tanda dengan disunat (hitan) dan diramalkannya akan menjadi raja besar. Sang Batara mengaruniakan cupu manik yang berisi tepung emas.

Guru Gantangan dikawinkan dengan Payung Kancana, akan tetapi dengan perjanjian, bahwa jodoh mereka akan terlaksana di akhirat.

Pupuh XXI

